

R E V

REVOLISYON FINANSYE PAW

POUVWA REPO A

O L L I

GARY KEESEE

S Y O N

R E V

REVOLISYON FINANSYE PAW

POUVWA REPO A

O L L I

GARY KEESEE

S Y O N

Your Financial Revolution
The Power of Rest. Haitian Creole. By Gary Keesee

Originally printed In English
ISBN: 978-1-945930-03-4

Faith Life Now
P.O. Box 779
New Albany, OH 43054
LIFE

You can reach Faith Life Now Ministries on the Internet at
FaithLifeNow.com.

Revolisyon Finansye Paw
Pouvwa Repo a, ke Gary Keesee ekri

Vèsyon Orijinal la enprime an Anglè
ISBN: 978-1-945930-03-4

Viv Lafwa Kounye a
Faith Life Now
P.O. Box 779
New Albany, OH 43054
LIFE

Ou kapab kontakte Ministè Viv Lafwa Kounye a sou entènèt nan
FaithLifeNow.com.

Mwen vle dedye liv sa a bay madanm mwen, Drenda, paske se gras ak ankourajman li yo, pasyon li pou bagay Bondye yo, avèk lanmou li pou fanmi an ak pou mwen menm ki te enspirem pandan tout ane sa yo. Ansanm, nou montre aklè ke rèv yo kapab vini yon reyalitye tout bon vre vre!

Gary Keesee

TABLO KONTNI YO

ENTWODIKSYON	9
CHAPIT 1: Repo - Prensip Fondamantal yo	13
CHAPIT 2: Dwa Legal Yo	25
CHAPIT 3: Wayòm nan se Repons Ou An	39
CHAPIT 4: Mwen Jwenn yon kle Enpòtan Wayòm nan!	55
CHAPIT 5: Vole Pi Bon Ke Mache	67
CHAPIT 6: Gen plis Toujou nan Lavi ke jis Peye Bòdwo yo!	83
CHAPIT 7: Sa Enposib!	93
CHAPIT 8: Doub Pòsyon an	103
CHAPIT 9: Plis pase Ase!	115
CHAPIT 10: Mistè Doub Pòsyon an	133

ENTWODIKSYON

Jou nou te kite kay kanpay sa se te yon jou amè. Nou tap viv nan ti kay kanpay sa kite fin ansyen nèt pandan prèske 9 lane, kounye a, mwen tap pote dènye bwat katon nou yo mete nan machin nan. Mwen ta prale nan nouvo kay nou an ke nou te bati pou kont nou, yon kay ki sou 7,700 mètr kare nan stil Jòjyen, kite chita sou 55 kawo bèl tè agrikòl nan Ohio, avèk 20 kawo rakbwa epi marekaj. Se te yon rèv ki te difisil poun ta imajine kèk ane anvan sa.

Malgre nou tap kite kay kanpay sa, mwen te toujou renmen ansyen kay sa. Wi, menm si fenèt yo te krase, chaje ak pousyè tè, avèk myèl sa yo ki tap plede atake nou san rete ke nou tap andire pandan nou tap viv nan kay sa. Alòs, anpil souvni te vin ap pase nan tèt nou. 2 nan 5 pitit mwen yo se nan kay sa menm ke yo te fèt nan chanm lafanmi an.

Nou te pase anpil bon moman kote sa men anpil fwa tou se te nan estrès finansye epi dezespwa. Te gen anpil bagay nou te dwe aprann. Malgre sa kapab difisil pouw imajine kounye a, lè nou te deplase kite ansyen kay kanpay sa 9 ane anvan sa, se avèk anpil difikilte poun te peye \$300 lwaye chak mwa. Toulede machin nou yo te ansyen anpil, ak plis pase plizyè santèn milye kolimèt sou yo, epi yo te toujou gen dèt sou yo. Nan epòk sa, ta sanble nou te dwe tout moun lajan. Nou te depase limit kredi nou yo epi yo te anile kat kredi yo; 2 prè finansman pou konpayi; ebyen wi, ni peyman pou 2 machin nou yo; dèt IRS; plizyè dizèn milye dola nou te dwe fanmi nou yo; lis lan tap kontinye toujou. Nou tap viv yon lavi kote se sivi nou tap sivi onivo finansye, nou te konn plane pifò bagay nou te posede pafwa jis poun te ka achte pwovizyon. Tout sa nou te posede yo te fin ansyen epi bagay kraze nou te achte yo te ansyen anpil tou poun kòmanse.

Sitiyasyon finansye tèt chaje nou an nan epòk la te gon ti espwa tou piti pou yon demen miyò. Avèk senserite, mwen pat wè twòp espwa ke bagay yo ta ka chanje. Mwen

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Repo a

renmen fanmi mwen, mwen te gen yon bèl madanm, men mwen tap trennen yo nan yon lanfè finansye!

Mwen te sou tretman depresyon, mwen tap goumen avèk atak kriz panik, laperèz te anvayi lavi mwen chak jou. An nou jis di, mwen pat moun ke ou te sipoze genyen nan antouraj ou. Mwen tap vann asirans pou pandanw vivan, se sou komisyon mwen te konn touche, epi mwen patap ale okenn kote byen rapid, eksepte pi lwen nan yon gwo twou san fon onivo finansye. Tou dousman, nou tap antre pi fon toujou nan dèt jiskaske pat gen ankenn opsyon dèt ankò. Se te nan pwen sa mwen te fon fè aksidan emosyonèl. Panik ak laperèz te anvayi tout lesprim. Mwen te menm gen perèz poum te soti anndan lakay mwen, sa ki pat yon bon konpòtman pou lavant komisyon an mwen yo.

Madanm mwen te panse li ta pral pèdi mari li, laperèz poul leve 4 timoun nou te genyen ansanm yo nan epòk sa pou kont li tap toumantel. Men, li se yon gwo kwèayan nan pouvwa lapriyè epi li pat janm abandone mwen. Ansanm, nou te lapriyè epi apre sa nou te kòmanse dekouvri prensip Wayòm Bondye a. Pandan nou te kòmanse ap chèche Bondye poun jwenn repons ak prensip Li yo, lespwa te kòmanse monte nan kè nou lè nou tap gade mirak youn apre lòt kap rive lè nou te aplike sa Bondye te montre nou yo.

Moman desiziv la te rive yon jou aswè kote Bondye te montre mwen ke mwen te sou wout poum kòmanse pwòp konpayi pam nan domèn finansye ak ede lòt moun soti anba dèt epi anseye moun sa yo prensip li tap montrem yo. Nan epòk sa, kòmanse yon konpayi pou montre moun kouman yo skapab oti anba dèt te parèt etranj pou mwen paske nou menm nou te toujou gen anpil dèt sou tèt nou. Nou te lapriyè sou sa, men Senyè a te di nou pandan nap kòmanse anseye prensip li yo, nou menm tou nap jwenn libète pa nou. Kòmanse konpayi an se te yon fason poun te mache nan lafwa paske nou pat gen okenn sou kijan poun te fè sa, men nou te pèsevere nan chimen sa. Konpayi an te grandi, epi lajan li te pote bay fanmi an te retire nou konplètman anba dèt nan 2 lane edmi sèlman. Mwen pral pale pi plis toujou sou konpayi nou an nan pwochen chapit la, men pou kounye a, jis konnen ke lavi nou te chanje konplètman! Pa gen okenn fason mwen ka eksplike kijan nou te santi nou libere, kijan nou te santi nou lè nou antre nan yon kote yo vann machin epi peye nouvo machin sa ak lajan kach. Kijan nou te santi nou lè nou tap desine, bati, epi peye nouvo kay nou an. Sa nou t ap jwi a te depase nenpòt bagay nou te kapab imajine.

Wi, Kay kanpay la te kenbe kèk souvni. Pandan mwen tal pran dènye bwat katon ki nan kay kanpay la, mwen te pase bò kote madanm mwen pandanl te kanpe nan ti sal pou

moun manje a. Ak dlo nan zye li leve zyel gadem. Dlo sa yo se pat dlo tristè ke yo te ye; men pito se te dlo lajwa ak dlo emosyon, pandan li tap sonje tout leson sa yo Bondye te anseye nou nan kay sa. Mwen te goumen pou dlo pat koule nan zye mwen tou pandanm tap gade pou yon dènye fwa chanm yo, mwen tap sonje avèk anpil emosyon melanje tout bagay ki te fèt kay sa. Nou tap fèmen yon chapit nan lavi nou epi nou tap antre nan yon nouvo teritwa. Kisa ki te vin devan nou kounye a? Vwayaj sa te rale nou soti nan depresyon, san okenn espwa, nan yon fiti ki plen avèk espwa. Pandan mwen te ale deyò ak dènye bwat katon an, mwen te kanpe epi mwen tap gade kay lan ak yon souri. "Non, mwen pa pral sonjew. Mwen gen yon pi bon kote kounye a."

**PANDAN NOU TE
KOMANSE AP CHECHE
BONDYE POU REpons
AK PRENSIP LI YO,
LESPWA TE KOMANSE
MONTE NAN KE NOU LE
NOU TAP GADE MIRAK
YOUN APRE LOT KAP
RIVE LE NOU TE APLIKE
SA BONDYE TE
MONTRE NOU YO**

Se te yon bagay eksitan pou mwen te anmenaje nan nouvo kay nou an, mpap baw manti. Men, pi bon bagay ki soti nan vwayaj nou an se paske alafen te vin gen repo! Mwen te kapab ap panse sou avni mwen kounya men se pat sèlman poum peye bòdwo yo. Pandan plizyè ane, viv anba repo Li se te yon rèv absoli! Gen posiblite pou machin nou yo peye se repo. Libere anba dèt se repo. Gen kay kem te reve genyen an sou 55 kawo tè san ankenn dèt se repo. Wè madanm mwen kap souri lè li ale nan makèt sanl pa bezwen enkyete pou lajan se repo. Anplis de sa, gen tout sa nou bezwen, gen ase lajan pou nou kapab bay lòt moun plizyè santèn milye dola ak sipòte Levanjil la se repo. presyon Men, pi gwo chanjman kite fèt nan lavi mwen an se reveye chak jou san ankenn

**BAGAY SA DRENDA
AK MWEN TE
DEKOUVRI AN
DISPONIB POU OU
MENM TOU MENM JAN
SA TE YE POU NOU AN.**

ak laperèz sa yo kite konn antoure lavim pandan ane anvan yo. Lèw kapab reve yon lòt fwa ankò bon bagay yo olye pouw jis ap reve kòman pouw siviv yon lòt semèn anplis se repo.

Wi, jou mwen tap mete dènye bwat katon yo nan kamyonèt la pou mwen

te anmenaje nan nouvo kay nou an te anmè anpil. Men, fèm konfyans, dousè repo Drenda ak mwen te dekouvri a te tèlman anvayi panse anmè yo pou nou te kite souvni

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Repo a

sa yo dèyè, nou te santi nou tankou 2 ti timoun ki te gen laj lekòl ankò, kap ri epi kap reve ansanm.

Mwen konnen ak kisa wap panse. Wap di tèt ou, Mwen swete mwen te gen bagay sa. Mwen swete mwen te kapab gen eksperyans sa tou epi ri, reve, ak rive kapab konsantrew sou lòt bagay ke jis peye bòdwo yo. Malgre sa ka petèt parèt difisil pouw kwè nan nivo sa nan liv la, map diw sa aklè bagay sa Drenda ak mwen dekouvri an disponib pou ou tou menm jan li te disponib pou nou. Priyè mwen se pandan nap pataje istwa nou an, wap jwenn ase ankourajman pouw aplike lwa ak prensip Bondye yo nan lavi paw tou.

Li vrèman pa tout difisil sa; ou senpleman bezwen dekouvri pouvwa repo a!

Vin jwenn mwen, nou tout ki bouke epi fatige, epi Map ba nou repo. Antre anba jouk mwen an epi aprann nan men mwen, paske Mwen dou epi Mwen gen imilite nan kòm, epi nap jwenn repo pou nanm nou. Paske jouk mwen an fasil e chay mwen an lejè.

— Matye 11:28-30

CHAPIT 1

REPO - PRENSIP FONDAMANTAL YO

REPO – lè yo metew oswa jwenn sipòte yon fason pouw rete nan yon pozisyon espesifik, yon moman oswa peryòd detant oswa sispann angajew nan nenpòt aktivite an ki difisil oswa kap koze estrès. (Google.)

Èske ou fatige? Èske ou akable pandan pifò jou yo epiw pa janm ka reprann ou? Èske ou bezwen lajan pou pran desizyon sou ki kote wap travay oswa kouman wap travay oswa sou konbyen tan wap travay? Èske tout bagay parèt ke ou pap janm soti anba dèt? Èske sa parèt pou ou ke wap viv pwovèb kous rat la? Siw santi se avèk ou nap pale, ou pa poukont ou.

Èskew te janm wè yon kawotyou amstè? Mwen kwè ou wè sa deja, men nan ka ou pako, li se yon kawotyou ke yo mete nan yon kaj amstè. Amstè a ka monte sou kawotyou sa epi woule, epi woule jiskaske li chire. Men, gen yon sèl pwoblèm ak kawotyou sa. Kèlkeswa vitès oswa konbyen tan amstè sa woule, lè li fin woule epi li fatige lap desann, lap toujou nan menm espas kote li te kòmanse a. Pa gen anyen kap chanje. Li ka jis siye swe ki nan ti figi chaje ak plis li an avèk yon santiman kel satisfè. Men, pat gen anyen ki rive akonpli vre nan avantaj pozisyon li ye nan lavi; li toujou rete fèmen nan yon kaj san ankenn libète. Sa son bèl rezime de anpil moun, si se pata majorite moun, ak nivo lavi finansye moun sa yo. Yo travay di pandan tout semèn epi yo santi yo plis ke fatige pandan wikenn lan, men lè Lendi maten rive sou yo, yo

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

rejwenn tèt yo nan menm kote a menm jan yo te pase semèn anvan an. Tout sa yo te pakab fè se lite pou yo kapab siviv yon lòt semèn ankò.

Sa te deskripsyon lavi mwen pandan 9 ane byen long. Mwen te gen 15 rive 18 èdtan chak jou, mwen te dilijan, epi mwen te konn travay di, men apre mwen te fin peye lajan dim mwen, bòdwo mwen yo, ak taks, pat gen anyen ki rete menm. Anjeneral, mwen pat ka achte tout sa mwen te bezwen epi tou dousman mwen te kòmanse yon abitud mande prete poum kapab siviv. Lè presyon finansye a tap ogmante, mwen te kouri ak tout fòs mwen, men pat gen ankenn rezilta. Mwen te kanpe epim tap jije pwogrè mwen yo, se bak mwen te toujou ap fè.

Abitid sa, san amnk, te mennenm nan kèk konsekans emosyonèl grav. Dekourajman ak laperèz mwen tap goumen chak jou yo te afekte lesprim ak kò fizik mwen tou dousman. Atak kriz panik, laperèz san kanpe, ak paralizi tou dousman te kòmanse anvayi kò mwen. Doktè yo pat kapab jwenn kisa ki tap mal fonksyone nan mwen. Laperèz te tèlman tap boule pansem yo, mwen pat konnen sim tap viv oswa sim ta pral mouri. Viv nan yon plàn epi prete lajan nan men fanmim yo tap kontinye pandan prèske 9 ane! Nan epòk sa, pat gen ankenn lòt bagay kite rete poum te mete nan plàn, te gen yon ti kras imaj kite nan tèt mwen. Mwen te fini. Ou tap kapab ranmase imaj tèt mwen ak yon pèl ki la pouw ranmase pousyè, pat gen ankenn kè kontan kite rete nan lavi.

Kreditè yo te fè manda kont mwen, epi se nan epòk bagay sa te rive. Dezespwa te makonnen chak grenn souf mwen pran, apèl lan te vin rive. Apèl la te rive prèske menm tankou tout lòt apèl nan maten: “Mesye Keesee, jan ou konnen déjà a, ou dwe kliyan nou yo yon kantite X lajan. Kilè ou panse wap kapab jwenn montan sa pou nou? Ok, Mesye Keesee, ou te di nan 3 dènye fwa mwen te rele ou a. Si ou pa gen lajan an pouw remèt nou nan 3 jou, kliyan mwen an pral ranpli yon pwosè pou dèt sa kont ou. Èske ou konprann mesye Keesee? 3 jou. Orevwa.”

Apèl sa frapem tankou yon gwo tòn brik. Se pa paske mwen pat déjà konnen kouman sityasyon finansye nou an te difisil. Mwen pat gen lajan. Tout sa mwen te posede te kraze. Frijidè mwen an te vid. Bèl fanmi mwen an tap dòmi atè bò chemine a pou yo te kapab chofe dife paske mpat gen lajan pou chofaj lwil oliv. Mwen pat gen okenn kote poum ale. Zannim ak fanmim te fatige peye dèt mwen. Mwen te twoule, tou dousman wen pran wout eskalye yo poum ale nan chanm nan epim te kouche sou kabann lan. Mwen kriye epi mwen tap rele nan pye Seyè a poul potem sekou.

Mwen panse ke mwen te sezi wè a vitès Senyè a te pale ansanm avèk mwen an. Se pat yon vwa ou te kapab tandè men se te yon vwa toudenkou kite soti nan lespri mwen ak fòs. Premye bagay Senyè a te di mwen se te ke nan dezòd mwen te ye an pat gen anyen pou wè ansanm avèk Li. Mwen sipoze Li te dim sa paske mwen te nan yon ti kras konfizyon sou poukisa Li gen anyen pou wè ak sa, nan fason mwen te wè bagay yo, pat vreman ede nou. Nou te ale nan yon gwo legliz, nou te jenere lè nou te kapab, epi nou te peye ladim nou pi fò nan tan. Olye de sa, Li te di rezon kite fè mwen te nan dezòd sa a se paskem pat janm aprann kòman Wayòm Li an fonksyone. Li te dim ke Wayòm Li an pa fonksyone tankou wayòm tè fonksyone parapò ak lajan, epi mwen tap oblije aprann sistèm Wayòm li an nan jere finans mwen sim ta vle vin lib.

Map sonje mwen te kouri desann eskalye yo, mwen te pran Drenda epi mwen te di li ke Senyè a fenk sot pale avèk mwen epi repons lan nou bezwen an se Wayòm Li an. Se vre, nou te yon ti kras twouble, paske nou te panse nou te konprann kisa Wayòm Li an ye. Ofinal, jan mwen te gentan di sa, nou te ale nan yon gwo legliz, nou tou 2 te renmen Bondye, epi yo te konnen nou te sou wout pou nou ale nan syèl la. Men, nan pwosesis poun chèche konnen, nou vrèman pat konnen anpil bagay sou Wayòm Li an ak fason Wayòm lan te fonksyone.

Mwen te eksite dèske Bondye te pale avèk mwen epi Li te fèm wè aklè repons— Wayòm Li an. Sa sa vle di rete poun konprann, men mwen te vin ankouraje. Reyalite a se paske mwen pat gen okenn ide kisa Bondye te vle di ak mo *wayòm* nan. Mwen te sou wout poum te konnen ke sèl grenn mo sa se vre repons ke Drenda ak mwen te anvi epi tap chèche a.

Drenda ak mwen te mete men ansanm jou sa a epi nou te priye. Premyèman, nou te repanti devan Bondye paske nou pat pran tan pou nou vrèman aprann Pawòl Li yo ak fason Wayòm Li an te fonksyone parapò ak finans. Dezyèmman, mwen te repanti bay Drenda, kòm chèf fanmi an, paskem mete nou nan dezòd sa a. Nou toulede te priye epi nou te dakò ke nou te detèmine poun aprann kijan Wayòm nan te fonksyone epi poun viv yon vi ki diferan ke sa nou tap viv la pandan 9 dènye ane sa yo.

Pi bon fason poun dekri sa kite rive apre a se gade tranzisyon yon limyè. Mache nan yon chanm ki fè nwa epi senpleman fè tranzisyon. Limyè! Ou ka wè. Se konsa, sa te ye lè Bondye te kòmanse anseye nou Wayòm Li an. Se te tankou gen yon moun ki peze bouton limen limyè a, epi nou te vin kapab wè bagay ke nou pat janm wè anvan. Nou te vin kòmanse konprann Wayòm Bondye a se yon gouvènman ki gen lwa ki pap chanje.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Repo a

Nou te reyalize ke nou te kapab aprann lwa sa yo epi pwofite pouvwa ak sajès Bondye a pou kreye richès nou te bezwen an.

Nou te tèlman eksite, men nou te toujou twouble anpil. Te gen kèk istwa trè etonan ki te fèt lè Bondye te kòmanse anseye nou kijan Wayòm Li an te fonksyone. Mwen pa pral kouvri anpil nan istwa sa yo byen bonè nan pati sa jan nou te kouvri yo nan premye liv la nan seri sa, *Revolisyon Finansye Paw: Pouvwa Fidelite a*. Wap kapab jwenn yon kopi liv sa sou garykeesee.com oswa sou Amazon.com. Wap bezwen achte tou liv mwen an, Faith Hunt, kap mennen ou tounen nan kòmansman an menm jan Bondye te kòmanse anseyem kòman poum rekòlte pwovizyon atravè lachas sèf mwen an. Men, pou fè yon istwa long kout, kitem ba ou yon egzanz nan pati sa.

Jan mwen te gentan di nou sa a, nou te gen dèt rive jouk nan zo epi nou pat gen okenn mwayen poun te soti anba dèt sa yo. Privilèj IRS, Plán, 10 kat kredi nou yo te anile, epi nou te gen 3 prè konpayi finans yo ak yon enterè 28%. Nou te dwe dantis nou an, sèvis netwayaj dray yo, paran ak zanmi nou yo. Lis lan long toujou, nou te dwe yo tout. Natirèlman, pat gen okenn espwa. Biznis lavant finansye mwen an pa tap mache byen, byen ke mwen tap travay di anpil. Men kounye a nou te vin wè Wayòm nan ki tap fè kèk bagay enkwayab (yon lòt ankò, li istwa yo ki nan 2 liv sa yo ki mansyone pi wo a), nou te vin ankouraje ke Wayòm nan se repons nou an. Nou pat gen okenn ide kòman, men nou te gen konfyans ke nou te sou bon chimen an.

You jou aswè, Bondye te fèm fè yon rèv epi Li te montrem nan rèv sa a ke mwen te dwe kite konpayi sa ke mwen te ladanl depi 9 dènye ane sa yo epi kòmanse pwòp konpayi pa mwen an—kounye a pran sa—poum ede lòt moun soti anba dèt! Mwen konnen; sa parèt fou, pa vre? Mwen vle pale, si mwen te konnen kijan poum te soti anba dèt, mwen tap gentan fè sa pi bonè nan ane anvan yo. Men, se egzakteman sa Li te fè. Mwen te yon ti kras choke kounya. Mwen pat gen okenn ide sou kòman poum te kòmanse pwòp konpayi pa mwen an oswa kisa kite sa tap mande poum fè sa. Men, yon konpayi ki pou ede lòt moun soti anba dèt? Ey, mwen te toujou bezwen yon moun ki pou te dim kijan mwen te kapab fè sa!

Pandan mwen te kòmanse priye sou sa, mwen te fè yon eksperyans ak Sentespri a kite chanje—lavim parapò ak kijan sa te kapab jis rive. Sa te rive gras ak apèl youn kliyan mwen yo nan biznis asirans mwen an. O, mwen tap bliye di ou ke mwen te nan endistri sèvis finansye ak vann sekirite asirans pandan tout bagay sa yo te rive a. Mwen konnen, sityasyonm lan parèt tankou plonbye sa kap mache jere wobinèt tout lòt moun

kap koule men li neglije pran swen pwòp pwoblèm pal. Byenke mwen tap echwe lantman nan pozisyon sèvis finansye mwen an, eksperyans mwen te genyen yo ak konesans jeneral mwen nan domèn sa a pandan 9 ane anvan yo kounye a te vin enpòtan anpil pou sa Bondye ta pral montrem yo.

Pandanm te chita avèk kliyan an ak madanm li bò tab kwizin yo an, nou te lanse nou nan prezantasyon abityèl yo, sa kite mennen nou nan yon rezime sou ki kote yo ye onivo finansye nan poze plizyè kesyon epi ranpli sa nou te rele yon fèy done. Done sa yo te itilize prensipalman pou detèmine konbyen lajan asirans vi yo ta dwe genyen. Pandan nou tap pase nan lis dèt yo, yo tou 2 te fache epi madanm nan te kòmanse kriye pandan yo te dekri jan yo toulede te santi ke yo san zespwa. Yo toulede tap travay aplen-tan epi yo te toujou ak manke lajan chak mwa.

Kounye a, aprem te fin viv nan sityasyon sa pandan 9 ane, epi avèk Bondye kite kòmanse anseye Drenda ansanm avèk mwen konsènan Wayòm nan, ou kapab imajine kijan mwen te santim pou yo. Menm jan ak Drenda epi mwen menm, yo se kretyen men yo pat konnen kijan Wayòm nan te fonksyone. Nan epòk la, mwen vreman pat kapab eksplike anpil bagay sou Wayòm nan eksepte kèk nan premye bagay sa yo ke Bondye te deja montre nou, ke mwen te pataje ansanm ak yo, epi, wi se vre, mwen te pataje kèk nan istwa etonan nou te wè ki rive nan pwòp sityasyon pa nou an.

Li parèt aklè, mwen kapab diw ke asirans vi a se pat pi gwo pwoblèm yo. Mwen te pase yon ti tan poum eksplike yo kisa sa Bondye tap anseyem konsènan Wayòm nan, men mwen te anvi jwenn yon bagay ke mwen te kapab fè poum ofri yon repons finansye reyèl konsènan sityasyon yo a.

Nan biwo a nan lannwit sa a, pandanm tap boukle jounenm epi klase pil dosye mwen yo nòmal ak reponn mesaj sa yo ke mwen te dwe reponn, toudenkou mwen te vin gen yon panse ki monte nan tèt mwen. Kisa ki ka pase si mwen ta sispann gade pwoblèm asirans vi sa epi pran tan poum byen gade tout mwayen finansye yo? Èske te gen yon mwen te kapab fè? E si mwen te kòmanse chèche lajan? Kisa mwen vle di, lèm di si mwen te kapab jwenn yon fason bon mache poum fè yon bagay ke yo te deja ap fè? Objektif mwen tap senp, jwenn kèk pi bon fason bon mache pou fè bagay yo te gentan ap fè deja epi aplike nenpòt lajan mwen jwenn nan trezò yo pou fè lajan mache epi dèt. Li te sonnen tankou yon pwopozisyon ki senp, men mwen reyèlman pat konnen anpil bagay sou okenn lòt domèn finansyè andeyò asirans vi. Epi, kite mwen diw ke sa se te

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Repo a

anvan epòk entènèt la. Tout rechèch mwen tap bezwen fè yo ta dwe fèt nan ansyen-fason ki pa alamòd—nan telefòn ak nan paj jòn yo.

Mwen te travay sou sa pandan tout semèn nan paske mwen te planifye poum te rankontre kliyan sa yo ankò nan semèn ki tap vini an. Mwen te sezi wè ki kantite lajan mwen te kapab jwenn nan espas yon mwa lèm te pran tan poum byen gade andetay nan chak ti zòn finansye yo. Avan menm mwen te fini, kantite lajan an te moute jiska plizyè santèn dola chak mwa. Avèk kalkil finansye mwen yo, mwen te ajoute tout dèt yo epi mwen te aplike lajan sa ke mwen jwenn lan sou pèman mansyèl nòmal yo. Lè mwen peze bouton kalkil la, mwen jis rete kole nan gade repons ki sou ekran an—6.2 chak ane. Repons 6.2 chak ane a se tan total li tap pran kliyan mwen an pou peye tout dèt li, ki gen ladan ipotèk lakay li an, san yo pa chanje kòb yap touche. Wi, saw li an se sa, sanw pa chanje kòb yap touche chak mansyèl. Mwen te choke epi mwen tap di tèt mwen kem te fè yon erè, alòs mwen te fè plizyè lòt fwa ankò matematik la jiskaske mwen te konvenki ke mwen te gen bon repons lan. Èske sam wè a se sa? Poukisa pyès moun pat konnen sa?

Mwen rale byen vit dosye kèk lòt kliyan mwen te genyen tou pre mwen an epi mwen te eskane rapid menm jan an epi mwen te jwenn menm rezilta yo. Chak grenn nan yo te kapab soti anba dèt nan 5 a 7 ane, menm ipotèk sou kay yo, san yo pa chanje kantite kòb mansyèl yap touche. Kounye a li te komanse ta nan biwo a pandanm tap fin fè kalkil yo, men pandan mwen prale lakay mwen, mwen te eksite. Si rezilta sa yo ke mwen te jwenn nan te reyèl, men tout kalkil mwen yo te pwouve ke se te sa, bagay sa, se te yon gwo bagay.

Mwen te kirye sou kijan kliyan mwen an tap reponn ak kalite enfòmasyon sa. Pou randevou sa ki te gen pou vini an, mwen te deside ekri nimewo sa yo nan yon fèy pou yon senp prezantasyon. Objektif mwen se te poum jis ba yo espwa. Pat gen anyen nan sa pou mwen, paske mwen te konnen ke pat gen posiblite poum vann asirans vi sa. Men, mwen te konnen tou ke yo tap vle tande sa mwen te jwenn kòm rezilta. Semèn kite vin apre a, mwen te revize kalkil mwen yo yon lòt ankò epi mwen te sèten pat gen ankenn erè.

Pandanm tap frape nan pòt la, mwen te santim strese parapò ak reyinyon nou an. Mwen te chita bò tab kwizin yo a, mwen te di yo sam te fè tout semèn lan ak diferan chich yo. Mwen te pran pasyans poum gade ansanm avèk yo tout ti detay nan chich mwen te ekri yo, mwen te eksplike yo kijan mwen te rive libere lajan kach sa, ansanm

ak non nenpòt konpayi epi chich sa yo kem te bezwen pou sa montre yo sam te vle a. Mwen te kapab di ke yo te vin eksite akòz lajan kach la kite kontinye ap monte. Men, lè mwen te rive nan konklizyon an poum di yo ke yo tap rive soti anba dèt konplètman nan 6.2 ane yo, menm ipotèk kay yo an tou ladanl, sou menm kantite kòb yap touche kounyea, yo toulede te kòmanse kriye, fwa sa se te ak kè kontan. Yo te chita la ak dlo nan zye yo kap koule nan figi yo, yo te kontinye ap di kijan yo te choke parapò ak rezilta yo. Yo te vole epi yo te bam yon akolad, nou te pase yon bon moman ap selebre jou lannwit sa a.

An nou onèt: Èske panse IRS pral diw kijan pouw peye mwens taks? Èskew panse Bankye a pral diw kijan pouw evite peye enterè? Non, tout sistèm nan fèt pou pran lajan nan men ou, se pa pou pwoteje lajan an. Mwen te konnen ke bagay sa mwen te dekouvri a mwen te dwe anseye chak grenn fanmi nan Amerik! Jou lannwit sa a te gen yon enpak dramatik sou mwen, epi mwen te vle fè menm bagay la pou chak grenn kliyan mwen te rankontre.

Alòs, avèk enfòmasyon sa yo epi konfimasyon rèv sa Bondye te ban mwen an, Drenda ansanm ak mwen te kite konpayi asirans vi mwen tap travay lan epi kòmanse pwòp konpayi pa nou an, jis fè menm bagay sa mwen te fè pou kliyan sa. Nan premye ane sa yo, nou te rele konpayi nou an, "Faith-Full Family Finances." (Lafwa-Konplè Finanse Fanmi yo). Non an te di aklè kisa nou tap fè—siw te konprann Wayòm nan ak lafwa, finans ou tap ranpli. Mwen dakò se pat yon trò bon non pou yon konpayi—eseye di sa plis ke dis fwa nan yon ranje—men sa te mache. Apre sa, nou te vin chanje non an antanke Forward Financial Group, se menm non sa ki la jodya epi lap avanse pi fò toujou.

Poum rete onèt, pèsònèlman, finans pa nou yo potko menm ranpli. Nou te toujou gen anpil dèt pou nou peye, men nou te konnen nou tap jwenn mwayen poun avanse. Kòm nou tap kòmanse nouvo konpayi nou an, nou te eksite epi yon ti jan strese tou an menm tan. Nou te gen anpil bagay pou nou aprann sou mete kanpe ak fè konpayi an mache, men pi gwo obstak nou te rankontre a se kòman poun fè nenpòt ti lajan fèl fonksyone. Defi pa nou an se paske nou te santi nou pat kapab, epi nou pat vle fè moun peye nou lajan pou nou ede yo soti anba dèt. Bagay sa te yon gwo obstak ke nou te pase anpil tan nan lapriyè sou sa ak esye jwenn kèk lòt opsyon. San nou pa antre nan twòp detay, Seyè a te montre nou yon gwo estrateji pouw mete kanpe yon konpayi ak jerel poul fè lajan san yo pa mande kliyan an peye yon frè.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

Pwochen etap la, nou te oblije jwenn yon fason poun akselere pwosesis long kalkil yo mwen tap fè ak done kliyan mwen yo. Mwen te konnen ke mwen ta dwe ekri yon pwogram sou òdinatè poum te ka fè sa nou konn fè yo, men mwen pat konnen anyen nan pwograme yon òdinatè oswa kijan poum ta jwenn yon moun ki gen kapetans sa. Yon lòt fwa ankò, Bondye te fè kèk travay kem pat espere. Mwen te resevwa yon apèl telefonik nan men yon moun ki byen lwen ak kote kay nou te ye a, kite tandè pale de nou. Li te vle wè kisa nou tap fè, kòm yon kliyan. Li te renmen sa nou tap fè a, epi pandan nap pale, mwen te vin dekouvri ke se te yon pwogramè òdinatè epi li te gen pwòp konpayi pal li tap jere sou-kote. Mwen te pale avèl sou bezwen sa nou genyen yo, epi li te di avèk anpil kè kontan li te vle ede nou nan sa nou tap fè a. Mwen te dil ke nou te fenk kòmanse konpayi nou an ep nou poko gen ase lajan pou peyel pou sèvis lap ofri nou an, menmsi li ta fè yon gwo rabè pou nou. Li te toujou vle fè travay la epi li te di mwen kem kapab peyel nenpòt lè nou ta vin gen ase lajan. Alòs, se sa nou te fè.

Moun yo te renmen biznis nou an. Epiou, poukisa pou yo pat renmen? Li te gratis, epi moun yo te renmen lide jwenn ti lajan anplis la ak soti anba dèt. Biznis lan te dekolè nan yon fason wowoloy, epi nou te kapab rive libere anba dèt nan sèlman 2 lane edmi. Nan yon ti kras tan nou te vin gen plis pase 300 reprezantan ki pataje plan nou yo toupatou nan peyi a. Anplis ke nou te vin kapab peye ak lajan kach machin nou yo, nou te kontinye bati ak peye pou kay nou te reve genyen an. Konpayi nou an te grandi, li te pèmèt nou bay plizyè santèn milye dola pou sipòte Levanjil la ak lòt moun pandan ane pase yo.

"Plan dèt la", jan nou rele li an, toujou ap pwodwi jounen jodya gratis, 30 ane pita. Konpayi an grandi nan sa ki misyon li pandan ane yo ap pase yo. Nou te konsantre sou envèstisman plan retrèt apre aksidan finansye kite rive nan 2001an, aksidan 2008 lan kote te gen plizyè milyon moun pèdi 50% a 80% ekonomi retrèt yo. Nou te fè rechèch sou lòt opsyon envestisman ki garanti epi nou te lanse aspè sa a nan biznis pa nou an 2001. Mwen fyè poum di sa parapò ak plis pase 100 milyon dola nap jere kounye a pou kliyan nou yo, pa gen youn nan yo kite pèdi yon santim nan envèstisman yo te fè pandan 16 denye ane sa yo nan dezòd finansye sa nan peyi a ak nan mond lan. Epi menm jan avèk plan nou an, ou pap peye anyen, okenn lajan pou sèvis administrativ oswa lajan pou sèvis koutye oswa chak ane pou envestisman kliyan nou yo. Siw fatigue jwe aza ak lajan retrèt ou, ou kapab kontakte Forward Financial Group nan Forwardfinancialgroup.com pou plis enfòmasyon.

Sa pat etonan? Yon senp lide ki soti nan Sentespri a te chanje lavi nou pou tout tan! Wi, nou te oblije jwenn yon jan poun fèl mache, men Bondye te montre nou ki kote pou nou ale. "Gary koumanw santiw, libere, anba dèt?" Lapè! Repo! Reflechi sou sa. Nou te soti nan gwo pwoblèm finansye pou nou rive soti anba dètkonplètman, peye ak lajan kach machin nou yo, kay nou an, ak tout lòt bagay nou te bezwen. Pandan 9 ane byen long, mwen te anba presyon ekstrèm chak minit chak jou. Mwen pat gen repo. Sa pat gen enpòtnas konnen kijou li te ye nan semèn nan, oswa si se te yon jou konje. Mwen pat gen lapè. Pwoblèm finansye mwen yo tap swiv mwen tout kote mwen te ale. Mwen tap andire anbarasman ak imilyasyon tout tan akòz kondisyon finansye nou an. Laperèz te akonpayem tout tant, atak kriz panik avèk medikaman antidepresè yo se te yon mod lavi pou mwen nan nivo dezespwa mwen an.

Avèk tout chanjman finansye sa yo, laverite a genyen tout bagay nou bezwen an nan lavi ak nan espas nou, ou kapab ap eseye panse ke nan tèt ou ke se te yon vikwa pou finans pèsònèl nou. Wi, ofinal genyen bagay sa yo nou bezwen yo se te yon gwo vikwa, men vrè eksitasyon an se te wè Wayòm Bondye a ki tap fonksyone. Kòm Drenda ansanm ak mwen te wè Wayòm nan ki tap fonksyone ankò e ankò, nou te di souvan, "Èske ou wè sa?" Se te tankou yo te jis limen limyè yo, tout bagay parèt aklè nan limyè; ou kapab wè. Lèw gen kapasite pouw vin kapab wè aprew ke avèg, ou vin ap viv san okenn repons se yon bèl eksperyans. Jwenn vre trezò nou an kise, Wayòm Bondye a, se te senpleman yon bagay wololoy. Eseye poum diw ki santiman sa bay senp—pou premye fwa nan lavim, te gen repo!

Traka a te sispann! Nan tan pase yo, si kawotchou nou te degonfle, sa te vin tounen yon gwo kriz emosyonèl. "Ki kote nou ta pral jwenn lajan? Èske te gen plas ki rete sou kat yo?" Men jounen jodi a, si ou nenpòt rezon machin nan ta eksploze, mwen tap jis mande madanm mwen, "Ki koulè ou vle fwa sa a?" Pa gen dram, pa gen okenn panik, pa gen okenn dèt, jis repo. Nou kapab rete nan devwa ak objektif nou. Pigaw rete ap viv toujou yon lavi sivivan, nou kapab pale sou LAVI!

**YON SENP LIDE KI SOTI
NAN SENTESPRI A TE
CHANJE LAVI NOU POU
TOUT TAN! WI, NOU TE
OBLIJE JWENN FASON
POU NOU FEL
FONKSYONE, MEN
BONDYE TE MONTRE
NOU KI KOTE POU NOU
MACHE.**

Se poutèt sa mwen di nou, pa enkyetew pou lavi ou, kisa ou pral manje oswa bwè; oswa pou kò ou, ki sa ou pral mete. Èske lavi pa pi enpòtan pase manje, ak kò a pi enpòtan pase rad? Gade zwazo ki nan syèl la; yo pa simen, ni rekòlte, ni sere nan depo, epoutan Papa nou ki nan syèl la ba yo manje. Èske ou pa gen plis valè pase yo?

— Matye 6:25-26

Pandan 36 dènye ane sa yo, mwen te chita ak plizyè milye moun sou tab kwizin yo epi mwen te diskite ak yo sou finans yo nan yon nivo trè pèsònèl. Mwen te pale ak plizyè milye fowl moun toupatou nan mond lan, yon grenn bagay mwen toujou jwenn tout kote mwen gade se paske tout moun sa tap chèche repo!!!!!! Tout moun ap tann fen semèn nan, pou al nan vakans, oswa pou pran retrèt—pou yo kanpe epi repoze.

Plizyè rechèch mwen li sa gen twò lontan revele ke apeprè 70% Ameriken pa renmen travay yo ye a, epi nan 70% sa yo, 20% ki pa angaje yo epi yo sime ke yo rayi

**VIV YON LAVI ANBA
ESTRES FINANSYE...
PAT NAN PLAN PA
BONDYE O
KOMANSMAN, EPI SE
PA PLAN BONDYE SA
POU OU JOUNEN JODI
A TOU.**

travay yo a. Poukisa yo ale nan yon bagay ke yo rayi? Ki kalite estrès yap viv pou sipòte anpil doulè emosyonèl chak jou? Poun di sa briskeman, yo se esklav. (Nou tout te esklav. Nap grandi nan yon mond kote sèl fason pou byen devlope se gen ase lajan pouw ka gen lòt opsyon. Men, pou anpil moun, sa se pa pwoblèm pa yo.) Rèv pou yo ta pwospere a ap file ale tou dousman nan viv

yon lavi sivivan lè yo retwouve pwòp tèt yo nan yon travay-kap mouri nan laj 30s, 40s, e menm 50s yo.

Yon dènye statistik di ke 69% nan popilasyon Ameriken an pa menm gen mil dola nan sere¹. Estrès ak chòk emosyonèl ke pifò moun ap viv anba yo defòme sans idantite ak nivo valè-pwòp tèt yo. Rèv yo rete pou bezwen ijan ak yon desepsyon ki anvayi. Lajwa a ale.

Yon jou, map sonje mwen te pale ak yon pastè sou finans yo. Li te dim ke li renmen ministè a epi li renmen moun yo, men chak jou li leve ak eksitasyon jiskaske li sonje sitiasyon finansye li an. Li te dim se te tankou yon gwo nyaj nwa ki koupe limyè solèy la, pandan panse dekourajman yp ap fòme nan lespri li epi kenbel kòm otaj nan

¹ Niall McCarthy, "Survey: 69% of Americans Have Less Than \$1,000 in Savings," Forbes, September 23, 2016, <https://www.forbes.com/sites/niallmccarthy/2016/09/23/survey-69-of-americans-have-less-than-1000-in-savings-infographic/#30d27351ae67>.

yon modèl-panse sivivan, dezespwa finansye, ak nan yon esklavaj san vizyon.

Yo te ranplase lavi nan gade lòt moun reyisi. Hollywood te fè plizyè milya nan montre yon gwo kantite moun lòt moun kap reyisi nan televizyon lakay yo. Moun sa yo ki pa kapab wè tèt yo kap fè siksè pèsonèlman jwenn kèk minit pou yo chape anba travay di epi viv rèv yo nan gade moun pafè sa yo kap viv yon lavi pafè nan ekran televizyon yo.

Kounya jwè espò rale plizyè milya dola nan chak ane gras ak espektatè atravè mond lan. Nan ane 2017, NFL te pote plis pase 7.8 milya dola; Super Bowl la, estime 15.5 milya dola; sa se sèlman yon sèl grenn jwèt!^{2 3} Moun renmen ankouraje ekip yo pi renmen an pou yo ka fè viktwa.

Men, sa nou bezwen konprann seke nou tout destine epi kreye pou reyisi—pou nou lite, pou nou nan jwèt la, epi ofinal pou chanpyon. Dezespwa finansye nòmal, li pa yon eksepsyon, pou anpil moun—alòs sèl echapatwa se viv yon lavi nou tout ap reve a parapò ak lavi lòt moun. Kisa ki atirew pou genyen nan bòlèt? Poukisa emisyon televizyon yo ap montre *Kilès ki Vle Vin Yon Milyonè* popilè konsa?” Poukisa plan poun vin rich toujou rete yon tantasyon jounen jodi a? Repons lan? REPO! Tout moun bouke kouri, tout moun bouke reveye ak sousi pou yo jwenn pwovizyon vòlè rèv yo. Men, viv yon lavi anba estrès finansye se pa yon bagay nouvo; an reyalyte, li te toujou la osi lontan ke lèzòm te vin sou tè a. Sepandan, se pa plan pat Bondye depi nan kòmansman, e se pa plan pa Bondye pou ou jounen jodya tou.

2 Michael David Smith, “Packers’ Books Show NFL teams Split \$7.8 Billion in National Revenue,” NBC Sports, <http://profootballtalk.nbcsports.com/2017/07/12/packers-books-show-nfl-teams-split-7-8-billion-in-national-revenue/>. 3 Joe D’Allegro, “Super Bowl Billions: The Big Business Behind the Biggest Game of the Year,” CNBC, January 22, 2017, updated February 2, 2017, <https://www.cnbc.com/2017/01/20/super-bowl-billions-the-big-business-behind-the-big-game.html>.

CHAPIT 2

DWA LEGAL YO

San zespwa—se konsa mwen tap dekri lavi nou anvan nou konprann kijan pou nou repoze. 9 ane se yon bon bout tan pou viv nan dezòd finansye ak estrès. Mwen sonje anpil fwa mwen tap gade fèm 85-kawo nou te lwe pou \$300 chak mwa a, nou pat menm ka peyel san twòp difikilte, men ki pat koute anpil lajan, epi mwen tap mande tèt mwen sim tap janm kapab posede yon tè konsa.

Pwopriyetè a ta pral bati yon tèren gòlf sou fèm sa epi li te jis vle ke gen yon moun kite rete sou tèren an, pou veye teren an jiskaske yo te kòmanse travay sou pwojè a, ke yo te planifye pou yo fè sa apeprè nan 3 a 5 ane ki gen pou vini yo. Ansyen fèm kanpay lan te vini “konsa” epi yo pat gen pou peye pou okenn reparasyon pandan peryòd sa. Nou te pran li, epi apre kèk travay penti epi netwayaj, ansyen kay sa te gen pwòp cham pa li. Plan nou an se te rete la pou 3 lane epi avanse, men pandan 8 ane nou tap viv la, nou te toujou patko janm pare pou nou te posede anyen.

Aprè Bondye te fin pale avèk mwen konsènan Wayòm nan, apres a nou te kòmanse etidye ak aplike prensip yo epi lwa Wayòm nan, bagay yo te kòmanse chanje. O kòmansman finans nou yo te kòmanse amelyore, nou te tèlman kontan pou tout ti vikwa yo. Mwen sonje mwen te achte yon machin alave pou ansyen Kay kanpay lan, Drenda ak mwen te tèlman kontan, espesyalman Drenda! Malgre kèk pafwa mwen te konn ede nan lave asyèt yo, mwen te okipe tou nan jere lòt biznis. Gen 4 timoun nan lakay lan nan epòk sa, Drenda te toujou gen asyèt poul lave. Lè nou te fin achte machin alave sa, map sonje mwen te di yon bagay tankou, "Èskew kapab kwè ke nou jis peye ak lajan kach yon nouvo machin alave?" Mwen konnen, ou ka ap panse, "Wow, kisa ki gwo konsa nan achte yon machin alave?" Oke, ann mete sa nan kontèks li, ou ta sipoze gade lòt aparèy nou yo nan kwizin Kay kanpay lan. Tou 2 recho ak frijidè nou yo te vèt

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

tankou zaboka epi yo te gen plis pase 25 lane. Alòs, konparezon an, achte yon nouvo machin alave se te yon gwa vikwa pou nou.

Nan dènye chapit la, mwen te pataje kouman Bondye te ban mwen yon rèv ak yon plan poum lanse yon biznis ki pral vin repons pou dezòd finansye nou yo. Ou kapab ap panse, “Mwen swete Bondye ta dim yon bagay konsa.” Bòn nouvèl la se paske dezi pa Li se poul fè sa, men gen kèk bagay ou dwe konnen konsènan fason Wayòm lan fonksyone anvan pou ou kapab jwenn èd sa. Direksyon mwen te resevwa jou sa nan rèv la te rive fèt sèlman akòz bagay sa yo Bondye tap anseye nou konsènan Wayòm Li an epi se te yon rezilta dirèk ki soti nan aplike sa Bondye te montre nou yo. Se vre mwen te pale sou Wayòm nan an detay nan dènye liv mwen an, mwen bezwen revizel yon lòt fwa ankò poum ka ban nou yon platfòm pou nou kapab travay.

Moun toujou mande mwen kisa vle di lem di Wayòm Bondye a. Mwen pat gen konesans sou Wayòm Bondye a menmsi mwen te yon kretyen. Mwen te konnen mwen ta prale nan syèl lèm mouri, men mwen pat gen okenn konpreyansyon sou kisa Wayòm Bondye an ak kijan li tap fonksyone reyèlman. Pouw konprann konsèp sa, ou bezwen konprann sa mo *wayòm* nan vle di. Nan yon sans literal, sa vle di dominasyon wa a. Yon Wayòm fonksyone dapre pawòl wa a. Pawòl Wa yo vin grenn lwa kap gouvène domèn pa li an ak lavi sitwayen li yo. Yon lòt konsèp ki enplike yon wayòm, yon foul ki gen yon milyon moun pa vle di yon wayòm. Wayòm nan dedwi yon gouvènman ki gen lwa ki fè respekte tout lwa legal ke wa a bay chak sitwayen nan wayòm nan. Konsèp ke Bondye gen yon Wayòm lan ak lwa ki etabli disponib pou chak grenn sitwayen legal ki nan Wayòm Li an pou anile pifò Krisyanis yo. Pifò kretyen kwè ke Bondye deside ki kalite priyè Lap reponn oswa ki moun lap montre Li pi prefere. Yo kwè ke si yo fè jèn pou anpil tan oswa fè plis travay espiyèl pou Bondye, Lè sa, yo pral gen favè Li. Zanmi mwen, ou deja gen favè avè Li.

An konsekans, ou pa yon etranje ankò, men yon sitwayen pèp Bondye a epi yon manm nan kay pa Bondye a.

— Efezyen 2:19

Ou pa sèlman yon sitwayen nan Wayòm Li an, men tou ou se yon manm nan pwòp fanmi Li, yon pitit gason oswa pitit fi Wa a. Galat 4 montre byen klè kisa sa vle di pou ou menm ansanm ak pou mwen.

Sa map di a toutotan yon eritye se yon timoun, li pa diferan de yon esklav, byenke li posede tout byen. Li se sijè yon gadyen ak administratè pou jiskaske tan papal te fikse a. Konsa tou, lè nou te timoun, nou te nan esklavaj anba prensip debaz yo nan mond lan. Men, lè lè a te rive nèt, Bondye te voye Pitit li a, ki te soti nan vant yon fanm, ki te fèt anba lalwa, poul rachte lòt moun ki anba lalwa yo, pou nou ka resevwa tout dwa pitit gason yo. Paske nou se pitit gason tou, Bondye voye Lespri Pitit li a nan kè nou, Lespri Bondye a ki rele: “Abba, Papa.” Alòs, ou pa yon esklav ankò, men ou se yon pitit gason; epi depi lè ou se yon pitit gason an, Bondye fèw vini tou yon eritye.

— Galat 4:1-7

Ou se yon eritye nan tout byen imobilye kòm yon pitit gason oswa yon pitit fi, epi ou gen dwa legal kòm yon sitwayen nan Wayòm Li an! Kite sa koule pou yon minit—ou deja gen tout bagay nèt. Pa gen anyen kew bezwen ke ou pa gentan genyen yo deja. Alòs, sispann mande charite ak kriye. Ou paka ap sipliye pou yon bagay ke ou

SANTIMAN YO BEL, EPI MWEN RENMEN SANTI PREZANS BONDYE, MEN LE SA RIVE NAN ZAFE LEGAL YO, MWEN PA BEZWEN SANTI MWEN SOVE POU M KONNEN MWEN SOVE. SE YON PWOBLEM LEGAL.

genyen deja. Bondye pap pran yon desizyon sou ka pa ka konsènan ki moun Li pral oswa Li pa pral ede. Nenpòt moun ki se yon pitit gason oswa pitit fi Bondye gentan jwenn èd Li deja.

pap ka fè jèn epi priye ase pouw jwenn èd Li; Li ban nou li gratis gras ak sa Jezi te fè a. Alòs, jwi sa. Ou posede li!

Kitem konpare sa ak yon sitwayen ameriken. Si ou se yon sitwayen, epi ou gentan gen sipò gouvènman Etazini an déjà pouw fè respekte sa lalwa di. Benefis sa te tou enkli nan sitwayènte ou an. Alòs, ou

Epi, Bondye te nou leve soti vivan ansanm avèk Kris la, li mete nou chita ansanm avèk Li nan syèl la nan Jezikri, yon fason pou tan kap vini yo pou li ka montrenou richès enkonparab Li yo nan favè li, ke Li montre nan bonte Li pou nou nan Jezikri.

— Efezyen 2:6-7

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

Fraz sa, “mete fè nou chita avèk Li nan domèn selès yo” se poul pale sou pozisyon legal nou nan Wayòm Bondye a. Jezi chita sou bò dwat Papa a, nou menm tou, paske nou se kò Kris la. Alòs, ou se yon eritye menm jan ak Jezi nan tout sa Bondye genyen. Mwen konnen sa enkwayab pouw panse, men se laveritre. Ou gen tout bagay; ou se fanmi, epi sa se biznis fanmi an! Men, paske dyab la tap eseye kache tout saw ye ak tout saw genyen yo, pifò moun, menm kretyen yo, ap viv tankou moun ki toujou mare nan sistèm madichon pouw siviv sou tè a!

Kle ki te chanje lavi mwen an se lè mwen te vin reyalize ke li se te yon gouvènman ki gen lwa epi mwen menm, kòm yon sitwayen, mwen gen dwa ak benefis legal nan Wayòm nan. Santiman yo bèl, mwen renmen santi prezans Bondye, men lè li rive nan zafè legal yo, mwen pa bezwen santi mwen sove poum konnen mwen sove. Se yon pwoblèm legal. Mwen pa oblije santi mwen se yon sitwayen Ameriken poum se youn. Mwen deja konnen se yon kesyon legal ki jwenn satisfaksyon paske se isit lan mwen fèt. Lèw byen kanpe devan Bondye epi laviw baze sou lalwa olye de koumanw santiw, bagay yo ap chanje!

Sa a se konfyans nou genyen nan pwoche bò kote Bondye: ke si nou mande yon bagay ki nan volonte Li, Lap koute nou. Epi si nou konnen li tande nou, kèlkeswa sa nou mande a, nou konnen nou gentan resevwa sa nou te mandel la.

— 1 Jan 5:14-15

Reflechi sou vèsè sa pandan yon minit; li se youn nan sam pi renmen yo. Si mwen mande yon bagay selon volontel, mwen konnen Li tande mwen! Sa pa gen anyen pou wè ak son odyo wap tande nan zòrèy ou. Sa se yon deklarasyon legal. Panse ak yon jij ki nan sal tribinal li. Si yon jij deside tande yon ka, sa vle di li dakò poul regle ka a dapre sa lwa yo di. Nan ka pa nou an, paske nou te mande dapre lwa Wa a, nou gentan konnen Li pral aplike pwòp lwa pal. Alòs, nou gen konfyans nan rezilta kap vini an; pa pral gen devinèt.

Kòm egzanp, Etazini se pa yon wayòm paske li pa gen yon wa, men li dirije dapre lwa ki legal epi disponib pou chak grenn sitwayen legal. Menm jan an tou, Wayòm Bondye a ap dirije ak lwa, ki disponib pou chak grenn sitwayen san patipri. Istwa nou li nan Bib yo pa la jis pou amize nou men pou fè nou wè lwa sa yo pou nou ka aprann yo epi sèvi avèk yo. Jezi te itilize fraz sa, “Wayòm Bondye a se tankou”

plizyè fwa pandanl tap esplike moun yo kijan Wayòm nan fonksyone. Jezi tap fè referans ak lwa Wayòm nan lèl te di parabòl sa yo, Li te bay yon imaj vizyèl sou fason lwa yo te fonksyone oswa Li tap idantifye poukisa yon bagay te rive. Yon lòt fwa ankò, pou kèk rezon, moun pa gen okenn lide sou Wayòm Bondye a ki gen lwa sa yo kap gouvène fonksyonman li. Anpil moun panse ke Bondye ka fè nenpòt bagay Li vle fè a lè Li vle paske Li se Bondye. Map dakò ke Bondye gen pouvwa pou fè nenpòt bagay Li vle fè a; sepandan, Li limite akòz pwòp lwa pal yo. Mwen konnen sa kapab parèt etranj pou ou, men poum fè pwen pa mwen an, an nou gade byen rapid Mak 6.

Jezi te di yo: “Sèlman nan vil kote li fèt la, nan mitan fanmil ak nan pwòp kay li, li se te yon pwofèt ki san onè.” Li pat kapab fè okenn mirak kote sa, eksepte mete menl sou kèk moun kite malad epi geri yo. Epi li te sezi wè mank lafwa mounsa yo.

— Mak 6:4-6

Pandan wap li vèsè sa yo, ou ta dwe gen plizyè bagay ki soti nan paj yo ki baw kèk apèsi sou fonksyon Wayòm nan.

Li pat kapab fè okenn mirak....

Premyèman, anpil kretyen pa menm wè vèsè sa epi yo pral diskite ansanm avèk ou de sitiyasyon sa sou ki kote nan Bib la Jezi pat kapab bay gerizon, ou ta gen rezon. Men, jan ou kapab wè sa, Li pat kapab. Depiw fin konprann ke Wayòm nan fonksyone dapre lalwa, Lè sa wap kòmanse gade pi fon nan istwa sa. Konpreyansyon nòminal la pou pifò kretyen se tap, ke Jezi te chwazi pat geri moun sa yo. Sa tap fè yon sans lojik siw pat gen okenn konpreyansyon sou legalite Wayòm nan. Lèw konnen Jezi te gen pouvwa poul geri, men Li pat fè sa, sanw pa konprann jiridiksyon legal yo, ou tap natirèlman fè konklizyon ke Jezi te chwazi poul pat fè gerizon. Ki lòt bagay sa te ka ye?

Ou gendwa tande yon moun kap di: “Bondye pèmèt sa rive,” oswa “Bondye te ka fè mye,” oswa “Bondye gen tout bagay anba kontwòl Li”, oubyen yon bagay bò kote liy sa yo lè yon moun ap fè referans ak yon pwoblèm oswa difikilte oswa atravè yon zanmi kap pase. Pou kretyen jeneral la, se kote sa yo kapne. Lèw pa konnen lwa Wayòm nan ak sa ki anpeche Jezi kounya, sèl grenn konklizyon yo kapab fè, se paske Bondye pat gen volonte poul geri yo. Zanmi mwen, Bib lan pat di ke Li te chwazi pat

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Repo a

geri yo. Li di Li pat kapab geri yo akoz mank lafwa moun sa yo. Depiw fin reyalize ke antrav gerizon an nan istwa sa se pat mank anvi bò kote Bondye poul te fè sa, men pito, ke te gen lwa espirityèl yo nan jiridiksyon an ki te bloke pouvwa Bondye a.

Nan plizyè lòt istwa, ou pral reyalize kounyea ke te gen rezon legal sou poukisa pouvwa Bondye a te gen jiridiksyon pou mete volontel ak dezi Li nan yon sitiyasyon oswa ou pa, menm jan ak sitausyon sa. Alòs, li trè ijan pouw chèche konnen ki jan lwa Wayòm nan fonksyone. Yon jou lèw va bezwen yon touche kap soti nan syèl la, ou pap vle pou pouvwa syèl la koupe-nan wout, men pito, pouw gen libète pou pwodwi volonte pa Bondye a nan lavi ou. Epi se egzaktman pou rezon mwen te ekri liv sa.

Pouw kòmanse tout bon vre ak vwayaj paw lan, mwen ta rekòmande pouw kòmanse vwayaj sa avèk yon adwaz blanch nan tèt ou epi reyalize ke ou bezwen voye jete ansyen repons relijye ou yo kew te konn tande pandan tout laviw konsènan poukisa Bondye fè oswa pa fè yon bagay. Mwen espere kounyea ou konnen ke ou bezwen voye jete eksplikasyon komen anjeneral sa yo bay lè ap fè referans ak pouk rezon ti Johnny

PWOMES LI YO BAN NOU YON PWOMES POU GERIZON, RESTORASYON, OGMANTASYON FINANSYE, AK ANPIL LOT BAGAY ANKO—SE PA KAPASITE POUN SOUFRI NAN DIFIKILTE OSWA DEZAS YO.

te mouri nan yon laj trè jèn: “Bondye ka fè bi bon bagay ke sa, Li gen kontwòl bagay yo,” elatriye. Non, ou bezwen KONNEN poukisa Jezi pat kapab geri epi lwa sa yo kap Gouvènè pouvwa Bondye a nan domèn tè a. Ou bezwen konnen repons kesyon sa, “Poukisa Jezi pat kapab geri?” Pou anpil moun, jis paske mwen di ke gen yon repons pou kesyon sa, sa lakòz yo

ofanse. Men, mwen sèlman ap di nou sa Bib lan di, epi kitem repete menm bagay lan ankò ou DWE konnen repons kesyon sa.

Repons kous e ki senp ki eksplike poukisa Jezi pat kapab fè gerizon nan istwa sa se paske syèl la pat gen yon jiridiksyon legal poul te fè sa. Jiridiksyon sa garanti gras ak lafwa yon nonm oswa yon fanm ki sou tè a kite rive konvenk nèt pa sa syèl lan di. Byenke nou tou 2 ap dakò ke Jezi te gen pouvwa ak anvi pou geri moun sa yo, Li pat kapab. Jezi, ak bouch pal te di ke echèk pat bay gerizon an se pat yon feblès nan fen Li men se paske pèp lan pat gen lafwa. Ekri sa yon kote! Gen yon gwo kle la! Lafwa!

Nan pwemye liv mwen an, mwen te pase yon bon kantite tan ap eksplike kisa

lafwa ye, kijan li fonksyone, poukisa nou bezwen lafwa, poukisa Bondye mande pou nou lafwa, kijan nou jwenn lafwa, epi kòman nou konnen si nou gen lafwa. Pouw ta di konpreyansyonw sou lwa prensipal Wayòm nan ki pi enpòtan an, se tap yon egzajerasyon. Se lavi ak lanmò!

Sa pa gen lontan, mwen te resevwa yon bilten nan men yon minis kretyen ke anpil moun konnen. Malerezman, kontni li yo se te bagay tipik ke pifò Kretyen kwè. Kitem pataje kèk ladan yo nan pati sa.

Li kòmanse ak yon gwo mo ki soti nan **Detewonòm 31:6**:

Rete fò ak anpil kouraj. Ou pa bezwen pè, oswa ap tranble paske Seyè a, Bondye nou an, ap mache ansanm avèk nou. Li pap janm kite nou, ni abandone nou.

Lè sa a, li kontinye poul di...

“Poukisa Bondye pa sispann pale anpil ak fèn soufri? Poukisa Li kite moun ap mouri? Kesyon yo anpil, epi verite ki enpòtan an se paske nou pa konnen tout repons yo. Nou pa konnen poukisa Bondye kite kèk bagay rive fèt. Sèl sa nou konnen se ke lanmou Bondye san tach. Chimen pa Li yo pi wo pase chimen pa nou yo. Nou dwe mete konfyans nou nan pwomès Li yo ki di nou pa ke Li pap ba nou plis pase sa nou kapab jere, men kèlkeswa sa Li ba nou, lap ansanm avèk nou chak etap sou chemen an.”

MAL, MAL, MAL! An reyelite, Bib la di nou egzaktaman opoze a.

Pa gen okenn tantasyon kap anvayi nou eksepte sa ki komen pou lèzòm; Men, Bondye fidèl, li pap kite nou tante plis pase sa nou kapab, men avèk tantasyon an lap fè wout pou nou chape tou, pou nou kapab sipòtel.

— 1 Korentyen 10:13 (NKJV)

Pwomès li yo ban nou yon pwomès pou gerizon, restorasyon, ogmantasyon finansye, ak anpil lòt bagay ankò—pa jis gen kapasite pou nou soufri nan difikilte oswa dezaz. Lanmou san tach bay solisyon. Mwen ta kapab kontinye site toujou, men malerezman, se sa majorite moun kwè sou Bondye. Kijan yon moun ta ka menm panse ke Bondye, ki gen lanmou san tach la, ta kapab bay yon moun kansè oswa refize geri yo alòs ke pouvwa Li gen poul fè sa a depase mwen. Lè yo pozem kesyon sou sa, yon lòt fwa ankò, repons abityèl yo se ke chimen pa Li yo se pa menm ak chimen pa nou yo.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvw a Repo a

Wap jwe? Nou pa gen lanmou ki san tach la epi nou pa tap fè pitit nou yo sa! Okontrè, li fè chemen pa Li yo trè klè nan Pawòl Li.

Bilten an te gen ladnal kèlkeswa sa Li ban nou, Lap la nan chak grenn etap sou chemen an pandan nap soufri atravè chimen an. Èske Bondye pral ban nou yon bagay ki pa bon? Non. Lè Bib la di nou ke Li ansanm avèk nou epi Li pap janm kite nou, sa vle di ke Bondye ap la ansanm avèk nou poul sipòte pwomès Li yo! Zanmi mwen, doktrin sa ki di ke Bondye se ènmi nou an pa soti nan Bondye. Li pa reprezante Bondye map sèvi a, epi mwen espere ou pap sipòte mòd panse sa tou. Si legliz ou an ap anseyew kalite fatra sa, ou ta dwe kite imedyatman!

Bondye se lanmou epi Pawòl la di lanmou pap janm echwe. Men, sa ki echwe, se jiridiksyon Bondye a, kapasite poul entèvni nan domèn latè, ki pwodui nan lafwa nou. Ankò, sa se yon pwoblèm legal, se pa yon pwoblèm santiman, oswa nenpòt lòt bagay lan. Tou senpleman li se yon pwoblèm legal ke nou dwe konnen. Depi lèzòm gen jiridiksyon sou tè a, Bondye paka jis fè sa Li vle, jan mwen te pataje sa. Akò nou ak syèl la, lafwa nou, nesèsè pou bay syèl la jiridiksyon pou pote pouvw a nan sityasyon sa epi pwodwi jistis. Zannim, ou **dwe** konnen kisa lafwa ye ak poukisa li nesèsè pouw resevwal nan men Bondye.

Oka ou, ou pat li pwemye liv mwen an (*Revolisyon Finansye Paw: Pouvw Fidelite a*), kitem jis fon ti kout rapèl pou ou sou kisa lafwa ye. Byenkew ta kapab sipoze ke prèske tout kretyen kap itilize mo lafwa a ta sipoze konnen kisa li ye, ebyen ou kapab gen tò. Nou bezwen yon ti leson sou listwa pou nou kapab konprann konsèp enpòtan Wayòm nan konsènan jiridiksyon legal la.

Ann gade nan **Women 4:18-21**:

Kont tout espwa, Abraram te kwè nan lespwa epi se konsa li te vin papa anpil nasyon, menm jan yo te di sa, “Se konsa desandans ou pral ye.” San yo pa febli nan lafwa, li te fè fas ak reyalyte ke kò li te anfòm tankoul te mouri—piske li te gen anviwon 100 lane—epitou vant Sara pat ka pwodwi pitit tou. Epoutan, li pat gen okenn dout konsènan pwomès Bondye a, men li te fòtifye lafwa li epi li te bay Bondye glwa, li te gen konviksyon total ke Bondye gen pouvw poul fè sa Li te pwomèt la.

Yo rekonèt Abraram kòm papa lafwa nou. Li te konplètman konvenki ke

Bondye te gen pouvwa pou fè sa Li te pwomèt la. Lèw konplètman konvenki, epi annakò avèk Bondye, yo rele sa lafwa. San akò sa, Bondye pap ka deplase sou tè a. Alòs, ou ka ap mande: “Poukisa Bondye ta bezwen yon lòt moun poul ta fè nenpòt bagay ki ta ka pèmèt Li fè yon bagay oswa anpeche Li fè sa Li vle fè a? Li se Bondye.” Pou reponn kesyon sa, nou bezwen fè yon ti gade nan kòmansman an, nan epòk Adan an.

Ou fèl yon ti kras pi ba pase zanj yo; ou te kouwonel ak glwa epi onè, ou mete tout bagay anba pyel. Nan mete tout bagay anba kontwòl li, Bondye pat kite anyen ki pap koube anba otorite li. Poutan kounyea, nou pa wè ankenn bagay ki koube anba otorite li.

— Ebre 2:7-8

Vèsè sa fè referans avèk Adan epi Èv nan kreyasyon an. Tanpri sonje ke pat gen anyen sou tè a ki pat anba jiridiksyon legal yo. Yo te mete Adan sou tè a poul dirije tè a ak delege otorite nan non Wayòm Bondye a. Li te dirije tout latè.

Après sa, Bondye di: “Ann kreye lèzòm nap fè yo sanble ak nou, nan fason nou ye, epi se pou yo dirije pwason nan lanmè yo ak zwazo nan syèl la, tout bèt yo, sou tout tè a ak sou tout lòt kreyati kap deplase sou tè a.”

— Jenèz 1:26

Yon lòt fwa, ankò, nou wè ke Adan tap dirije latè avèk yon otorite kite delege ba li epi li te kouwone ak glwa (onksyon oswa pouvwa) epi onè (pozisyon nan otorite). Pat gen anyen ki pat anba domèn pa li an. An reyalyte, si ou li istwa kreyasyon an, se Adan kite bay bèt yo non, kòm li te sou tout planèt la. Jan nou tout konnen sa, Adan te pèdi plas li nan otorite sou Satan, kite twonpe madanm li Èv epi kite tante Adan poul fè trayizon kont gouvènman pa Bondye a, aksyon kel te fè. Pòl ekri nan 2 Korentyen 4:4 ke Satan, gras ak trayizon Adan an, te vini bondye mond sa. Li pa di ke li se yon bondye, men pito, bondye mond sa, sa ki vle di li te gen otorite espiryèl legal isit la. Menm si lèzòm te toujou ap viv sou tè a, espiryèlman, li te gentan mouri nan zye pa Bondye. Lespri lèzòm, ki te kreye pou mache nan inyon ak Lespri Bondye a, kounyea te vin separe ak Bondye. Lèzòm te kòmanse mache dapre pwòp lojik pa yo, lespri, volonte ak emosyon yo.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Repo a

Dyab la te mennel sou yon kote ki wo anpil, epi pandan yon ti moman li montrel tout wayòm mond lan. Li di li: “Map ba ou tout pouvwa epi glwa; se ban mwen yo te banm tout bagay sa yo, mwen kapab bay nenpòt moun mwen vle yo. Siw adorem, tout bagay ap pou ou.”

— Lik 4:5-7

Si wap gade byen, wap remake ke Satan di pozisyon li te genyen sou domèn tè a se “**bay**” yo te bal yo. Se vre, nou konnen sila sa kite ba li yo a se li menm kite legalman posede yo nan kòmansman an, ki pa lòt ke Adan. Sa enpòtan. Anreyalite, si, Satan te eseye antre nan domèn tè a yon fason ilegal, Yo tap voye jete deyò imedyatman avèk lafòs. Siw ka panse ak yon ofisye lapolis kap rele pou mande sekou, wap gen yon bon lide sou rezon ki fè map di yo tap fòse Satan soti deyò. Badj ofisye a te gen sou li a vle di ke tout fòs ak pouvwa gouvènman Etazini an kanpe deyò pou sipòte pawòl li yo.

Kouwòn Adan te gen sou tèt li a (pozisyon li te genyen an), li tap dirije nan non gouvènman Bondye a, kite pote tout pouvwa Bondye a pou sipòtel. Akoz pozisyon Adan sou tè a, Satan pat gen okenn jiridiksyon sou tè a. Se Adan ak Èv ki tap dirije. Sèl mwayen pou satan te vin gen jiridiksyon legal sou tè a tap egzije pou Adan te retire kouwòn nan sou tèt li, Satan pat gen okenn otorite poul fòsel fè anyen. Satan te konnen sèl moun ki te kapab retire kouwòn sa nan tèt Adan se te Adan li menm. Se poutèt sa Satan te oblije vin ak plan poul twonpe li. Kisa kite despsyon sa? Satan te fè konnen Bondye pat fè Adan konfyans epi yo pat gen yon pi bon enterè pase sa nan Li. Li te konvenk Èv ke gen benefis nan dezobeyi Bondye epi lwa Bondye yo te anpeche li ak Adan jwenn yon bagay kap itil yo.

Satan te oblije fè Adan ak Èv kwè oswa alinyen tèt yo avèk li pito pou yo te alinyen yo ak Bondye.

Nan yon tèm ki senp, se sa lafwa ye. Nou ka defini lafwa kòm “konvenk san okenn dout” nan sa Bondye di. Adan ak Èv te abandone Pawòl Bondye a kòm moun serye epi yo te dakò ak sa Satan te di yo a pito. Lè sa, yo te aji sou kwayans pa yo, sa ki anile dwa pou yo te kanpe nan Wayòm Bondye a epi li aksyon sa te bay Satan yon pye legal nan zafè lèzòm. Pou ki rezilta? Adan, sila kite gen otorite sou tè a, esprityèlman te mete Bondye deyò lè li te alinye tèt li ansanm ak Satan! Adan te abandone kouwòn li an, kotel te gen otorite, poul tal suiv Satan. Nan poze aksyon sa, alabaz li te choute

Bondye deyò nan lavi li. Anpil moun tap di, “Non, bagay sa pat kapab rive vre; Adan pat kapab mete Bondye deyò nan domèn tè a!” Men, konsènan sa ki gen pou wè ak lèzòm, wi li te fè sa. Kitem pwouvew sa. Ann gade yon lòt fwa nan **Jenèz 3:17-19**. Apre Adan fin fè peche, Bondye tal jwenn li epi Li te di:

Malediksyon pou latè akòz ou menm, se nan lapenn wap travay chak jou pandan tout laviw. Li pral fè pikan leve pou ou, epi ou pral manje plant nan jaden. Se ak swe nan fwonw, ou pral manje jiskaske ou retounen pousyè a.

Gade byen li di, “Malediksyon Bondye pou [latè] akòz ou menm.”

Lèw madichon sa senpleman vle di ou nan blakawout prezans ak benediksyon Bondye. Se Adan, kite gen otorite sou tout tè a, se li menm kite koupe jiridiksyon legal pa Bondye a nan domèn tè a. Alabaz, Bondye tap di, “Ey, Adan, akòz ou menm, men mwen yo te mare. Mwen pat kapab edew.” Apresa, Li di Adan kounyea li ta pral yon sivivan, epi travay di ak anpil doulè. Mwen rele sa “sistèm madichon latè” yon sivivan. Se kote sa nou tout te grandi—nan wayòm sivivan avèk laperèz. Nou te aprann poun enkyete, epi laperèz tap domine panse nou depi lè nou te fèt. Mwen vle tounen nan vèsè sa pou jis yon ti tan poun kapab diskite pi plis toujou sou sistèm madichon tè a, men pou kounyea, mwen vle asirew ke ou konprann kijan Satan te jwenn aksè nan domèn tè a. Yon fwa ankò, li te oblije jwenn yon gason oswa yon fanm nan domèn tè a ki te genyen jiridiksyon legal Bondye te bay sou tè a pou louvri pòt la pou li. Adan te gen kle sa, epi Satan te rive twonpe Adan poul te louvri pòt sa. Kounyea, yon lòt fwa ankò an nou gade nan Ebre 2:7-8.

Ou fèl yon ti kras pi ba pase zanj yo; ou te kouwonel ak glwa epi onè, ou mete tout bagay anba pyel. Nan mete tout bagay anba kontwòl li, Bondye pat kite anyen ki pap koube anba otoritet li. Poutan kounyea, nou pa wè ankenn bagay ki koube anba otorite li.

— Ebre 2:7-8

Gade byen ke Vèsè sa deklare ke Bondye pat kite anyen ki pat koubel anba otorite li. Byenke Vèsè sa ap fè referans ak yon evènman kite pase depi lontan, li sèvi ak mo a nan tan prezan pou dekri sityasyon aktyèl lèzòm sou latè. Malgre ke lèzòm te pèdi otorite espiritiyèl li nan domèn tè a akòz peche Adan an, lèzòm pat pèdi okipasyon legal

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvw a Repo a

pa li an sou latè, men se sa itilizasyon mo an ye. Akoz pozisyon legal sa lèzòm te genyen sou tè a, epi akoz gwo fòs espiyèl legal ke Satan genyen sou lèzòm, Bondye pat kapab jis vin pete fyèl li sou tè a epi vyole pwòp Pawòl Li oswa Satan ta kapab fè sa ki mal.

Bondye gen pou jwenn yon gason oswa yon fanm nan domèn tè a ki pral antre annakò avèk Li, sa ki pral louvri pòt espiyèl la pou Wayòm Bondye a gen jiridiksyon legal pal isit lan. Menm jan ak Satan kite oblije travay atravè gadyen pòtay tanp lan, kounyea, Adan, te gen poul travay atravè gason ak fanm, gadyen pòtay tè a, pou bay Wayòm nan jiridiksyon pal isit lan. Siw gen kèw avèk lespriw konplètman konvenk nan sa syèl la di yo, sa rele lafwa. Lafwa dwe prezan pou Wayòm Bondye a gen jiridiksyon isit lan. Mwen pa pral pran tan isit la pou eksplike kijan pou jwenn lafwa oswa kijan pou konnen ki kote ou ye nan lafwa. Mwen pale de tout bagay sa yo nan premye liv mwen an nan seri sa. Pou objektif diskisyon sa, mwen jis vle asire ke ou konnen kisa lafwa ye epi poukisa li nesèsè pou syèl la deplase vini isit la nan domèn tè a.

Kounyea, mwen espere ou gen yon pi bon konpreyansyon de poukisa Jezi “pat kapab” fè anpil mirak nan vil lakay Li an—moun ki la yo pat gen lafwa. Alòs, syèl la pat gen okenn jiridiksyon legal. Kitem fini diskisyon sa ak yon gwo vèsè ki pral rakonte sa map di la.

Tout moun tande pale de Women 10:10:

Paske, se avèk kèw ou kwè epi jistifye, se avèk bouch ou ke ou konfese lafwa epi yo te sove.

Vèsè sa fè pati sa Kretyen yo rele wout Women an, yon pati nan 4 Vèsè yo ki montre nou kijan pou nou sove. Men, èskew kanpe tout bon vre epi reflechi sou pwosesis Women 10:10 ap montrew la? Se avèk kèw ke ou kwè oswa antre nan akò ak syèl la. Kèw annakò ak syèl la fèl legal pou syèl la anvayi tè a. Vèsè sa di lè ou kwè nan sa ki soti nan syèl la, ou jistifye. Jistis se administrasyon lalwa. Alòs, kwè nan kèw baw yon dwa legal devan syèl la ak sou tè a pouw resevwa sa syèl lan di paske li bay syèl la legalite nan domèn tè a. Malgre anyen pat rive ankò. Gen yon dezyèm pati nan Vèsè sa: “...e se avèk bouch ou ke ou konfese lafwa ou epi pou sove.” Ou wè sa, malgre kè ou kapab annakò avèk syèl la, sa ki rann li legal pou syèl la anvayi tè a, anyen pat rive jiskaske ou menm, yon gason oswa yon fanm nan domèn tè a ki gen jiridiksyon sou

domèn tè a, lage bagay sa nan domèn tè a. Poukisa? Paske ou gen jiridiksyon isit la; syèl lan pap fè anyen san ou!

Sa map di nou la a, se vre wi: tou sa nou mare sou tè a ap mare nan syèl la, e tout sa nou lage sou tè a ap demare nan syèl la.

— Matye 18:18

Alabaz, lap di sa mwen fenk sot pale sou yo an la. Kèlkeswa sa ou mare sou tè a, syèl la ap fè bak, e kèlkeswa sa ou lage sou tè a, syèl la ap fè bak. Syèl la pap ka fè anyen san ou. Syèl la ap tann ou epi li pa ka deplase sof si yon gason oswa yon fanm ki gen lafwa oubyen akò ak syèl la lage otorite sa a nan domèn tè a.

Konprann kijan pouw lage otorite ak pouvwa syèl la nan domèn tè a fè tout diferans lan. Li te fè sa nan lavi mwen, nan imèl sa ke mwen te resevwa a.

“Alo! Mwen menm ansanm ak marim vle pataje bèl istwa ‘laches de lafwa’ nou avèk ou! Nan 2011, nou tap viv nan ‘kay rèv nou an’, men nou tap viv gras ak chèk salé mansyèl nou an epi pafwa nou tap itilize kat kredi nou pou achte pwovizyon epi peye [pou] nou chofè kay lan. Nou tap siviv, nou pa tap pwospere. Mwen te lidè adorasyon nan legliz nou an, men lafwa nou pat konekte ak finans nou. Mwen te wè pwogram ou an *Fixing the Money Thing (Fikse pwoblèm Lajan)* on Daystar, kite atire atansyonm, epi [mwen] te achte liv, *Fixing the Money Thing*, ansanm ak CD *Revolisyon Finansye yo*. Tout tan nou tap tandè CD sa yo epi nou tap li liv lan youn pou lòt.

“Nou pat gen okenn ide ke nou pat nan lafwa! Nou te konnen nan objektif poun te kenbe kay nou te reve sa, nou te bezwen kèk repons sou fason lajan fonksyone nan Wayòm nan. Nou te simen yon semans \$200 nan Faith Life Ministries (se te tankou [genyen] \$2,000. Se te anpil lajan pou nou!) epi nou te vin antre annakò ave`k Bondye poul montre nou yon nich sou mache a ke mwen tap kapab fè lakay mwen.

“Bondye te ban nou yon lide biznis pou nou leve ti chyen Goldendoodle yo lakay nou. Nou te achte 2 ti chyen Goldendoodle, Bella ak Gracie, nou te lve yo pou kwaze ti chyen Goldendoodle, epi nou fè patenarya sa ak Bondye. Nou te konnen nou pa tap ka fè ti chyen!! Nou elve 2 doodles nou yo, epi nan ane 2014, nou te gen 13 ti chen pou vann nan yon pri \$1200 chak grenn. Ane sa, 2015, nou te gen 63 ti chen, TOUT an bòn sante. Soti nan vann ti chyen nou yo, nou te vin libere anba tout dèt nou yo eksepte pou kay nou. Nou te vin genyen kounyea yon fon ijans konplè pou finance pan nou tou.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Repo a

“Kòm sipriz, manman mwen te mande nou si nou ta renmen kwaze 2 goldendoodle li yo paske li tap pran retrèt li! Bondye beni nou ak 2 lòt doodle gratis! Epi nan mwa Jiyè, marim te monte nan nivo sipè entandan lekòl segondè zòn nou an!! Nan yon ane, revni nou an te double nan gwo montan, 6 chif yo!! FAITH HUNT TRAVAY!! Nou te itilize lwa Wayòm Bondye a. Kounyea, nou simen nan tout kalite travay Wayòm nan epi ale sou legliz Entènèt chak dimanch maten anvan nou mennen adorasyon an nan legliz lokal nou an! Mèsi paskew anseye nou kijan Wayòm nan fonksyone!”

—Karla

Menm koup marye sa a te voye yon imèl swivi pou mwen semèn sa a.

"Bon fèt Pak! Li leve soti vivan nan lanmò! Nou te vle pataje yon mizajou pou Pastè nou Gary nou an sou entènèt! Tanpri, fèl konnen nou selebre nesans Jezi nan Jerizalèm ane sa a (peye ak lajan kach). Nou te gen benediksyon tou pou nou te fè Carter, pitit gason adolesan nou an, batize nan Rivyè Jouden an, e li te adore ak Hillsong Ostrali nan Lanmè Galile a nan aswè! Wow!!! Alòs, nou rekonesan paske nou te fikse pwoblèm lajan an!

Nou te gen 121 ti chyen kounyea. Nou te oblije ogmante pri yon ti chyen a \$2,300 paske lis datant nou an te twò long! Fè lwanj Bondye.”

— Karla

Sa se yon egzanp pafè sou sa Wayòm nan pral fè nan laviw. Mwen te rele Karla semèn sa apre mwen te resevwa imèl li a, epi li te TÈLMAN eksite!!! Li te di yo ta pral peye kay yo ane sa. Siw gade premye imèl li te voye a, li te di nan epòk sa (sa ki ekri nan imel ki pi wo a):

“Nou tap viv gras ak salè mansyèl nou e pafwa nou te konn ap itilize kat kredi nou yo pou peye pwovizyon ak [pou] chofè kay nou. Nou tap siviv men nou pa tap pwospere.”

Koulyea, jis kèk ane pita, yo pral kapab peye li pou? Wayòm nan!

CHAPIT 3

WAYÒM NAN SE REPOUS OU

Kounyea ou gen yon konpreyansyon debaz sou fason Wayòm nan fonksyone dapre lwa ak prensip yo ki pap janm chanje, mwen vle kòmanse mete fokis la sou lwa sa yo ki aktyèlman gen yon enpak sou finans ou epi, ofinal, repo ou.

Men, anvan nou ale la, mwen vle defini poukisa mwen te bay liv sa tit *Pouvwa Repo A* ak kisa mwen vle di lèm itilize mo *repo a* nan yon kontèks finansye ak Wayòm nan. Etonan, mwen pat envante konsèp sa toutotan ke repo gen rapò ak finans, Bondye te fè.

Se konsa, syèl la ak tè a te konplete nan tout gwo etaj yo. Nan setyèm jou a, Bondye te fini travay li tap fè a. Alòs, sou setyèm jou a, li pran repo nan tout travay li. Bondye beni setyèm jou a, li metel apa pou Bondye, paske se nan jou sa Li te repoze anba tout travay kreyasyon li tap fè a.

— Jenèz 2:1-3

Premyèman, kitem fè sa parèt pi klè: Bondye pat repoze sou setyèm jou a paske Li te fatige. Bondye pa konn fatige. Li repoze paske, jan tèks lan di a, tout bagay te gentan fin fèt epi Li te fin travay. Li te kreye lèzòm nan fen sizyèm jou kreyasyon an poul viv nan setyèm jou a. Setyèm jou a pat gen okenn lide sou laperèz, panse pou siviv, maladi, epi pat gen travay di oswa swe pouw sa jwenn pwovizyon. Olye de sa, Adan tap panse sèlman ak Bondye, ak madanm li, asiyasyonl ak sou objektif li. Tout sa li te bezwen poul fè travay li nan lavi te gentan prepare epi disponib; Plan pa Bondye a te

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

konplè. Moun jounen jodya reve pou yo gen sa Adan te genyen yo, yon egzistans lib san okenn sousi, ki gen kapasite pou konsantre sou pasyon yo ak relasyon yo san yo pa enkyete yo pou manje. Malerezman, lè Adan te revòlte, li te pèdi pwovizyon pa Bondye a, e depi lè sa lèzòm oblije ap kouri (travay di epi swe) apre tout bagay sa yo kite toujou nan lavi a.

Paske, payen yo ap kouri dèyè tout bagay sa yo, epi Papa nou ki nan syèl la konnen nou bezwen yo. Men, chèche wayòm Li an ak jistis Li anpremye, epitou yap gen pou ba nou tout bagay sa yo tou.

— Matye 6:32-33

Pwa lou pou jwenn pwozisyon an se yon gwo fado ak deformation pèsepsyon lèzòm nan lavi. Atire richès, pouw kapab libere anba tray doulè ak swe demand sivivan yo, se desa moun ap reve. Lèw son milyonè sèlman siyifi kew sipoze gen kapasite pouw soulaje estrès la ak pwa lou pouw jwenn pwovizyon, sa ki pèmèt nou mete fokis nou

TOUT RECONS OU BEZWEN POWW BYEN DEVLOPE EPI RETE NAN ASIYASYON AN, KAP PÈMÈT OU DEKOUVRI OBJEKTIF OU, YO TOUT NAN WAYÒM NAN.

sou sa kise objektif ak responsablite nou. Bòlèt popilè anpil se paske li ofri pwozisyon san okenn travay ki makonnen avèl ak yon echapwa pouw soti anba sistèm finansye madichon tè a. Vin rich-rapid plan sa anvayi nou anpil sou tout fòm epi kontinye bonbade imèl nou yo ak paj Facebook. Alòs, nan kontèks finans

nou yo, nou bezwen reponn yon kesyon: Èske gen yon mwayen pou tounen nan setyèm jou a kote tout bagay konplè, entak epi disponib? Repons lan se yon gwo WI! Kijan sa rive epi konprann lwa Wayòm nan ki pral pwodui kalite rezilta sa se objektif liv sa a. Mwen konnen eksperyans ou nan lavi a oswa menm nan legliz ak kretyen yo ka diskite ke sa map di la yo pa ka laverite, kòm anpil kretyen te anbrase teyoloji “povrete se sentete”. Men, mwen vle asirew tout repons ou bezwen pouw byen devlope epi rete nan asiyasyon an, kap pèmèt ou dekouvri objektif ou, se nan Wayòm nan yo ye.

Benediksyon pou nou menm ki pòv, paske wayòm Bondye a se pou nou.

— Lik 6:20

Repons paskew pòv se Wayòm nan! Sa se premye Vèsè Bondye te mennenm ladanl lè li te kòmanse anseye mwen lwa finansye Wayòm nan. Verite a, pouw konprann konsèp sa, ou ta dwe konnen kisa konsèp wayòm lan vle di, ke mwen te gentan mansyone anvan sa. E mwen panse ou dwe gen yon konpreyansyon klè sou sa kite reyèlman pase nan Jaden an lè Adan te peche. Alòs, kitem pran yon titan poum fon rapèl byen rapid.

Okòmansman, Adan ak Èv pat konn enkyete yo pou anyen; pa gen maladi epi pat gen pwoblèm pwovizyon ki tap boule panse yo chak jou. Chak jou, tout sa yo te gen pou yo tap reflechi sou li se te asiyasyon yo a, kise renmen Bondye, renmen youn renmen lòt, epi pran swen tè a ak Jaden Bondye te ba yo a. Laperèz te konplètman absan nan lavi yo. Men, aprè Adan te komèt trayizyon an, tout bagay te vin chanje. Jan mwen te di a, Satan te vin bondye mond sa, lèzòm te wetel nan men Bondye, epi Bondye pat gen jiridiksyon legal sou lèzòm. Adan te choke nan yon nouvo reyalite sou fason lavi a tap fonksyone. Yon fwa ankò, men pawòl Bondye te pote bay Adan apre li te fin fè peche.

Madichon pou latè akoz ou menm, se nan travay ki pote lapenn ou pral manje ladanl pou tout tan nan lavi ou. Li pral fè pikan pou ou, epi ou pral manje plant nan jaden. Se ak swe sou fwon ou, ou pral kapab manje jiskaske ou retounen pousyè.

— Jenèz 3:17

Travay douloure, swe, laperèz, enkyetid, ak yon mantalite sivivan kounyea se sa ki boule panse Adan ansanm ak Èv. Objektif pa yo, kise plan Bondye te gen pou yo, kounyea pèdi nan kous ak nan konba pou yo siviv. Travay estrawòdinè Adan te fè a, objektif li, kounyea toufe akoz sousi lavi ak bezwen pou pwovizyon. Li bliye kiyès moun li ye. Sèl grenn objektif li sèlman kapab wè kounyea se poul siviv, sa ki egzije travay di san rete. Pat gen anpil bagay kite chanje depi jou sa.

Jounen jodya, kòm yon pastè, mwen vin jwenn ke pi gwo kesyon moun pozem se, “Kisa mwen ta dwe fè ak lavi mwen?” Rezon ki fè yo mande sa se paske nan domèn tè a depi apre Adan, te fin fè chèche pwovizyon vini objektif la tout lòt bagay vin mezire. Nou toujou pran desizyon yo anjeneral sou baz lajan men se pa sou baz objektif. Lajan ansanm avèk bezwen kapab fòse moun aksepte travay ke yo rayi. Anreyalite, pifò moun pa gen yon ide de kiyès yo vrèman. Ekri sa yon kote, “Jiskaske

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

ou konnen Bondye, ou pap janm konnen plan Li gen pou lavi ou. Se li menm ki te kreye ou.”

Moun yo tèlman grangou nan chèche konnen kiyès yo ye. Nan mond lan yo jis sanble ak yon nimewo, men Bondye yo se yon moun ki trè espesyal epi ki inik nan kreyasyon avèk kapasite epi potansyèl ke pèsonn pa genyen. Men, paske yo pa konnen Bondye epi, alòs, yo pa konnen tèt pa yo, yo chèche valè yo nan tout move kote. Yo pèmèt kilti a dikte valè yo lè yo aksepte sa kilti a di. Men, imaj medya yo montre nou yo nan miwa kilti a se tout lonbraj yo kap deplase. Anvan menm kèw panse wap mache nan liy ak sa li rele bagay ki akseptab yo, wap jwenn ke bagay sa yo gentan chanje epi ou menm ou rete dèyè.

Mwen kapab sonje mwen te nan vil Pari mtap mache nan lari a ansanm avèk Drenda. Pari, se vre tout moun konnen, li se pilye lamòd; ke mòd plizyè ane pase se te koulè gri epi nwa. Chak fenèt magazen yo te plen ak rad gri epi nwa sèlman. Pandanm tap gade nan lari a, nan toude direksyon, mwen te kapab wè plizyè santèn moun kap mache ansanm. Mwen te choke poum wè pat gen yon sèl ti tach koulè. Chak grenn moun, san okenn eksepsyon, te abiye ak koulè gri epi nwa. Te gen plizyè santèn moun yo tout sanble menm jan. Ki dènye fwa yon moun te diw ke koulè li pi renmen an se te gri? Men, jou sa, majorite yo te sèten ke koulè yo pi renmen yo se te gri oswa nwa.

Paske presyon pou nou jwenn pwovizyon yo tèlman entans epi li defòm idantite nou nan kèlkeswa sa nou panse kap ede nou jwenn li an epi pou yo kapab aksepte nou, Drenda ak mwen te devlope yon pwovèb ke nap preche depi plizyè ane: “Siw pa regle zafè lajan an, ou pap janm dekouvri desten ou!” Lè ou se yon esklav kap siviv sa kreye yon ti kras tan pouw envestige oswa kreye anpil lòt opsyon. Verite a se, jan mwen te gentan pataje sa, majorite fwa moun pran desizyon yo baze sou objektif yo olye jwenn oubyen lajan pou pwovizyon. Yo abandone pasyon yo pou yon chèk epi vizyon yo pou pwovizyon. Reyelite a se paske nou te tèlman ap pran presyon nan kalite mod panse sivivan nou yo nan fè travay ki bay doulè ak swe sa ki lakoz nou te sispann reve. Laperèz kenbe rèv nou an otaj, epi mank pwovizyon kenbe rèv nou nan prizon enposib la.

Mwen kapab sonje lè rèv se te mwen jis gen ase lajan gaz poum ka rive lakay nou, se pou mwen yon bagay ki chanje lavi. Nan epòk sa yo, pat gen okenn gwo vizyon sou rada mwen an. Se te jis peye lwaye mansyèl la te pran tout imajinasyon mwen

mwen te kapab mete ansanm. Mwen pral admèt ke li difisil pou wè sivivan pase yo lè, ou fokis sou jwenn manje oswa fè fas ak enkyetid finansye ijan yo.

Lè Adan te voye Wayòm nan jete, yon nouvo mond nan lanmò, laperèz, sivivan ak panik te pran kontwòl lavi li. Mwen sèten nou tout konnen ki santi ki mache ak laperèz. Mwen kapab sonje yon kantite istwa mpa menm ka kontwole de pwòp lavi pa mwen sou panik, lawont, ak laperèz pandan mwen tap soufri pandan nèf ane byen long nan dezòd finansye mwen an, evantyèlman fè fas ak atak panik, epi kap viv sou antidepresè. Viv anba sistèm siviv madichon sou tè a te fòme nou tout nan direksyon yon pèspektiv negatif nan lavi. Gen kèk nou nou kite rive fè fas ak sityasyon sa pi byen pase lòt, men san Kris, atitud mod-panse negatif sa kontinye di nou ke nou pa bon ase.

Èskew te janm tande yon moun di, “Pa espere plis ke sa”? Lèm tap grandi, sim te eksite pou yon bagay papam te panse ke mwen se yon moun fou, li tap di: “Yon jou wap grandi.” Akoz pawòl sa, mwen pat pèmèt tèt mwen poum te reve sou anyen eksepte sa papam te deside kem te gen bezwen. Mwen kwè papam te blese lèl tap grandi nan yon kay ki gen moun kap bwè alkòl, epi se sa li te oblije ap fè pandanl tap grandi tou.

Poum onèt, nou tout te enkyete onivo pwofesyonèl depi lè nou te fèt. Laperèz se langaj komen nan domèn tè a. Siw pral kape pouw reflechi sou sa, mo *non* an te tèlman anrasinen nan nou depi lè nou te fèt. “Non, ou pa kapab genyen sa.” “Non, mete sa nan plas li.” “Non, ou pa ka ale la.” “Non, ou pa kapab peye sa.” Li parèt aklè, nou jis sispann di “Wi” nan nenpòt bagay eksepte okazyon poun chape poul nou nan yon aktivite kap angoudi tèt nou nan sikonstans aktyèl nou ye an, tankou nap amnje plis pase ase manje nou pi renmen an.

Gen yon etid ki montre ke timoun an mwayèn tande mo *non* oswa *pa fè sa* plis pase 148, 000 fwa pandan yap grandi, konpare sellman ak jis kèk milye *wi* nan mesaj yo.⁴

Sa pa gen lontan, mwen te fè yon konferans anyèl Provision nou an, epi sou estrad la mwen te mete yon Ferrari ane 2017, yon machin pou nou admire. Pwopriyetè machin nan ale nan legliz mwen an epi li peye ak lajan kach pou machin lan, kite prèske \$400,000. Pandan tout patisipan yo te antre, yo tap admire epi yo tap gade machin nan, yo tout la tap gadel, yo te vle vin gadel pi pre toujou. Men, byenke yo tout la tap admire machin nan, pwen mwen te vle fè pase lèm te metel sou estrad la se pat poum enspire yon vi pou objektif materyèl men, pito, poum te anseye yo yon leson. Moun yo tout te rasanble alantou machin nan, yo tout tap deklare yo ta renmen kondwi machin sa.

“Becoming a Yes Mom,” <http://www.babyzone.com>

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

Mwen te gentan konnen fòmasyon "non" an yo te resevwa nan sistèm madichon sou latè nan fè travay ki bay doulè ak swe enkonnyaman tap rezone byen fò nan lespri yo, “NON, ou pap janm ka posede yon machin konsa! Non, ou pap janm kapab peye machin sa; pa menm pèdi tanw panse ak yon sijè konsa.” Akòz fòmasyon “NON” yo te resevwa, yo tout te genyen, nou tout te genyen, pifò nan yo pat janm konsidere menm pou yo ta posede yon Ferrari kounyea paske mod-panse non an pat kapab wè li oswa resevwa li. Sepandan, si mwen tap kontinye chanje machin chak èdtan, soti nan sa ki pi chè a jiskaske mwen rive nan pi ba pri a, san mank, mwen tap gen yon machin ki sou estrad la ke yo tap gade epi di, “Mwen renmen machin sa wi; Mwen ta dwe achte youn.”

Ki diferans kite genyen? Tout diferans lan se te sou fason yo te wè tèt yo, potansyèl yo, ak pri machin nan. Wi, te kapab genyen kèk ladan yo ki tap di tèt yo, “Mwen pral posede machin sa yon jou,” oswa petèt te gen moun kite gen lajan an epi yo te wè machin nan yon fason diferan. Men, mwen sèten ke pou majorite a, posede yon machin konsa pat menm nan domèn panse yo. Milyonè sa kite peye ak lajan kach pou machin lan nan moman sa menm li gen yon demi douzèn Ferrari. Pou mod-panse sa yo, se te jis yon gwo machin. Lè li te wè machin nan, li te anvizaje posede li epi li te ale sou pwosesis pou kòmande machin lan kap soti nan peyi Itali, epi answit fè li debake lakay li Etazini. Li pat difisil pou li aji sou vizyon li an paske li te gen pwovizyon disponib pou sa. Isit la se yon kle enpòtan pou repo—pwoizyon se pwo-vizyon.

Gwo kle:

Pwovizyon Se Pwo-vizyon

San pwovizyon pa gen vizyon; gen sèlman sivivan. Sistèm madichon povrete sou tè a te vòlè rèv nou ak avni nou yo. Mwen konnen Ferrari a se te yon ilustrasyon radikal men li te fè pwen mwen te vle pase a. Moun kite la yo pat menm pèmèt tèt yo reve posede yon machin konsa paske yo te wè li kòm bagay ki enposib. Si yo te fè sa menm pou yon ti moman jis pèmèt tèt yo reve ke yo kapab posedel, fòmasyon yo nan sistèm madichon tè a tap kriye dèyè yo, “Ala yon gaspiyaj lajan!” Men, e si ou te gen 25 milya dola lajan kach labank nan kont kouran ou (mwen jis fè yon pwen)? Machin sa tap sanble tèlman bon mache ou tap achte youn jis pouw itilize pandan wikenn yo. Se

yon kesyon pèspektiv, e piske Pawòl Bondye a di chak pwomès Bondye se, “Wi” ak “Amèn (se konsal ye),” pèspektiv ou bezwen chanje pouw panse menm jan Bondye panse.

Paske kèlkeswa kantite pwomès Bondye fè, yo se “Wi” nan Kris. Alòs, gras ak li, “Amèn” li pale atravè nou pou glwa Bondye.

— 2 Korentyen 1:20

Daprè diksyonè, definisyon mo pèspektiv la se: yon atitud patikilye anvè oswa yon fason konsènan yon bagay; yon fason ou wè lavi, atitud, ankadreman referans, oswa entèpretasyon. Alabaz, pèspektiv se reyèlman fason ou panse sou yon bagay.

Bò isit la se yon konsèp mwen vle pouw reflechi sou li. Adan te yon chèf anvan li te bay Satan otorite sa. Alòs, siw te wèl apre sezon otòn lan, ou tap wè yon nonm pòv ak yon fanmi ki dezòd (Kayen, pitit gason lan, te touye Abèl, frè li a), epi ou pa tap vrèman bal yon chans poul te kapab nenpòt moun. Men, sa ou pat kapab wè se ke li te gen san wayote nan venn li. Malgre ou pat wè li nan kapasite sa, li te aktyèlman kreye poul dirije ak gouvènè nan lavi. Menm verite sa aplike pou ou menm tou. Ou pa ka jis gade tèt ou baze sou kote wap viv, saw genyen, ak sikonstans ou kounyea, epi jije potansyèl ou. Ou dwe gade potansyèl ke ou te kreye ansanm avèk li a.

Mwen ka sonje lèm tap travèse kèk sikonstans difisil, e mwen tap fè fas ak kèk gwo pwoblèm kite parèt pi gwo pasem. Mwen te fè fas ak kèk desizyon ki tap pran anpil lajan ke mwen te gen nan men mwen yo. Mwen te santi mwen te konnen sa Bondye tap dim fè yo, men mwen te toujou yon ti kras timid poum te lansem ladanl. Senyè a te ban mwen yon rèv nan moman sa a. Mwen te sou yon chwal anlè yon ti mòn. Mwen te gen yon epe nan men mwen. Anba mwen an nan pye mòn lan te gen plizyè santèn, si se pat plizyè milye, nan sòlda lènmi sou chwal ak epe yo leve anlè kont mwen. Mwen te poukont mwen sou ti mòn sa epi mwen te siman pat gen yon gwo kantite moun ak mwen. Yon vwa nan rèv mwen te di pawòl sa yo, “Pa souzèstime tèt ou, Gary!” Lè sa, mwen leve epe mwen an epi mwen te kòmanse kouri chwal mwen an desann mòn lan nan direksyon ènmi an kounyea, yo te wè chaj mwen an, yo menm tou te chaje pou monte mòn lan nan direksyon mwen avèk epe yo leve. Pandanm tap galope nan direksyon yo, mwen rele

**PÈSPEKTIV OU BEZWEN
CHANJE POWW PANSE
MENM JAN BONDYE
PANSE.**

byen fò, “THOR!”

Lèm te reveye, mwen te konnen se Senyè a ki tap pale avèk mwen epi ki tap ankourajem, men mwen pat konnen kisa mo *Thor* a te vle di. Mwen gen yon nonm nan legliz mwen an kise pastè pandan 30 lane epi ki etidye anpil lang. Mwen mande te li èskel te konnen kisa sa vle di epi li te dim li ta pral chèche definisyon an pou mwen. Li releman nan demen epi li dim ke Thor vle di pitit loraj. Mwen te di li mèsè epi mwen te sezi wè sa Senyè a tap dim lan. Pou lènmi an, mwen te tankou loraj! Sòf si mwen di dyab la jan mwen fèb, lè mwen pale, li sonnen tankou loraj (pouwva) nan zòrèy yo.

Mwen tap preche premye Konferans sou Pwovizyon nou an nan ane 2010 epi mwen tap rakonte istwa sa. Pandanm tap rakonte istwa a, mwen te fini avèk sa Senyè a te dim nan rèv la, “Lè lènmi an wè wap vini, Gary, ou sonnen tankou loraj. Nan moman sa, mwen te di: “Li sonnen tankou loraj,” yon gwo kout loraj plen lè a. Pat gen lapli, pat gen okenn loraj anvan sa, epi se te sèl grenn kout loraj ke yo te tande tout nwit lan. Moun kite yo la jou lannwit sa te choke. Men, pat gen moun kite kontan plis pase mwen, paske mwen te gentan konnen ke se Senyè a ki te mete “Amèn” Li an sou sam tap di yo paske yo te aplike pou tout pitit Li yo. Poum pa bliye, kamera televizyon yo te woule lannwit sa, siw ta renmen wè evènman sa ou ka ale nan lyen sa a: <https://youtu.be/rtx1XYJGIaG>.

Alòs, se yon konsèp ou bezwen pouw konprann.

Esklav pa konn reve gwo rèv!

Ki rèv esklav konn reve? Sispann, kisa bagay sa ye. Yo reve pandan 5:00 èdtan epi yap kontinye gade mont yo pandan dezyèm mwatye jounen an, yo vle kanpe epi kite travay la. Yo reve vakans, yo reve retrèt, yo reve gen lajan pou yo ka sispann travay. Esklav reve pou yo kanpe, pa pou yo kreye plis travay! Yon lespri esklavaj oswa pèspektiv pap envante oswa kreye travay; li ap chèche yon fason poul soti nan travay. Yon esklav gentan akable epi li jis pa wè potansyèl li kap pase chak jou.

Pou yo se tèt la men se pa ke a, mod-pansew dwe chanje soti nan yon mantalite esklav pou rive pwopriyete ak kreyatè. Ou dwe kòmanse reve ankò. Ou bezwen wè pase moun ou panse ke ou ye a, paske byenke ou ka sanble fèb nan pwòp zye paw, pou dyab la ou sonnen tankou loraj. Ou gen san wayal nan san ou, epi ou jis bezwen panse epi aji antanketèl.

Mwen gen yon zanmi ki se yon miltimilyonè. Li posede anpil bèl kay, sou lanmè oswa sou lak. Yon jou, pandanm tap vizitel, nou tap mache nan pò a nan mitan bato yo. Pandan nou tap pase bò kote chak bato yo, li te vle rele pwopriyetè a pou mwen. Map baw yon egzantp sou akisa konvèsasyon nou an te sanble, map jis kreye kèk non, paske mwen pa sonje vrè non yo. Alòs, konvèsasyon zanmim nan te sonnen konsa: “Bato sa se pou Billy Smith, ki posede Sèvis Medikal Ohio a. Pwochen bato sa se pou John Rogers, ki posede Rogers- Rogers, yon kabinè avoka. Pwochen bato sa se pou Ralph Tidewell, ki posede bèl magazen soulye sa ki nan High Street lan.”

Pandan nou tap mache desann nan ranje bato yo, epi apre nou te fin pase anviwon 20 ladan yo, mwen te reyalize ke chak youn nan bato sa yo moun ki posede yo a se te moun kite posede yon biznis. Pa gen yon sèl bato kite pou pa Joe òdinè oubyen kap travay 9è-5è kòm yon anlwaye nan kanpe vann krèm glase lokal. Mwen pa kont moun kap travay nan biznis krèm glase lokal nou yo epi mwen pa kont ke yo se yon anlwaye tou, pou majorite fwa. Mwen jis ba ou yon egzantp sou kalite moun ki gen richès.

Tanpri, fè anpil atansyon ak sa map di la. Se pa gen anyen pou wè ak lajan yo genyen; men pit oak modèl-panse yo genyen. Pa janm mete kabwè la anvan chwal la. Anpil moun ta kapab di, “Mwen swete mwen gen tout kalite lajan sa.” Kisa yo te sipoze di “Mwen swete mwen te kapab panse menm ak yo!” Yo te gen yon pèspektiv ki diferan de lavi yo ak de pwòp tèt pa yo.

Majorite fanmi yo pa janm rive jwenn yon revni ke yo taka konsidere kòm yon revni abondan. Yon etid aktyèl di 51% nan moun kap travay Amerika yo fè mwens pase \$30,000 nan yon ane⁵. Plis pase mwatye moun nan nasyon nou an fè mwens ke \$30,000 chak ane?! Si ou nan ventèn ane ou yo epi ou fèk kòmanse oswa ou nan yon pozisyon paske ou reyèlman vle pouw la, epi lajan pa nan tèt lis ou a, pa gen pwoblèm, men mwen konnen ke se pa laverite pou plis pase mwatye nan nasyon nou an. Mwen konnen yo bezwen plis lajan. Fèm konfyans mwen, mwen te pase nan plis plizyè milye kay pandan plis pase 36 ane depi mwen nan endistri sèvis finansye a, mwen te wè sa.

Alòs, poukisa yo pa gen plis revni? Anvan ou kòmanse rele byen fò kijan lavi enjis oswa kijan ou se yon viktim oubyen kèk lòt istwa san sans, mwen pral soumèt ba ou ke se akòz 2 rezon. Premyèman, yo bloke anba sistèm madichon tè a nan povrete epi

5 Michael Snyder, “Goodbye Middle Class: 51 Percent of all American Workers Make Less Than 30,000 Dollars A Year,” “End of the American Dream,” Washington’s Blog, October 21, 2015, <http://www.washingtonsblog.com/2015/10/goodbyemiddle-class-51-percent-of-all-american-workers-make-less-than-30000-dollars-a-year.html/>

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

yo pa konnen Wayòm Bondye a ak prensip li yo ki pale sou pwovizyon. Dezyèmman, yo gen move panse negatif, men tou akòz fòmasyon madichon tè a ke yo te pran, ak paske yo pa wè yon fason pou yo sòti, menm si yon moun ta kapab ap fikse yo dwat nan zye. Alabaz, esklav yo gen yon mantalite esklavajis, jan mwen te gentan pataje sa. Yo pa wè opòtinite lè yo ap chèche repo. Ann fè fas ak sa; san repons reyèl yo, moun pèdi kè.

Kitem ba ou yon egzanp ke mwen itilize nan seminè mwen yo. Ann di mwen te di ou ke mwen te kapab rezoud tout pwoblèm lajan ou genyen an nan yon fraz fasil. Prepare kreyonw ak papyew paske map garantiw ke sa se pral reponn ou an. Ou pare? Ok, men repons lan: fè yon revni \$5 milyon dola chak ane apre enpo. Lè mwen te di sa depi sou estrad la, tout moun te kòmanse ri. Men poukisa yo tap ri? Paske yo pat ka wè tèt yo kap fè kalite lajan sa, ni yo pa panse ke son bagay ki posib ke yo ta kapab gen yon revni \$5 milyon dola chak ane epre enpo.

Après, mwen te di yo ke yo pap janm posede bagay yo pa kapab wè. Touswit après, mwen repete egzèsis la, men fwa sa, mwen te kontinye ap bese nimewo a: \$200,000, \$100,000, \$70,000, oswa \$40,000 chak ane. Ofinal mwen di yo, “Mwen pral rive nan yon nimewo kote nou pral di, “Ok, sa fasil. Mwen ka fè sa.”

Après sa, mwen te rakonte yo yon lòt istwa. Ann ta di mwen se yon biznisman ki rich nan biznis ekspòtasyon. Mwen vle voye boul nan peyi Lachin, epi mwen bezwen kèk èd poum fè anbalaj yo mete sou bato a. Mwen di yo mwen pral peye yo \$500 pou chak boul yo mete nan bwat. Sipoze yo ka pake 200 boul chakjou, sa tap fè yo touche apeprè \$100,000 chak jou. Mwen ta renmen tou ofri yo yon kontra pou yon lane anbalaj boul nan menm nivo pousantaj la. Koulyea, si mwen ta di yo ke repons lan tap fè \$5 milyon revni nè nan 12 mwa, ki repons yo ta sipoze bay? “Fasil, pa gen pwoblèm, ou ka fasilman fè \$5 milyon dola nan pousantaj sa.”

Ki diferans kite genyen? Yon plan, sa se tout bagay lan. Plan an fè tout diferans lan. Bondye ki fèw la konnen plan an, epi tout saw bezwen se tandel. Alòs, li avèk Wayòm Bondye a. Lè Bondye te banm rèv sa poum kòmanse biznis lan epi ansuit, montrem kijan poum fèl, revni mwen pat chanje ankò—men mwen tap rele anndan an: “Sa fasil! Pwoblèm lajan mwen fini; Mwen gen plan an!”

Men sa Seyè a di: “Paske mwen konnen plan mwen gen pou nou yo, “plan pou fè nou pwospere e ki pap fè nou mal, plan pou ba nou espwa ak yon

meyè avni.''

— Jeremi 29:11

Bondye gen plan pou fèw pwospere! Depiw fin dekouvri ke Bondye gen yon plan pou fèw pwosperite, batay la mwatye fini! Koute, fikse pwoblèm lajan an pa konplike konsa. Pwovizyon se pro-vizyon! Li vrèman trè senp. Repons pouw pa gen pwovizyon an se gen pwovizyon. Repons pou gwo kay ou bezwen an se yon pi gwo kay. Repons pouw gen yon machin serye se posedè yon machin serye.

Mwen konnen mwen ap pale 2 fwa la, men mwen tap kondwi yon machin ki kraze pandan plizyè ane. Ou te kapab wèm ap vini yon kilomèt distans paske mwen te kite yon tras lafimen nenpòt kote mwen te ale a. Mwen konnen kisa pwoblèm estrès machin kapab fè ou lèw bezwen ale yon kote. Mwen konnen tou kisa ou santi tou tankou lèw antre nan yon kote yo vann machin epi peye ak lajan kach pou yon machin tou nèf. Devine kisa ki pase? Pa gen estrès ankò, pa gen enkyetid ankò. Poukisa? Paske tout bezwen mwen yo satisfè epi mwen gen lapè. Mwen vin kapab konsantrem sou

**ANTANKE SITWAYEN
WAYOM NAN, OU
GEN DWA LEGAL, E
KOUNYE A, TOUT
LWA AK PRENSIP YO
DISPONIB POU OU.**

sa mwen sipoze fè olye poum ap jere kriz machin.

Reyalite pwoblèm sa se paske pifò moun gen pou yo fè fas ak pwoblèm reyèl lajan nan yon pwèn ke yap toujou anba estrès tout tan nan lavi yo. Yo kapab ap travay pou anpil èdtan ap eseye jis pou yo ka pa bliye pwoblèm nan

men yo pap viv vre. Zanmi, sa se pa volonte pa Bondye pou lavi ou.

Kòm mwen te gentan di sa pi bonè, moun abandone rèv yo ak pasyon yo pou ti kòb yap touche nan yon travay ke yap meprize. Anjeneral esklav yo pa kontan! Malerezman, sa se nivo sa moun ap viv, yo pa kontan pou kote yo ye nan lavi, degoutan, epi san okenn espwa. Men, an reyalite, sèlman yon chanjman pèspektiv ki bloke libète yo oubyen, jan mwen te gentan pataje sa, yo pa gen yon plan.

Kitem baw yon egzanp pèsònèl. Anpil nan nou konnen ke mwen renmen lachas ak lapèch, monte bisiklèt ak fè randone, nenpòt aktivite ki fèt deyò. Mwen te grandi nan Ohio nan yon ti kominote agrikilti kote yo rele Plain Township. Yo rele li Plain Township paske, jan ou kapab imajine sa, li son kote kite plat. Natirèlman, sa te bon pou kiltivatè yo, men se pa peyizaj kap attire moun vin gade. Mwen te gen abònman nan

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

tout magazin laches epi lapèch kem te kapab, *Outdoor Life, Sports Afield, Field & Stream*, ak kèk lòt moun. Mwen te kapab li kèk bèl istwa sou lapèch ak laches, sou mòn sovaj yo ak bèl mòn vèt zòn lwès yo Fertile nan Appalachian Valley sèlman yon èdtan sou bò solèy lan leve. Poutan mwen pa janm vizite zòn sa yo. Mwen te gen 40 lane anvan mwen te resi wè premye mòn mwen.

Poukisa? Mwen te gen lajan poum vwayaje, mwen te gen pwòp machin mwen, wout ki konekte eta yo I-70 tap byen mache nan vil mwen an, ale nan direksyon lwès pase nan Mòn Wòch yo. Men, verite a pwoblèm nan se paske mwen pat janm panse yon fwa oswa menm pèmèt tèt mwen imajine yon bagay konsa, “Mwen ta prale la yon jou.” Mwen te admire kote sa yo atravè bèl imaj yo nan magazin, men mwen pat janm panse poum tale la. Pou mwen yo te kapab menm sou lalin; li jis pat yon posibilite nan lespri pam. Lèm te gen 40 lane epi finalman mwen te kondwi ale nan lwès, mwen pat ka kwè sa mwen te rate tout lavim. Koulye a, mwen dwe gen ranje yon mòn omwen yon fwa chak ane. Zanmi, gen plis pase sa wap gade devan zyew kounye a. Ou plis pase saw wè kounye a! Gen yon lòt pèspektiv diferan nan lavi ke ou bezwen wè ak fè eksperyans. li

Lew kòmanse konprann ak aprann kijan Wayòm Bondye a fonksyone epi kisa Wayòm Bondye a di ou deja genyen, fason ou wè bagay yo pral chanje!

An konsekans, ou payon etranje ankò, men ou se sitwayen menm jan avèk pèp Bondye a epitou manm jan ak manb yo ki nan kay Bondye a.

— Efezyen 2:19

Antanke sitwayen Wayòm nan, ou gen dwa legal, e kounye a, tout lwa ak prensip disponib yo pou ou. Sa se te pwoblèm Drenda ansanm ak mwen. Byenke nou te kretyen epi nou renmen Bondye, nou te sitwayen Wayòm Bondye a ki pat gen okenn konesans sou lwa ak prensip Wayòm nan. Akòz limit pèspektiv nou baze sou sistèm madichon tè a te ban nou, nou pat gen rèv yo. Men konesans se pouwva.

Kòm egzanp, nan sal tribinal la, yon kontra lwaye ki siyen pwouve ou gen dwa legal pouw viv lakay ou. Konesans lan se paske gen yon dokiman ki siyen avèk aksè lajistis pou asire dwa legal ou pouw viv nan kay sa ba ou lapè ak konfò. Menm jan an

tou, konesans sa Bondye di ak sa Wayòm nan genyen pou ou ba ou konfyans pouw pran tout sa ki legalman pou ou. Kòm egzanp, ki pwosperite kiltivatè a? Èske se lajan? Non. Èske se grenn li simen an? Non. Se konesans li genyen sou lwa semans ak rekòlte la. Kèlkeswa jan li ta kapab pòv la, li konnen kijan poul vin rich. Li senpleman tape nan lwa sa yo nan domèn tè a ke Bondye te gentan etabli. Pwosesis simen ak rekòlte a ka pwodwi pou kiltivatè a ankò e ankò.

Li konprann lwa rekòt yo epi li gen tout konfyans nan yo. Li simen plizyè milye dola grenn nan tè a, men li pa pè. Ou pap jwenn yon kiltivatè ki chita bò kote traktèl epre li te fin plante semans li yo nan tè a. Non, ou pap jwenn kap kriye poutèt pri semans lan. Li pral gen konfyans nan lwa ki gouvènè domèn natirèl tè a. Èskel ka diw kijan yon grenn pouse? Mwen doute, men li ka diw ke li ap chache plis tè poul fè fèm. Menm bagay la tou pou ou menm ansanm avèk mwen. Sòf si nou konnen lwa Wayòm nan epi si nou pa gen konfyans nan yo, nou pap kapab jwi lavi Bondye te destine nou pou nou viv la.

Youn nan istwa ki pi enteresan nou te temwen nan premye jou sa yo te fèt lèm te resevwa yon apèl telefònik nan men yon nonm map rele “Don,” ki tap fè fas ak kèk pwoblèm finansye grav. Li te tande èske mwen te kapab ede li ak finans yo.

Pwemye fwa mwen te rankontre Don, li te vini nan biwo mwen an avèk anpil dekourajman epi li te gen dèt. Pa gen anyen ki sanble tap byen mache nan lavi li nan epòk sa. Lèm te chita epi mwen tap pale avèk li, mwen te dekouvri li te gen 3 a 4 mwa reta sou pri lwaye li an ak sou prèske tout lòt bòdwo li te genyen yo. Li te gen pwoblèm maryaj—madanm li te fatige ak sitiyasyon finansye yo te ye epi li te kòmanse pa gen respè pou Don ankò paske li pat kapab pran swen li ansanm avèk 5 pitit li yo. An reyalyte, Don te pèdi respè pou pwòp tèt li, epi li te chaje ak kesyon.

Travay li te genyen se te vann asirans sante atravè eta Ohio a, men mank siksè sa te mennel byen vit nan yon chimen dezas finansye.

Malgre tout bagay kite pase kont Don, mwen te wè gen potansyèl nan li. Li te vle aprann epi li te vle travay. Konbinezon pwisan sa te enrigem ase poum te bal travay epi investim nan byennèt avni li. Alafen, se te yon investisman kite pote gwo kokenn benefis pou nou tou 2.

Nouvo konpayi mwen an te fenk genyen yon vwayaj pou ale Hawaii nan men youn nan kliyan nou yo, epi mwen te santi se tap yon gwo okazyon poum pataje avèk Don konesans sou Wayòm Bondye a. Malgre Don se te yon kretyen, li pat gen menm

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

konpreyansyon mwen te genyen an. Byenke mwen te eseye nan plizyè okazyon pataje prensip Bondye yo ansanm avèk li nan domèn sa, li jis pat kwè sa mwen tap di a.

Mwen te kontinye ap chèche yon fason poum atire atansyon Don ki tap ka edel reyalize ke li menm tou, li ta ka gen siksè lèl aprann fason Wayòm Bondye a fonksyone. Sepandan, Don te tèlman dekouraje ke li te gen yon jan difisil poul kwè sa nan tèt li ak kwè ke chanjman sa ka rive tout bon. Mwen te konnen vwayaj ale Hawaii an se te chans pa mwen.

Nan semèn anvan Don ak mwen te ale a, nou te pale de sa nou ta sipoe wè epi fè lè nou rive. Te gon enterè espesyal kite kapte atansyon Don tankou okenn lòt bagay pat janm fè. Li te vle trape yon marlin ble nan bèl dlo Oseyan Pasifik la. “Hawaii se kapital marlin ble nan mond lan,” Don te dim li eksite. “Mwen te toujou vle trape yon marlin ble; se yon rèv mwen te toujou genyen.” Pou premye fwa nan plizyè semèn, mwen te wè yon limyè kap klere nan zye Don. Gen yon bagay kite eksitel, epi mwen te konnen eksitasyon sa tap louvri pòt la pou yon leson pwisan.

Mwen te di, “Don,” “èskew te konnen ke li posib pouw konnen, se pa jis espere, men konnen ke wap trape yon marlin ble Hawaii lèw tape nan Wayòm Bondye a?” Twouble men anvi konnen plis, Don te vle konnen plis, epi mwen te kontinye ak eksplikasyon mwen an sou Wayòm nan. Mwen te site Mak 11:24, ki di: “*Se poutèt sa, map di nou, kèlkeswa sa nou mande nan lapriyè, kwè ke gentan nou resevwal, epi lap pou nou.*” Pou Don, pawòl sa te prèske twò bon poul te kwè. Mwen te pran yon ti tan poum edel konprann Wayòm nan ak fason poul libere lafwa li. Alòs, anvan nou pati nan vwayaj nou an, li menm ak madanm li te priye epi yo te kwè ke yo tap resevwa yon marlin ble. Yo te simen yon semans finansye tou nan Wayòm Bondye a nan direksyon rekòt yo a. Sa se yon bagay Lespri Sen an te anseyem poum fè lèm te libere lafwam pou yon bagay mwen te bezwen.

Pandan tan sa, Don te fè tout sa li te konnen poul kenbe pati rekòt la. Li te fè kèk rechèch sou bato ki disponib ak pri yo epi finalman rezève youn ak yon kapitèn ke li te santi ki bon. Tout bagay te fikse, epi nou tout te sitèlman eksite poun ale nan dlo ble Hawaii an.

Jou vwal la te rive, pandan nou te monte nan kannòt la, nou te kontan di kapitèn lan ke jodi a se jou nou pral trape yon marlin ble. Li te swete ke nou gen siksè nan jou lapèch la pou lòt gwo pwason espò, li te asire nou ke pa tap gen okenn chans ki nan favè nou pou nou trape yon marlin ble jodya. Avèk 2 bato pou kout vwayaj sa chak jou pou 4

dènye mwa yo, ekipaj li yo te sèlman kenbe nan yon sèl grenn marlin ble. Sa te akòz nou potko nan sezon marlin ble yo paske marlin an se yon pwason migratè. Nou te refize dekouraje, avèk anpil respè nou te di li ke nou ta pral resevwa youn epi kontinye prepare ekipman nou yo.

Aprè 6 zèdtan ap esesye nou pat gen menm yon sèl siy, mwen te vin yon ti jan enkyè ke mank nan aksyon sa ta kapab febli lafwon Don. Nan enkyetid mwen, mwen rale yon kesyon pou li. “Don,” mwen te dil nan bò pèch pa mwen anlè sou pon an, “kitem pozew yon kesyon. Kilè ou te resevwa marlin ble sa? Lèw wèl parèt oswa depi lè nou te fin priye a?” Avèk anpil konfyans, Don te reponn byen fò, “Gary, sa senp. Mwen te resevwal lèm te fin priye a.” Mwen te eksite pou konfyans mwen tandè nan repons li an. Se lè sa mwen te konnen Don te pran enstriksyon mwen yo oserye epi li te detèmine poul genyen marlin sa.

Kèk minit apre, bobin Don lan te kòmanse souke pandanl te bese bò lanmè a epi lòt moun kite la yo tap rele, “Pwason!”

“Pako vole ponpe twòp,” se sa kapitèn lan te di. “Se yon gwo pwason, men se pa yon marlin ble. Marlin an te vin rive dwat sou dlo a epi li fè gwo loupin anlè epi pwason sa son pwason ki rete byen fon.” Minit yo tap kontinye pandan Don te kontinye ap lite ak pwason an ki tap vin pi pre sou sifas la yon titan apre li te sispann lite. Menm jan Don te fatige, pwason an tou te fatige pi plis toujou epi li te abandone batay la. Don ak mwen pat sezi pandanl tap anroule gwo marlin ble sa, men tout lòt moun kite sou bato a te sezi.

Foto Don ak pwason sa rete nan biwo mwen an jiska jounen jodya kòm yon temwayaj poum bay lòt moun ak yon rapèl konstan pou mwen menm sou reyalyte Wayòm nan. Sou deyò a, se te jis yon pwason. Men, pou Don, marlin an te vle di anpil bagay. Si Wayòm nan te konn travay pou marlin yo, li tap travay pou tout lòt bagay li bezwen nan lavi a. Pou Don, se te jis yon kòmansman nan reyalyzasyon enpak Wayòm Bondye a te kapab genyen sou lavi li.

Mwen renmen istwa sa, epi mwen renmen wè lè sila yo gen eksperyans reyèl sa yo avèk Wayòm Bondye a. Se sa mwen vle pou ou menm tou!

CHAPIT 4

MWEN TE JWENN YON KLE ENPÒTAN WAYÒM NAN!

Nou tout gen plizyè kalite kle pou kay nou, machin nou yo, ak tout bagay nou vle pwoteje. Kle sa ba nou aksè ak bagay ki pwoteje andedan oswa otorite poun itilize bagay sa, tankou machin elatriye. Viv kòm yon kretyen pandan 9 ane byen long nan dezòd finansye ak dezespwa, mwen te konnen ke gen yon bagay kite manke, gon bagay ki tap mal mache. Mwen pat bezwen yon ki pou dim sa. Sa mwen te dwe konnen se te ki bagay sa ki tap mache a epi kòman poum fikse li.

Lè Senyè a te pale avèk mwen an lèm te relel poum mande Li èd, mwen te kouche sou kabann mwen nan vye fèm-kraze a, Li te dim ke pwoblèm mwen se paskem pat janm aprann kijan Wayòm Li an te fonksyone. Nan grenn fraz sa mwen te tande kle a, oswa mwen ta kapab di sous kle a oubyen kle ki nesesè yo nan—Wayòm nan. Bondye tap dim ke repons mwen an te nan Wayòm Li an. Mwen pat janm pran tan poum aprann kijan Wayòm Li an te fonksyone, men sim te gentan fè sa, mwen tap jwenn repons mwen an. Lè Bondye te pale avèk mwen jou sa konsènan mank konpreyansyon mwen sou Wayòm an, mwen reyèlman pat gen okenn ide de kisa Li vle di lè lap pale de Wayòm nan. Men, mwen te tande byen fò epi klè ke si mwen ta aprann kijan Wayòm Li an te fonksyone, mwen tap jwenn repons mwen tap chèche yo. Alòs,

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

pou mwen menm, te gen yon kle enpòtan nan deklarasyon jeneral sa, “Ou pa janm pran tan pouw aprann kijan Wayòm mwen an fonksyone!” Se vre, deklarasyon sa pou kont pal vle di yon pakèt bagay, wi, premye kle enpòtan pa mwen an nan lavim te transfòme.

Paske, yon timoun fèt pou nou, yo ban nou yon pitit gason, epi gouvènman an pral anba pouwva li. Epi yo pral relel Konseye mèveye, Bondye ki gen tout pouwva, Papa etènèl, Prens lapè. Nan ogmantasyon nan gouvènman li an, lapè pap janm gen fen. Lap gouvènmen sou fotèy David la ak sou wayòm li an, lapè tabli lajistis ak laverite depi kounya ak pou tout tan gen tan. Se zèl Seyè ki gen tout pouwva a ki pral fè bagay sa.

— Ezayi 9:6-7

Konprann byen ke Wayòm Bondye a an reyalyte se yon wayòm ki fonksyone sou baz yon gouvènman avèk lwa ki louvri zye konpreyansyon mwen sou Wayòm nan ke

mwen pat janm konnen anvan. Akòz mwen te vin konnen ke Wayòm Bondye a te etabli epi li leve byen wo gras avèk jistis (administrasyon lalwa) ak jistis pa Bondye a (lwa Li yo) ap kanpe dèyèm, bagay sa te montrem ke tout sa kap pase nan Wayòm nan se rezilta yon lwa oswa prensip Wayòm sa. Mwen petèt pa kouto ki pi file nan tiwa a, men mwen te entelijan ase poum konprann ke Wayòm nan fonksyone sou baz lalwa, map kapab aprann lwa sa yo epi aplike yo nan lavim. Pandan Bondye te kòmanse revele epi anseye Drenda ansanm avèk mwen lwa li yo, mwen te kòmanse reyalyze ke chak istwa nan Bib la te gen kle ke mwen te bezwen konnen an konsènan fason Wayòm nan te fonksyone.

Mwen te kòmanse li chak istwa nan Bib la yon fason diferan: “Poukisa sa tèt bagay te rive? Poukisa sa tèt lòt bagay pat rive?” Mwen te kapab li chak istwa avèk atitud, “Ki prensip ki revele nan istwa sa? Kijan sa te fè rive?”

Mwen te kòmanse rele tèt mwen yon syantifik espiyèl, mwen te kontan lè Sentespri a tap revelem lwa apre lalwa. Mwen te kontan plis toujou lè mwen te wè lwa mwen te dekouvri yo te kapab fonksyone nan lavim menm jan yo te konn fè sa nan Bib la. Moun yo tap mandem: “Gary, kisa ou vle di lèw pale de lwa Wayòm nan?” Anjeneral mwen raple yo tout lwa yo itilize isit la nan domèn tè a—gravite, lwa fizik, ak tout lwa ki gouvèn lanati.

Yon kiltivatè sèvi ak lwa sa yo nenpòt lè li vle; li pa oblije priye pou yo travay. Yo travay chak fwa li chwazi sèvi ak yo. Yo disponib pou nenpòt moun lan ak pou tout

MWEN TE JWENN YON KLE ENPÒTAN WAYÒM NAN!

moun ki vle sèvi ak yo. Menm jan an tou, Wayòm Bondye a fonksyone ak lwa yo ka aprann. Piske yo se lwa, yo pa janm chanje, epi moun ka aprann yo epi aplikeyo nan lavi nan Wayòm nan.

Epitou, depiw vin jwen Kris, ou se yon sitwayen Wayòm nan, epi ou gen aksè ak tout bagay sa yo. Ou kapab aprann ak itilize lwa sa yo ki nan Wayòm nan.

“Ok,” moun pral dim, “mwen jwenn pati sa ladanl, men banm yon egzanzp lwa nan Wayòm nan.” Gen anpil, anpil lwa. Anreyalite, mwen te deja ekri sou kèk ladan yo, tankou lwa jiridiksyon, lwa lafwa, ak lwa akò a, byenke mwen pat soti ak mete

etikèt sou yo kòm lwa nan chapit anvan yo. Yon lòt fwa ankò, gen anpil lwa, epi tout lwa sa yo ka divize an fonksyon ak aplikasyon wap fè avèk yo a, sa kise pati nou reyèlman vle konsantre plis sou li a. Kite mwen baw yon istwa kap edew ilistre sa map di a.

Mwen posede yon avyon, yon Piper Mirage, ke mwen itilize pou vwayaje ale nan reyinyon, rankontre avèk kliyan, epi vwayaje ale nan biznis lan. Mwen te planifye yon vwayaj poul ale Colorado poum patisipe nan yon konferans epi mwen te planifye ak anpil atansyon enspeksyon antretyen anyèl ke yo egzije pou vwayaj sa. Si ou pat konnen sa, chak avyon kap vole nan peyi Etazini oblije pase anba yon revizyon antretyen anyèl yon fwa chak ane. Pilòt mwen an tal pran Mirage lan epi apre sa pou nou te vole ale nan reyinyon an. Men, yon jou anvan li tal pran avyon an, garaj lan te rele pou yo te di nou ke yo te fè aksidan kote vitbò kote pilòt la te kase. Yo ta pral ranplase li gratis pou nou, men pwosesis la tap 3 jou anplis anvan avyon an tap kapab vole. Sa vle di Drenda ansanm avèk mwen te oblije vwayaje ale Colorado nan yon vòl komèsyal. Mwen pat gen entansyon pote plent, men nou toujou prefere vwayaje nan pwòp avyon pa nou nennpòt kote nou prale a depi nou kapab. Nou te yon ti kras desi men nou te ale nan konferans lan. Plan pa nou an se te pou pilòt nou te vin chèche nou nan avyon pa nou an poun retounen Ohio.

**PANDAN BONDYE TE
KÒMANSE REVELE EPI
ANSEYE DRENDA ANSANM
AVÈK MWEN LWA LI YO,
MWEN TE KÒMANSE
REYALIZE KE CHAK ISTWA
NAN BIB LA TE GEN KLE KE
MWEN TE BEZWEN KONNEN
KONSÈNAN FASON WAYÒM
NAN TE FONKSYONE.**

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

2 jou apre konferans nou an, yon lagrèl toudenkou frape zòn nan. Lagrèl yo te tèlman gwo ke yo te domaje tout zòn sa. Nan kèk zòn, gwo moso glas yo te rive kraze twati kay yo. Plizyè santèn machin te domaje pou reparasyon. Batiman yo ak twati kay yo te domaje. Kòm pilòt mwen an te vin chèche nou, li te pake avyon an nan menm FBO ke nou tap kite avyon an si anreyalite nou te vwayaje ak li nan kòmansman konferans lan. Yon vizyon etonan te parèt devan jem. Chak avyon kite estasyon egzaktman nan kote avyon mwen an konn pake a te domaje nèt. Avyon mwen an, gras ak favè Bondye, li pat la epi konsa li pat domaje. Yon istwa etonan kap asirew ase, men kijan sa te fè rive? Mwen vle di èske se jis yon konyensidans oswa èske avyon an ki pat la a se yon rezilta yon lwa espiyèl ke mwen te pwofite de li?

Ok, mwen konnen san okenn dout ke se te rezilta youn nan lwa espiyèl yo ke mwen te mete anplas, ke mwen pral pataje avèk ou nan yon ti kras tan. Konprann yon lwa pèmèt ou kopye menm rezilta yo chak fwa ou bezwen. Nan ka sa, mwen te pratike yon lwa Bondye te anseyem okòmansman, lè Bondye te kòmanse fòme mwen nan lwa ak operasyon Wayòm li an.

Kite mwen montrew lwa sa Bondye te montrem lan, apre sa map montrew kijan mwen te aplikel. Sonje byen, chak istwa nan Bib la ap montrew yon bagay konsènan Wayòm nan ak fason li fonksyone. Mwen rele tèt mwen yon syantifik espiyèl. Pandan map li Bib la, map toujou chèche lwa kite lakòz yon bagay oswa lwa sa yo ki pat pèmèt pou yon bagay te rive. Nou jwenn istwa ki gen rapò ak leson sa mwen vle montre nou an nan Mak 6.

Lè sa, li te gentan byen ta nan jounen an, se konsa disip li yo vin jwenn li. “Se te yon kote ki lwen,” yo te di, “li gentan trè ta. Voye moun yo ale pou yo ka ale nan pwovens ak vilaj ki antoure yo pou yo ka achte yon bagay pou yo manje.”

Men, li te reponn, “Ba yo manje.”

Yo te di li: “Sa tap pran 8 mwa nan salè yon moun! Èske nou pral depanse tout kòb sa nan achte pen pou nou ba yo manje?”

“Konbyen pen nou genyen?” Se sa li te mande. “Ale gade poun wè.” Lè yo vin konnen kantite a, yo di: “5 pen—ak 2 pwason.”

Apre sa, Jezi mande yo pou yo fè tout pèp la chita an gwoup sou zèb vèt la. Alòs, yo te chita an gwoup santèn ak senkantèn. Li pran 5 pen yo ak 2

MWEN TE JWENN YON KLE ENPÒTAN WAYÒM NAN!

pwason yo, li leve zyel nan syèl la, li di Bondye mèsi, li kase pen yo. Apre sa, Li te bay disip li yo pou yo te mete yo devan pèp la. Li separe tou 2 pwason yo nan mitan yo tout.

Tout te manje, yo te satisfè, epi disip yo te ranmase 12 panyen plen moso pen ak pwason. Kantite moun kite manje yo se te senkmil.

— Mak 6:35-44

Sa se yon bèl istwa sou ilustrasyon Wayòm Bondye ap dirije a. 5 pen ak 2 pwason bay 20,000 moun manje! Men, Gary, “ou di, ke Bib lan di te gen sèlman 5,000 gason.” Wi, li di sa, men mwen ka sipoze ke te gen fanm ak timoun la tou. Alòs, mwen devine te gen petèt anviwon 20,000 moun nan espas lan.

Lè disip yo te vin jwenn Jezi konsènan pwoblèm manje a, Jezi te vle anseye yo yon bagay konsènan Wayòm nan, kidonk li di: “Ba yo manje.” Ok, pawòl sa te choke yo anpil. Ki kote yo yap jwenn manje sa? Yo te reponn ak sèl grenn konpreyasyon yo genyen sou sèl sous pwovizyon yo konnen an—nan travay! Yo te di: “Ebyen sa tap pran 8 mwa nan salè yon nonm!” Baze sou yon dola pou plizyè èdtan pèspektiv nan fè travay ki bay doule ak sistèm swe madichon tè a, li tap enposib pou nou ba yo manje.

Men, nan Wayòm nan, diferan lwa yo sou operasyon fè tout bagay vin posib. Jezi vle ede yo wè pi lwen pase sistèm madichon tè a epi aprann yon nouvo posiblité nan Wayòm Bondye a. Apre sa, Jezi mande yo al gade kisa yo genyen pou bay foul moun yo manje. Yo tale, yo gade epi yo reponn yo ke yo te jwenn 5 pen ak 2 pwason men yo konnen sa pa tap ase pou yo ka ede foul moun sa. Apre sa, Jezi mande yo pen ak pwason an. Li te kenbe yo nan men Li, Li priye sou yo epi Li beni yo. Apre sa, li renmèt disip li yo tout bagay pou yo te kapab bay foul la. Alaverite, ou konnen rès istwa a; tout 20,000 moun kite la yo te manje jiskaske vant yo te plen depase, poutan te gen 12 lòt panyen anplis ki rete.

Kesyon pam yo se: “Poukisa Jezi te mande pou yo te pote pen ak pwason an ba li anvan Li te di yo pou yo te separe yo? Poukisa Jezi pat jis ale devan epi mande disip yo pou yo separe manje a apre ke yo te fin jwenn li? Èske Jezi te oblije beni manje a anvan?” Repons ki kòrèk la se, Jezi te dwe beni pen yo ak pwason yo anpremye. Ou wè, pen ak pwason sa yo te sou tè a anba otorite ak jiridiksyon lèzòm lè disip li yo te jwenn yo a. Nan eta sa, Jezi pat gen okenn jiridiksyon legal sou yo. Men, lè yo te pote pen an ak pwason yo ba li an sa te vin bal jiridiksyon sa, Li te kapab beni yo. Mo beni an vle di

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Repo a

sanktifye oswa separe. Kounyea, men yon lòt lwa Wayòm nan kite revele.

Aprè Jezi te fin beni pen yo ansanm avèk pwason yo, pwason ansanm ak pen sa yo te chanje wayòm.

Esansyèlman, jiridiksyon kite kouvri sou pen an ak pwason te chanje. Kounyea, Bondye te gen dwa legal poul te miltipliye pen ak pwason sa yo pou pèp lan.

Si Jezi pat pran pen ansanm avèk pwason sa yo poul beni yo, yo pa tap miltipliye.

Nou itilize menm lwa sa lè nou beni manje nou yo, byenke mwen panse ke pifò moun pa reyalize ke se sa yap fè kounyea menm lè yo priye pou manje yo. Men, tou senpleman, lè nou priye sou manje nou yo, li chanje wayòm, konsa sa pèmèt Bondye pwoteje nou kont nenpòt bagay ki danjere nou ta kapab manje. Mwen bezwen ajoute yon ti nòt nan pati sa. Si nou vle kontinye viv epi manje tenten ak manje bagay nou konnen ki pa bon pou nou, nap rekòlte sa nou simen. Men, si nou ta manje yon bagay danjere, yon bagay ke nou pat reyalize ki tap fè nou mal, Pawòl Bondye a ap pwoteje nou menm jan li te pwoteje avyon mwen an. Mwen pap pale demòd rituèl lapriye kew tandè pifò moun ap priye sou manje yo. Men, lapriye nan lafwa, di Bondye mèsè pou li retire maladi nan mitan nou, pèmèt nou kòm sitwayen nan gwo Wayòm Li an, pou nou jwi pwomès Li yo.

Epi lè yo bwè bagay ki gen pwazon ki kapab touye moun, sa pap fè yo mal ditou.

— Mak 16:18

Nan mond lan jounen jodya, nou bezwen konfyans nan pwoteksyon Bondye a pou ban nou repo. Gen anpil bagay ki ka vòlè lapè nou sou tout fòm, li kapab manje nap manje a. Fèm konfyans, ou kapab asirew ke Satan genyen yon konplo poul vòlè sante ak kapasitew pou yo pa efikas kont li nan domèn tè a atravè manje!

Nou kapab wè yon lòt egzanp ankò sou pwoblèm nou yo, pwoblèm pa nou yo, lapè nan lespri nou, nan moman sa menm tout bagay nan lavi nou anba jiridiksyon Wayòm nan dapre Filipyen 4:6-7.

MWEN TE JWENN YON KLE ENPÒTAN WAYÒM NAN!

Pa enkyetew pou anyen, men nan tout bagay, pote demand ou yo nan

lapriyè, ak di Bondye mèsi, prezante demann ou yo bay Bondye. Epi lapè Bondye a, ki depase tout konpreyansyon, ap pwoteje kè nou ak lespri nou nan Jezikri.

— Filipyen 4:6-7

Lè nou priye pou yon bagay, sa mete pwoblèm oswa difikilte sa yo anba jiridiksyon Wayòm Bondye a. Si nou pa priye pou sa, men Bondye ap mare. Alòs, Bib la di priye san rete (1 Tesalonisyen 5:17) ou pa genyen paske ou pat mande Bondye (Jak 4:2).

Lè mwen te achte avyon mwen an ak lè map achte nenpòt lòt bagay lan, mwen toujou priye sou li, mwen mete men mwen sou li, epi mwen metel anba jiridiksyon Wayòm Bondye a pou akonpli sa li dwe fè pou li sèvi Wayòm Bondye a ak sa mwen dedye poul fè. Poutèt rezon sa, avyon mwen an pat nan limit Satan ak sèviteur li yo. Pa gen okenn bagay mal ki pral rive mwen nan avyon sa!

Sa ke gen yon mwa konsa, mwen te vwayaje nan Mirage soti nan vil Houston pou ale Ohio apre yon konferans. Li te ta pandan nou te sou wout atravè pwovens fènwa sa. Zeklè tap limen nan syèl la nan distans sou bò dwat ak sou bò gòch nou an kòm tèt tanpèt la ki tap deplase sou tout peyi an. Tèt tanpèt la te fè nou oblije chanje pakou nou pou nou te kapab rete lwen tanpèt la, se poutèt sa, nou te boule plis gaz ke nou te planifye. Alòs, pou nou asire nou nap rive lakay nou an sekirite epi pou nou satisfè règleman FAA konsènan rezèv gaz ki dwe nan avyon an, nou te deside kanpe nan vil Louisville, Kentucky, pou nou pran kèk galon gaz. Nou te ateri ak anviwon 30 galon gaz nan avyon an, men nou te gen pou nap vwayaje pandan yon lòt èdtan ankò epi nou pat vle kouri kout. Nou te antre nan FBO a epi nou te mande yo mete 20 galon gaz nan chak tank zèl yo. Sa tap ban nou jiska 70 galon, plis pase ase poun vole distans kite rete poun rive nan eta Ohio paske avyon nou an Mirage boule apeprè 22 galon gaz pandan 1 èdtan.

Pandan nap tann nan FBO fini, demwazèl kite nan kontwa a te di nou li tap kapab mete rive jiska 40 galon yo. Apre li te fin di sa, teknisyen an te vini ak kèk dokiman konsènan tranzaksyon an. Demwazè la te pran yo nan men li, li te gade yo, epi answit li te di: “Gen yon bagay ki pat bon nan sa yo. Nimewo yo pat koresponn.” Teknisyen an te di ke li tap mete gaz lan epi li tap kapab ranje nimewo yo pita. Li te

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

reponn, “Ok,” men li te di jiskaske nimewo yo te fikse, li pa tap kapab banm yon resi men li ta dwe imèl resi a ba nou. Nou te di, “Pa gen pwoblèm,” epi yo te mache soti nan avyon an ansanm avèk teknisyen an. Pilòt mwen an te mande monitè a poul verifye si li te mete 20 galon nan chak bò yo, epi li te reponn, “Wi, mwen te mete 20 galon nan chak bò.”

Aprè sa, nou te ale Ohio, avèk apeprè 40 minit nan vòl nou an, toudenkou, tank gòch la te vin sèch. Nou te choke; kijan yon bagay sa te kapab rive? Yon minit aprè, tank dwat la te vin sèch tou. Li te minwi nan yon syèl nwa, epi nou te nan otè 15,000 pye san okenn kouran. Kisa kite pase? Nou te fenk sot mete gaz. Moun ta pral dim: “Èske avyon ou an pa gen yon mezi pouw kontwole gaz?” Se vre, men mezi gaz avyon nou an monte tou dousman lè yap bay gaz. Siw te janm gen chans pouw te kondwi yon ansyen Sòbèbann yo, ou ta pwobableman konprann de kisa map pale a. Mezi gaz yo reponn tou dousman lè yap mete gaz.

Alòs, nan ka sa, pilòt mwen an te mande teknisyen an anpèsòn si li te mete gaz nan avyon an ak pouki kantite lajan li te mete, nou te wè kamyon gaz la ki tap mete gaz nan avyon an epi nou te verifye 2 fwa ke yo te mete yon kantite total 40 galon nan avyon an. Aprè nou te fin verifye gaz, nou te mete yon kab gaz dijital ki tap swiv kòman

GEN LWA NAN WAYOM NAN KE OU DWE APRANN POWW KAPAB EFIKAS, AN SEKIRITE EPI POWW GEN PWOVIZYON ISIT LAN SOU TÈ A.

gaz lan boule reyèlman jiskaske nou rive nan yon dizyèm galon. Nou panse ke nou te fè tout sa nou te dwe fè sou bò pa nou pou nou te kapab ansekirite.

Nou te deklare ijans epi yo te oblije glise desann nan ayewopò Greater Cincinnati, ki reyèlman pat yon pwoblèm paske nou te dirèkteman sou tèt li lè tank yo te sèch la, men li te yon ti jan enteresan an reyalite. Nou te konnen pita, se te premye avyon teknisyen an tap mete gaz ladanl. Li te mete 2 galon nan chak tank yo, se pat 20. Li pat konnen kijan poul te li kalibraj mèl la. Ou serye? Epi se te sa sèlman konpayi nasyonal sa te fè, se mete gaz nan avyon—enkwayab!

Sa lènmi an te vle utilize pou fè mal la pat vrèman yon pwoblèm, men li te kapab yon gwo pwoblèm si nou tap kouri sèch konsa nenpòt lòt kote a nan menm 15,000 pye a. Yon lòt bagay ankò, lènmi an pat ka fè mwen anyen ki mal oubyen avyon mwen an. Poun te evite yon lòt tantativ advèsè nou an, nou kèk nan pwosedi pou nou mete gaz nan

MWEN TE JWENN YON KLE ENPÒTAN WAYÒM NAN!

avyon an depi lè. Koulyea, nou pa kite avyon an bay yon teknisyen pou mete gaz ladan san ke nou pa kapne la ansanm avèk li pou kontwole tout pwosesis la. Ensidan sa te kapab tounen yon katastwòf si nou pat rapid nan apwòch oswa si te gen move tan; men verite a, sa pat rive paske mwen te gen yon alyans nan pwoteksyon.

Tou 2 ensidan sa yo avèk avyon mwen an konsènan sekirite avyon an ansanm ak sekirite pou tèt pam, se te yon rezilta alyans mwen an, dwa legal mwen genyen nan Wayòm nan. Se vre, mwen te kapab rakonte ou istwa sa sou ki jan mwen te resevwa avyon sa anpremye, men mwen pap di anyen pou kounyea. Mwen panse ke ou konprann pwen mte vle fè an—Bondye enkwayab!

Gen lwa nan Wayòm nan ke ou dwe aprann pouw kapab efikas, an sekirite, epi pouw ka gen pwovizyon isit lan sou tè a. Satan rayi nou, men li pa ka anpeche nou, fè lwanj Bondye. Pwoteksyon tou se repo, pa gen enkyetid, epi pa gen laperèz! Se dwa legal ou.

Lòt bagay, lwa ke mwen sot dekri ak itilize la yo se sa mwen rele lwa jiridiksyon an, si toutfwa ou tap poze tèt ou kesyon ki lwa sa.

Yon lòt Vèsè ankò ke Bondye te ban mwen nan kòmansman an konsènan Wayòm Li an se te Lik 6:20.

Benediksyon pou nou menm ki pòv, paske wayòm Bondye a se pou nou.

— Lik 6:20

Drenda ansanm avèk mwen te kòmanse etidye sa Bondye te vle di pou “Wayòm Bondye a” nan Vèsè sa pwemye fwa Senyè a te montre nou li a. Yon fwa ankò, li te montre nou ke Li se yon wa nan yon wayòm, ki tap gouvène ak dirije ak lwa. Kòm egzanp, ann gade sou fwontyè sid nou an. Chak ane, plizyè milye moun eseye fofile antre nan peyi Etazini. Poukisa? Èske se paske yo pa gen bèl peyizaj kote yap viv la? Non, se pa vre. Yap eseye antre Etazini akòz gouvènman an ki bò isit la. Gouvènman nou an gen lwa ki pwoteje dwa moun epi ki bay anpil libète ki pa disponib nan lòt nasyon yo: posiblite pouw se pwopriyete, dwa pou posede pwòp biznis paw, dwa pouw adore jan ou vle, ak libète pouw pale saw vle. Anpil nan bagay sa yo pa disponib nan anpil lòt nasyon yo.

Nou te gentan pale anpil sou Wayòm Bondye a, fondasyon tout kle, prensip ak lwa Bondye ban nou kòm sitwayen. Konesans ou oswa mank de konesans nan lwa sa yo

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

ka diferans ki genyen ant lavi oswa lanmò, viktwa oswa defèt. Apre mwen fin soufri pandan nèf ane sa yo nan laperèz finansye, feblès epi kounyea mwen libere, mwen pap ka pa mete aksan sou jan li enpòtan pouw konnen kisa sa vle di yon sitwayen nan Wayòm Bondye a ak enpòtans pou konnen tout lwa ak prensip sa yo ki fòme Wayòm sa.

Depi plizyè milye ane egzistans tè a, men nou pat konprann anpil nan bagay nap jwi jounen jodya. Kòm egzanp, mwen vle ou imajine kijan sa te ye nan lavèy Nwèl ane 1906 nan Ocean Bluff-Brant Rock, Massachusetts. Gen yon bagay te rive kite chanje mond lan jou sa. Reginald Fessenden te jwe *Oh Holy Night* pou bato ki soti nan lanmè atravè yon zond radyo epitou li Lik chapit 2. Sa se te premye transmisyon radyo toupatou nan mond lan. Koulyea, nou pran yon telefòn selilè epi nou ka pale ak nenpòt moun nenpòt kote yo ye sou planèt la san yo pap reflechi sou ak sa.

Oswa kisa te pase Janvye 1879? Thomas Edison te envante anpoul limyè a avèk siksè, epi kounyea, chak nasyon sou tè a sèvi ak lwa elektrisite sa ak lwa ki gouvènè fizik la pou yo kapab wè nan mitan lannwit.

Oswa kisa te pase 17 Desanm 1903? Frè Wright yo te reyisi fè premye avyon an vole, epi kounyea nou ka monte nan yon avyon modèn epi vwayaje ale atravè mond lan nan yon kesyon èdtan sèlman. Avyon A380 an, pi gwo avyon komèsyal la, ki peze 1.2 milyon liv, ka vole avèk plis pase 800 moun pou plis pase 9 èdtan san yo pa ravitaye nan apeprè 600 mil kilomèt chak 1 èdtan atravè latè. Si moun te wè yon bagay konsa nan ane 1800 yo, yo tap endispoze lè yo wè yon bagay konsa. Men, kounyea, so bagay nòmal, ki komen pou nou tankou baskile yon entèripte ak vire yon anpoul.

Pwen map fè a mwen vle diw ke tout lwa sa yo te gentan isit lan deja, yo te toujou la, nan domèn tè a depi lè lèzòm tap kreye. Yo te toujou disponib pou moun itilize yo; li jis pat wè yo. Li wè zwazo yo kap vole, li wè zèklè, men li te toujou pat konprann.

Menm bagay la se verite tou konsènan Vèsè yo. Relijyon te fikse limit la konsènan sa Pawòl Bondye a vle di. Ou ansanm menm avèk mwen tandè, pandan plizyè ane, ke tout bagay sa yo te pase, Bondye pa fè mirak ankò. Kado Lespri a se te jis pou apot yo, oswa pikan Pòl te malad. Anreyalite, Pawòl la trè senp. Sa vle di egzakteman sa li di a. Men, fondasyon an nan Wayòm nan se premye kle enpòtan ou dwe genyen pou debloke tout lòt pòt yo.

Kounye a Men yon lòt kle Enpòtan:

Lwa sa yo pa chanje!

Lage yon wòch epi li pral tonbe. Konbyen fwa li pral tonbe? Chak fwa! Lwa gravite a asirew ke wap jwenn menm repons lan chak fwa. Menm bagay sa se laverite pou Wayòm Bondye a.

CHAPIT 5

VOLE PI BON KE MACHE

Vole pi bon ke mache! Pandan mwen tap ekri chapit sa, mwen tap vwayaje ale lakay mwen kite kay ete nou an nan Kanada nan pwòp avyon pam, mwen tap vwayaje a 250 kilomèt yon 1 èdtan a 23,000 pye anlè sou tè a. Pandan plizyè ane, nou te konn kondwi ale Kanada soti lakay nou Ohio. Se te yon long trajè epi ki fatigan 31è kondwi machin. Mwen ta dwe ap kondwi tout nwit lan poun rive nan jou kap vini an. Wi, te gen kèk fwa nou te konn fè vwayaj la nan 2 jou, men lè ou gen yon vakans kap dire 2 semèn epi kat jou sèlman epiw pase 4 jou ap kondwi, ou vin pèdi twòp tan nan jou vakans yo. Men, waw, mwen te fatige lè nou te resi rive, epi, mwen ta pral oblije kondwi pandan 31èdtan poun tounen Ohio.

Mwen te toujou renmen avyon epi mwen te gentan gen lisans pilòt mwen depi lè mwen te gen 19 lane, men mwen jis pat janm panse poum te posede yon avyon. Mwen te di, èske ou te janm tcheke pri yon avyon? Men, plis mwen tap aprann konsènan Wayòm nan, mwen te rann mwen kont ke se mwen menm ki tap kenbe avyon sa, “Non” ak mod panse povrete mwen yo. Nan moman sa menm, mwen gen 2 avyon, youn ke mwen itilize pou plezi, kise premye avyon mwen an, ak lòt la, mwen itilize poum vwayaje. Jan mwen te pale de sa nan chait anvan an, “Pa gen-fòmasyon” nou fè an pa pèmèt pouw reve oswa bay posiblite. Nou te kanpe yo anvan menm ke yo kòmanse.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Repo a

Mwen pat janm panse posede yon avyon anvan sa. Mwen jis pat wè kijan sa ta ka posib. Pandan plizyè ane, mwen te lwe avyon poum te vwayaje. Men, pandan mwen tap etidye lwa Wayòm nan epi mwen tap gade istwa yo youn apre lòt nan lavi mwen ki montre Wayòm nan, mwen te deside ke mwen tap fè Bondye konfyans poum gen pwòp avyon pam. Mwen pat gen lajan poum achte youn nan epòk sa, men mwen te pran yon chèk, epi nan seksyon memo a mwen te ekri “pou avyon mwen an.” Mwen te bay lis egzat kalite avyon mwen tap resevwa. Madanm mwen ansanm avèk mwen te simen chèk sa nan Wayòm nan dapre Mak 11:24, mwen te gentan kwè mwen te resevwal lè mwen tap priye a. Se sa Senyè a tap montrem fè depi okonmansman konsènan Wayòm nan. Mwen te wè pwodui sa nan lavi mwen anpil, anpil fwa.

Kèk semèn apre, mwen tap fè yon egzibisyon woutin epi doktè a te mandem, “Pa chans, èskew pa konnen yon moun ki tap enterese poul achte yon avyon?” Mwen te sezi, paske pèsonn pat janm mandem sa anvan. “Ki kalite avyon li ye?” Se sa mwen te mande li. Li te kontinye eksplikem ki model avyon an te ye epi li te dim avyon an te kanpe nan ayewopò lokal la èske mwen te vle al fon gade li. Etonan, se te egzakteman kalite avyon mwen te simen pou li an! Mwen te ale nan ayewopò a epi gade avyon an, li te anfòm. Mwen te konnen se te avyon mwen an. Men, te gen yon pwoblèm; Mwen pat gen lajan poum te achte avyon an. Mwen te di doktè a ke mwen te enterese anpil ak avyon an epi mwen tap retounen kote li.

Plizyè semèn te gentan pase epi mwen te resevwa yon apèl de yon frè mwen ki tap travay nan restoran papam tou pre yon batiman mwen posede. Mwen te jis pran posesyon batiman sa kèk mwa pi anvan fen sezon otòn la. Mwen te planifye poum fè batiman sa tounen yon konplèks pou biwo konpayi sèvis finansye mwen an. Batiman an pat satisfè kòd batiman komèsyal yo pou objektif mwen te vle li an, alòs mwen te konnen mwen tap oblije rebati li. Mwen kontakte yon bès mason kite trase plan yo, epi nou te siyen yon kontra. Sepandan, nou te deside ke nou ta dwe tann jiska prentan rive anvan nou te kòmanse pwojè a akòz enkyetid move tan. Reyabilitasyon an tap enplike yon rekonstriksyon konplè nan batiman an.

Ansyen pwopriyetè batiman an te dim ke dlo a te fèmen pandan sezon fredyè a, kidonk mwen pa janm tcheke sa. Apèl telefonik sa kem te resevwa de frèm nan se te fen mwa fevriye apre yon peryòd chalè te kòmanse fonn nèt sezon fredyè a. Li te dim ke batiman mwen an te kraze paske te gen dlo ki tap soti ladanl koule nan lari a. Li menm ansanm ak mwen te konnen kisa sa vle di—dlo a pat fèmen jan ansyen pwopriyetè ate

dim sa a. Sanm pap twonpem, pandan mwen tap egzamine domaj yo, tiyo twalèt ki anlè yo, ansanm ak tiyo twalèt ki anba a epi tiyo kwizin nan yo tout te pete epi dlo te anvayi batiman an. Tout klwazon sèch la, plafon yo, ak mi yo te tonbe soti nan poto yo.

Okòmansman, sa ka sanble yon gwo dezas, men plan reyabilitasyon mwen an te egzije poum te chanje tout klwazon sèch yo nan mi yo epi konfigire nouvo chanm. Nou te dwe ranplase Planche ki deyò a tou. Alòs, reyalite a, dlo a pat fè batiman an mal ditou. Nenpòt domaj kite fèt la yo te rive nan zòn ki ta pral rebati konplètman yo de tout fason. Sepandan, lè mwen te achte batiman an, mwen te mete asirans sou li. Tout domaj sa yo te kouvri, epi konpayi asirans lan te banm yon chèk—ou ta ka devine wi—se te poum peye avyon mwen an. Avyon sa, yon Piper Warrior, fasil pou vole, epi mwen vole avèk li souvan pou plezi. Chak fwa mwen vole ak li mwen sezi wè kijan se te yon bon bagay pou mvole nan avyon ke mwen peye a. Jouk jounen jodya mwen toujou posede avyon sa, li pral gen 20 ane yo konsa.

Malgre ke nan istwa sa evènman kite pase yo te etonan anpil, mwen pat vle kite ou ak yon move pèspektiv sou fason bagay yo fonksyone. Bagay yo pa toujou parèt toudenkou menm jan nan istwa sa. Bondye kapab fèw jwenn yon opòtinite pouw fè lajan pouw kapab peye pwòp avyon paw, oswa pouw jwenn yon pi bon lavant. Mod-pansew vlew genyen lèw plante nan Wayòm nan epi Bondye pral montrew rekòt la ak yon plan pouw ka kenbel. Dezyèm bagay se pouw rete nan devlope lafwaw ak kapasitew. Mwen te fè moun panse ke depi Bondye ta montre yo kijan pou yo peye machin yo epitou se ta ka ale pi lwen toujou nan plante pou yon billions dola. Siw pa gen ase lafwa pou yon billions dola! Kòmanse akotew ye a epi kòmanse aplike lwa Wayòm nan epi devlope konfyans ou nan lwa Wayòm nan ak kapasitew pou pran sa Bondye montrew.

Men, gen yon pwen mwen vle wè nan pati sa. Mwen te pilòt pou plis pase 20 lane anvan mwen te achte avyon sa. Èskew panse lwa Wayòm nan tap fonksyone 20 tan anvan sa? Wi, yo tap fonksyone. Konpreyansyon mwen, oswa mwen ta dwe di mank de konpreyansyon mwen, pat pèmèt mwen anvizaje poum ta posede yon avyon. Moun te gade zwazo kap vole pandan plizyè milye ane, lwa asansè a fonksyone nan gwo lajounen chak jou pou tout moun kapab wè, men pèsonn pat wè li. Poukisa ou pat wè sa? Reflechi sou li.

Youn nan Vèsè yo ke Bondye te anseye mwen nan premye jou yo konsènan repo nan dispozisyon Wayòm nan se Pwovèb 10:22.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

Benediksyon Senyè a pote richès epi li pa ajoute pwoblèm ladani.

— Pwovèb 10:22

Vèsè sa fè referans poun tounen nan vèsè ak prensip ki soti nan Jenèz 3:17 mwen te gentan pataje anvan an.

Malediksyon pou latè akoz ou menm! Se nan travay ki fè lapenn, wap manje pandan tout laviw. Li pral fè pikan poue pou ou, epi ou pral manje plant nan jaden. Se ak swe sou fwonw, ou pral manje ou jiskaske ou retounen pousyè.

— Jenèz 3:17

Lè Adan te pèdi Wayòm nan, li te pèdi pwovizyon Wayòm nan epi yo te kite lak pwòp efòl poul siviv. Men, jan ou menm ansanm avèk mwen te deja dekouvri sa, nou jis paka kouri vit ase akoz travay ki ki bay doulè epi swe poun rive jwenn libète sa nou telman anvi genyen an. Kounyea , men bòn nouvèl la!!!! Jezi te vini preche bòn nouvèl la bay pòv yo!

Lespri Seyè a sou mwen, paske Seyè a chwazim poum anonse pòv yo bòn nouvèl la.

— Ezayi 61:1

Yo te voye Jezi preche bòn nouvèl la bay pòv yo. Kisa ki tap yon bòn nouvèl pou pòv yo? Li senp, yo pa oblije mare nan mank ak povrete pou pwovizyon akoz sistèm madichon ki sou latè a. Fèn konfyans, apre mwen te fin viv—oswa mwen ta dwe di siviv—pandan 9 ane san anyen anba dèt ak estrès, Vèsè sa se te yon bòn nouvèl pou mwen, men li te twoublan. Èske sal di sse sal te vle di tout bon vre? Èske li pa tap pi gran si sal di a se sa menm li te vle di tout bon vre, ke benediksyon Senyè a tap pote richès tout bon vre nan lavi nou? Mwen reyèlman te bezwen konnen si sa te laverite, ak kijan poum te aplike li. Sepandan, youn nan bagay mwen te konprann, se te madichon nan travay di ak swe te kapab bay sèlman nan nivo sivivan—epi siviv te jis pat bon ase. Pa gen moun kite vle libere anba madichon sa plis pase mwen, men poutan mwen pat gen okenn siy sou kijan poum te fè sa rive nan lavim. Mwen te panse ke se te konsa anpil kretyen tap viv—li pwomès Bondye yo men yo pat konnen kijan pou yo apwopriye yo de pwomès la, apres a fèl manifeste nan pwòp lavi yo.

Pandanm te kòmanse ap etidye epi pandan Senyè a tap dirijem nan konpreyansyon mwen sou prensip Wayòm nan, mwen te li kijan Abraram te rich anpil. Kanpe la! Kisa ki nan sistèm madichon tè a; kijan li te rive simonte bagay sa?

Abram te vin rich anpil nan bèt ak nan lajan ak lò.

— Jenèz 13:2

Li te vin rich—non, Bib la di li te rich anpil—men kòman? “Ok,” ou kapab ap di, “se paske li te rele Abraram.” Non, se pat sa, epi men ki kote ou bezwen pran konpreyansyon paw lan de lwa yo nan Wayòm nan. Lwa yo pap siveye kiyès ou ye. Yo pa gen respè pou pyès moun. Si yon moun, nenpòt moun li ye an, te vole desann sou tèt batiman Empire State Building nan san yo pat gen yon parachit, kèlkeswa jan yo te gwo oswa piti a kòm yon moun, tout moun deja konnen rezilta a. Lwa gravite a ap fonksyone chak fwa. Alòs, kijan Abraram te pwospere malgre madichon tè a? Èske gen endikasyon nan istwa li an ke nou kapab jwenn? Nap jwenn yon pati nan repons lan si nou tounen nan Jenèz 12 la. Kote sa, Bondye te bay Abram, pita ki te vin Abraram, yon pwomès konsènan lavil ak desandan li yo.

Seyè a te di Abram konsa: Kite peyi ou, pèp ou a ak fanmi papaw, ale nan peyi Mwen pral montrew. Map fèw tounen yon gwo nasyon, map beniw. Map fè non ou gran anpil, epi ou pral yon benediksyon. Map beni moun ki va beni nou yo, moun ki va ba nou madichon, ma madichonen yo pie tout pèp ki sou latè pral jwenn benediksyon gras ak ou.”

— Jenèz 12:1-3

Pwomès la te depann sou lafwa Abraram te gen nan Bondye ak obeyisans li, epi li te mande anpil lafwa pou yon moun te kite tout moun sa yo ke li konnen epi sanl pat konnen ki kote li prale.

Gras ak lafwa Abraram, lè yo te relel yon kote ke li ta pral resevwa kòm eritaj li pita, li te obeyi epi li te ale, menmsi li pat konnen ki kote li ta prale.

— Ebre 11:8

Se konsa, nou jwenn ke Bondye te jwenn aksè legal nan domèn tè a atravè yon nonm kite kwè nan Li menm lè sa Li te mandel la pat gen okenn sans. Lafwa Abraam te

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

pèmèt Bondye benil pèsònèlman. Men pita, gras ak lafwa Abraram nan, Bondye tap fè yon alyans avèk li tou konsènan eritye li yo. Pa panse sa son bagay ki etranj. Sonje byen, se konsa Satan li menm te jwenn aksè nan domèn tè a nan kòmansman an. Se Adan, kite gen jiridiksyon legal sou tè a, jan sa ekri nan Ebre 2:7-8, li te chwazi kwè Satan olye kel te kwè Bondye.

Lafwa Abraram, te louvri yon pòt legal pou enfliyans syèl la nan lavi li, te pèmèt li pwospere anpil. Pwosperite sa tap pwolonje nan tout eritye Abraram yo. Pandan mwen tap etidye plis sou sa, mwen te kontinye li sou Jozèf, kise gran-pitit pitit Abraram. Mwen te jwenn yon gwo ilistrasyon ak konpreyansyon sou Wayòm nan ak fason li fonksyone, espesyalman, pawòl sa yo ke Pwovèb 10:22 vle di.

Pouw prepare etap la, frè Jozèf yo te rayil epi yo te vann li kòm esklavaj bay komèsan esklav ki tap vwayaje souvan nan zòn yo a. Yo mennen Jozèf nan peyi Lejip, kote yo te vann li bay Potifar, yon kòmandan nan lame peyi Lejip la. Se nan tèks ki vin apre a mwen te jwenn yon gwo pyès nan devinèt la konsènan kapasite Abraram pou pwospere nan degre li tap pwospere a.

Kounyea, yo te mennen Jozèf nan peyi Lejip. Potifa, yon moun peyi Lejip kite youn nan chèf farawon yo, kòmandan gad la, te achte li nan men Izmayèlit yo kite vin avèk li la. Seyè a te avèk Jozèf, li tap pwospere, li te rete nan peyi a kay mèt moun peyi Lejip yo. Lè mèt li wè Seyè a te avèk li epi Seyè a tap fèl fè siksè nan tout sa li tap fè, Jozèf te jwenn favè nan zyel, li vin ap viv nan kay mèt li a.

Potifa te metel reskonsab kay li, e li te konfyel tout sal te genyen. Depi lè li te metel reskonsab kay li an ansanm ak tout sil te genyen, Seyè a te beni moun peyi Lejip yo akoz Jozèf. BENEDIKSYON SENYÈ A SE SOU TOUT SA POTIFA TE GENYEN, NI NAN KAY LA AK NAN TÈREN LI YO. Se konsa, li kite anba responsablite Jozèf tout sa li te genyen; Depi Jozèf te fin reskonsab afè li yo, li pat enkyetel pou anyen eksepte manje li te konn manje.

— Jenèz 39:1-6

Tèks la di aklè ke se benediksyon Senyè a kite lakòz pwosperite Jozèf. Men, kisa kite oubyen kisa kise Benediksyon Senyè a? Mwen remake ke se te "la" Benediksyon Senyè a, se pat "yon" benediksyon Senyè a. Nou tout ta kapab di konsènan yon gwo

bagay ke “se te yon benediksyon.” Men, tèks sa pa fè referans ak li de fason jeneral, bon bagay ap rive. Lap pale de “Benediksyon an.”

Mwen te reyalize ke Benediksyon Senyè a, an reyalite se te, alyans ki te fèt ant Bondye avèk Abraram epi eritye li yo. Espesyalman Benediksyon an se te pwomès yo te bay Abraram nan alyans sa. Yon akò legal genyen ladanl devwa ak obligasyon tou 2 pati ki enplike yo, men li tou site benefis yo pou chak pati yo. Nan ka sa, pwomès yo te bay Abraram lan te bay avantaj akò a. Obligasyon an, pou jwi benefis sa yo, se te suiv dekrè ak lwa Senyè a. Mwen te wè aklè kèlkeswa sa Jozèf te pote anba jiridiksyon legal li an yo tout te vin anba oswa te jwi menm pwomès oswa benefis sa yo.

Aprè sa Pwovèb 10:22 te vin gen sans pou mwen. Pwomès Bondye te bay Abraram nan kòm yon akò legal te ranvwaye sistèm madichon ki sou tè a nan povrete. Benediksyon yo te bay Abraram lan te fè li legal pou Bondye beni Abraram ak desandan li yo, pwosperite ak enfluyans ke Bondye te vle lèzòm genyen. Kounyea, ann li Pwovèb 10:22 nan konpreyansyon nou ekri anndan parantèz yo.

Yon Kle Prensipal:

Benediksyon Senyè a [Pwomès yo te Bay Abraram yo] Pote Richès epi li pa Ajoute Lapenn Ladanl.

Fraz “*li pa ajoute lapenn ladanl*” lan a ap fè referans ak sistèm madichon sou tè a nan Jenèz 3:17 la—atravè travay ki bay doulè ak swe. Mo ebre pou lapenn vle di travay di tou! Ou wè li? Lòm ka chape anba madichon sou tè a limitasyon nan travay ki bay doulè ak swe gras ak pwomès yo te bay Abraram nan. O, mwen konnen akisa wap panse: “se Abraram ak desandan li yo ke yo te bay pwomès sa yo sèlman.” Wi, men mwen bezwen montre nou yon lòt vèsè nan, Galat 3:13-14.

Kris la te rachte nou anba madichon la lwa a lè li te tounen li menm yon madichon pou nou, paske men sa ki ekri: “Madichon Bondye pou tout moun ki pandye sou yon pye bwa. “Li te rachte nou pou benediksyon [pwomès] yo te bay Abraram yo te ka rive jwenn moun ki pa jwif yo atravè Jezikri, pou nou ka resevwa pwomès Lespri a gras ak lafwa.

— Galat 3:13–14

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvw a Repo a

Kounye a, gras ak lafwa, antanke moun ki kwè nan Jezikri, nou patisipe nan benediksyon Abraram te bay la. Alòs, ki benediksyon yo te bay Abraram? Nou ka jwenn yon lis pwomès say o nan Detewonòm 28.

Si nou obeyi Senyè a, Bondye nou an san manke moso, epi si nou swiv tout kòmandman li yo mwen ban nou jounen jodi a, Seyè a, Bondye nou an, ap mete nou pi wo pase tout lòt nasyon yo ki sou latè. Tout benediksyon sa yo ap vin sou ou epi yo pral akonpaye ou si ou obeyi Seyè a, Bondye nou an:

Ou pral beni nan vil la epi beni nan tout peyi a. Benediksyon pou fwi matris ou yo, pou rekòt ou yo ak pou jenn bèt ou yo—bèf ou yo ak ti mouton ou yo.

Yo pral beni panyenw yo ak bokit ou yo.

Ou pral beni lèw antre epi wap beni lèw prale.

Seyè a pral fè tout lènmi ki leve kont ou yo bat devan ou. Yap vin jwenn ou nan yon sèl direksyon, men yo pral kouri pou ou nan sèt.

Seyè a pral voye benediksyon sou depo nou yo ak sou tout bagay nou mete men nou. Seyè a, Bondye nou an, va beni nou nan peyi lap ban nou an.

Seyè a pral fè nou tounen pèp ki apa pou li a, jan li te pwomèt nou an nan sèman an, si nou kenbe kòmandman Seyè a, Bondye nou an, si nou mache nan chemen li yo. Lè sa a, tout pèp ki sou latè va wè jan Seyè a te rele ou, ya gen krentif pou ou. Seyè a pral ba ou anpil pwosperite—zantray ou ap beni, nan pitit bèt ou yo ak nan rekòt nan tè ou a—nan peyi li te sèman bay zansèt ou yo ke Lap ba ou a.

Seyè a pral louvri syèl la, depo byen li yo, pou LI voye lapli sou tè nou an nan sezon lapli, pou Li beni tout travay yo nou fè ak men ou. Ou pral prete anpil lòt nasyon men ou pap prete nan men pesonn. Seyè a pral fè se ou ki tèt, ou pap ke. Si nou fè atansyon ak kòmandman Seyè a, Bondye nou an, ke mwen ban nou jounen jòdi a, epi si nou swiv yo avèk anpil atansyon, nap toujou an pwemyet, nou pap janm anba. Pa vire do bay okenn nan kòmandman mwen ba ou yo jodi a, ni vire gade adwat ni vire gade agoch, oswa al swiv lòt bondye epi sèvi yo.

— Detewonòm 28:1-14

Tout pwomès sa yo, byenke nan Ansyen Testaman an, se kounye a pou ou jwi yo. Diferans lan se ke nan Ansyen Testaman an moun yo te gen aksè nan yo gras ak sa

yo te fè, men nou menm nap gen aksè nan yo gras ak lafwa nou nan Jezikri anba nouvo alyans lan. Ou menm ak mwen, antanke moun ki pa jwif, nou te grefe; epi kounye a, gras ak Jezikri, nou patisipe nan benediksyon Abraram lan. Men, nou gen plis ke jis benediksyon fizik Abraram nan, nou gen benediksyon esprityèl nouvo nesans lan. Kounye a, nou gen benediksyon fizik Abraram sou tè a, men nou genyen tou benediksyon etènèl syèl la ansanm avèk Lespri Sen an ki aktyèlman abite nan nou antanke pitit gason ak pitit fi Bondye. Sonje byen, se sèlman pitit gason ak pitit fi ki genyen eritaj la; esklav pap kapab. San nouvo nesans lan, byenke Abraram te renmen Bondye, Lespri Sen an pat rete nan li, ni li pat kapab antre nan syèl la. Wi, se vre, li te antre nan syèl la apre Jezi te fin peye dèt peche a.

Kounye a mwen te konprann sa Pwovèb 10:22 te vle di a lè li te di ke Bondye pote richès epi li pa ajoute lapenn ladanl. Lapenn nan lang ebre a vle di travay di, sa mwen te konprann kounye a pou fè referans ak sistèm madichon tè a nan travay di kap bay doulè ak swe. Mwen te konprann ke alyans sa, benediksyon sa nan pwomès èd Bondye a ansanm avèk benefis li yo, te leve Abraram pi wo pase madichon tè a epi fè li tap pwospere. Mwen reyalize ke benefis ki genyen nan benediksyon sa jan yo define li nan Detewonòm 28 la, te montrem aklè mwen tap pwospere. Efè pwomès sa yo ta sipoze vle di ke mwen destine poum se tèt la poum pa janm ke, poum se moun kap prete lòt moun men mpap moun kap mande prete a. Sa se dwa legal chak grenn pitit Bondye yo. Menm jan ak Jozèf, mwen gen benediksyon Bondye, epi mwen dwe pwospere. Mwen menm tou, mwen gen tout Wayòm Bondye a kòm eritaj. Kòm yon pitit gason, tout bagay say o te gentan pou mwen deja legalman.

Pandan mwen tap gade istwa Jozèf la ankò nan Jenèz 39, mwen te wè aklè se siksè Jozèf kite atire atansyon Potifa sou li, epi se te yon siksè vizib tou ki tap atire atansyon nasyon mond lan epi kite yo wè diferans lan nan mitan pèp Bondye a.

Lè sa a, tout pèp ki sou latè va wè jan Seyè a te rele ou, ya gen krentif pou ou. Seyè a pral ba ou anpil pwosperite, lap beni fwi zantray ou a, nan pitit bèt ou yo ak nan rekòt latè, nan peyi li te sèman bay zansèt ou yo poul ba ou a.

— Detewonòm 28:10-11

Te gen yon lòt gwo siy nan Jenèz 39:6 ke mwen te gentan note tou epi mwen vle pouw wè. Pandan nap de Potifa, li di, “*Se konsa, li te kite anba kontwòl Jozèf tout sa li te genyen; pandan Jozèf te reskonsab byen, li pat enkyetel [enkye] tèt li pou anyen*

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

eksepte manje li te konn manje.” Mwen te wè sa! Sa son egzanp de repo nap pale de li a. Potifa pat bezwen enkyetel pou anyen eksepte poul te manje. Sa vle di siksè Jozèf te pote nan kay li a, Benediksyon Senyè a, te pwodui rezilta kite pèmèt Potifa konsantre sou asiyasyon li a men se pat poul tap siviv!

Drenda ansanm avèk mwen gen yon pawòl ke nou te itilize pandan plizyè ane, “Jiskaskè ou ranje pwoblèm lajan an, ou pap janm dekouvri sa kise desten ou,” epi yo pap janm dekouvri ki moun ou ye vrèman. Ou pap janm jwenn nich ou, jwenn pasyon ou, ou pap janm vrèman gen kè kontan. Ou pral pran tout desizyon ou yo sou baz pouw siviv, chèche oswa akize lajan, vin yon moun kew pa ye sèlman pouw fè yon chèk. Nan pati sa nou wè efè Benediksyon Senyè a te genyen sou Potifa, li menm ki pat menm konnen anyen konsènan Wayòm Bondye a. Lè yo te mete bagay li yo anba kontwòl Jozèf, tout byen li yo, enkyetid li yo te transfere anba alyans Jozèf te fè a. Ou ka wè aklè moman transfè sa a te rive nan vèsè 5 nan chapit 39 la.

Depi lè li te metel reskonsab kay li ak tout sal te genyen, Seyè a te beni moun peyi Lejip yo akoz Jozèf. Benediksyon Seyè a te sou tout bagay Potifa te genyen, ni nan kay li ak nan jaden li yo.

— Jenèz 39:5

Nan pati sa ankò nou wè transfè sa nan yon bagay nan domèn tè a, ki sijè a sistèm madichon tè a, ki vin anba jiridiksyon Wayòm Bondye a ak chanjman drastik ki te fèt. Ann fè fas ak li: Si Bondye ap edew avèk sajès li, mennenw nan bon desizyon yo, epi avètiw sou enkonvenyans ki posib yo, nenpòt moun kapab pwospere! Èske ou wè sa? Benediksyon Seyè a se pou ou!

Pandan map etidye sa Senyè a tap anseye mwen konsènan Wayòm nan, mwen te twouble poukisa Jozèf te gen anpil siksè gras ak benediksyon sa, men pifò kretyen mwen konnen jounen jodya ap lite pou yo peye bòdwo yo. Lè ou konplètman libere finansyèman se yon bagay kew panse ki pat menm posib. Poutan, nou gen yon pi bon alyans ki baze sou pi bon pwomès pase sa yo ki nan Ansyen Testaman an. Malgre ke mwen te byen konprann benediksyon Senyè a, mwen toujou pat konnen egzakteman kijan benediksyon sa a te pwodui repons mwen te bezwen yo—men mwen te aprann ak jwi pi plis libète pandan mwen te kòmanse aplike epi fè eksperyans avèk sa Bondye tap anseye mwen yo.

Aprè sa, mwen te dirije atansyonm sou Nouvo Testaman an epi mwen te gade Jezi ansanm avèk ministè Li an poum aprann plis toujou sou fason Wayòm Bondye a tap chanje sityasyon ak sikonstans yo.

Yon jou, pandan Jezi te kanpe bò lak Jenezarèt la, ak fowl moun yo kite rasanble ozalantoul epi ki tap koute pawòl Bondye a, li wè bò rivaj dlo 2 kannòt, pechè yo te kite la, yo tap lave nas yo. Li moute nan yonn nan kannòt sa yo, se te pa Simon an, li mande li poul soti bò rivaj yon ti kras. Aprè sa, li chita, li tap moutre moun sa yo kite sot nan kannòt la.

Lè li fin pale, li di Simon: “Lage filè yo nan gwo twou san fon an.” Simon reponn: “Mèt, nou te travay di pandan tout nwit lan epi nou pat janm kenbe anyen. Men, paskew di sa, map lage filè yo.

Lè yo fin fè sa, yo pran yon kantite pwason tèlman anpil menm filè yo te kòmanse chire. Se konsa, yo fè lòt zanmi yo siy kite nan lòt kannòt la pou yo vin ede yo, lè lòt zanmi sa yo te rive, yo te plen 2 bato pa yo a te tèlman plen li te kòmanse koule.

Lè Simon Pyè wè sa, li mete ajenou nan pye Jezi, li di: “Ale lwen mwen, Mèt; Mwen se yon moun ki konn fè peche!” Paskew, li menm ak tout konpayon li yo te sezi lè yo te pran kantite pwason sa yo, ansanm avèk Jak, Jan, pitit Zebede yo, patnè Simon yo.

Lè sa, Jezi di Simon: Ou pa bezwen pè. depi koulye a, wap pechè lèzòm.” Se konsa, yo rale bato yo mete bò rivaj la, yo kite tout bagay epi yo te swiv Li.

— Lik 5:1–11

Men yon istwa sou fason Wayòm Bondye a te ranvèse sistèm madichon tè a nan lavi 3 pechè yon bon maten. Si ou li tèks la, ou jwenn ke Pyè, Jak avèk Jan tap fè lapèch tout nwit lan san yo pat kenbe anyen menm. Tipik nan sistèm madichon sou tè a nan travay ki bay doulè ak swe, yo te rive tou kout nan nwit sa san yo pat jwenn anyen pou montre jan yo travay di. Men, lè Jezi te tape nan Wayòm Bondye a ak fonksyon li yo, menm pechè sa yo te pran anpil pwason ke bato yo a te prèske koule!

Kanpe la!!!! Ann reflechi sou sa nou fenk sot li la. Pa gen anyen, pat gen okenn pwason, kraze, kite vin vire nan yon rekòt kite prèske koule 2 bato yo? Men, moun li istwa sa epi yo tap li istwa sa pandan plizyè santèn ane epi yo pa wè oswa yo menm

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwa Repo a

panse sa kapab toujou rive pou yo. Poukisa? Repons nòmal la, yap di se paske Jezi te la epi li te fè bagay sa yo. Sonje istwa mwen te rakontew nan Mak 6 la kote Jezi pat kapab geri pèp sa paske pèp la pat gen lafwa, konsa, Wayòm nan pat gen okenn jiridiksyon? Yon moun te oblije bay syèl la jiridiksyon anvan syèl la te kapab aji nan sitistasyon sa.

Simon reponn li: Mèt, nou travay di pandan tout nwit lan epi nou pat janm pran anyen. Men, paskew di sa, mwen pral lage filè yo.

Pyè te vin dakò ak syèl la, epi syèl la te gen aksè legal nan istwa sa. Yon lòt fwa ankò, nou wè domèn tè a transfòme pa Wayòm Bondye a. Èske sa pat parèt fou, menm jan ak moun ki wè zwazo kap vole pandan plizyè milye ane men yo pat reyalize li te posib pou yo te vole konsa epi yo pat janm chèche fè sa. Se konsa kretyen yo jounen jodya, yo pat reyalize ke yo pa oblije sipòte filè vid la men yo gen aksè nan pouvwa syèl la pou ede yo pwospere nan lavi yo. Bagay mwen vle pouw wè a, se te menm mesye sa yo ki pat rete twòp pandan nwit lan se te menm mesye sa yo tou kite gen 2 bato ki si tèlman plen yo te manke koule!

Zanmi mwen, diferans lan se Wayòm nan, se pat pèp la. Ou gendwa ap panse ou pa gen yon avni, kap vini tou kout, pa gen anyen kap mache. Men, an reyalyte, tout sa ou bezwen se Wayòm nan pou fè laviw tounen yon istwa asiksè. Wi, ou gen pati paw pouw jwe. Yo te oblije ale lapèch—yo te oblije okipe nas yo, epi prepare yo pou trape—men nenpòt moun ka kenbe pwason si Bondye montrew ki kote.

Tnade, sistèm madichon tè a nan kouri ak nan swe pap ka fè sa fèt. Ou pap ka kouri vit ase oswa ase lontan pou kaptire rèv ou. Bondye pat janm gen entansyon pouw griyen danw epi eseye fè bagay yo ak pwòp fòs pa ou.

Lè nou tape nan lwa yo ak pwomès Wayòm Bondye a, nou ka vole olye nou mache. Kite mwen di sa yon fason diferan. Malgre ke lwa gravite a toujou an vigè, nou ka vole lè nou tape nan yon lòt lwa, lwa asansè a, epi jwi yon nouvo fason pouw viv.

Sonje byen, lèw vin jwenn Kris la, ou se yon manm Wayòm Bondye a. Kòm yon sitwayen, wap dedwi dwa legal; epi antanke yon pitit gason oswa yon pitit fi, wap dedwi ke ou gen dwa nan eritaj la. Dwa legal paw ak benefis paw yo te metew byen wo pase sistèm madichon tè a nan povrete, maladi, ak echèk.

Imajine kijan vèsè sa te dwe sonnen pou yon Izrayelit kite esklav pandan tout lavi yo. An reyalyte, tout sa yo te konnen se te esklavaj se te tout sa yo te kapab sonje.

Pawòl sa yo se pawòl Moyiz te di nasyon Izrayèl la pandan yo tap antre nan peyi pwomès la.

Lè Seyè a, Bondye nou an, fè nou antre nan peyi li te pwomèt zansèt nou yo, Abraram, Izarak ak Jakòb, lap ba nou—yon peyi kote ki gen gwo vil NOU PAT BATI, kay ki plen ak tout kalite byen nou pat bay, pi dlo ou pat fouye, ak jaden rezen, pye oliv ou pat plante—lè sa, lè wap manje vent deboutonnen, fè atansyon pou ou pa bliye Seyè a, kite fè ou soti nan peyi Lejip [lòt wayòm nan] soti nan peyi ESklavaj la [Wayòm esklavaj].

— Detewonòm 6:10-12

Antanke ansyen esklav, sèl grenn fason yo te konnen pou yo te kapab fè yon bagay se te nan fason kap fè mal la. Men, isit la Bondye te di yo ke pwòp travay yo pa tap bay sa yo bezwen an. Li pa tap di yo ke yo pap janm travay nan anyen ankò, men ke yo pa tap mare nan yon sistèm ki mande travay pouw jis siviv. Bondye di yo ta pral pwospere nan peyi li tap mennen yo a.

Kitem fini chapit sa ak yon lòt istwa ki ka pi plis montre sa map di a. Drenda ansanm avèk mwen pat vrèman enterese ak machin. Gen kèk moun ki enterese, yap kapab diw tout machin sa yo ke renmen anpil yo. Pou kèk rezon, nou jis pat janm enterese ak machin. Koulye a, pa pran sam di an mal. Nou renmen bèl bagay, men nou te jis pat janm di tèt nou reyèlman men kim kalite machin nou vle anpatikilye. Anjeneral lè nou achte yon machin nou kondwi li pou 10 ane yo konsa. Se vre, nou byen pran swen machin nou yo epi yo pat janm sanble ak vye machin kraze, toutotan yo anfòm epi yo kouri byen, nou kontan.

**TOUT SAW BEZWEN
SE WAYOM NAN POWW
FÈ LAVIW TOUNEN
YON ISTWA SIKSÈ. WI,
OU GEN PATI PAW
POUW JWE.**

Men, kèk ane anvan sa, nou te fè legliz nou an lwe yon gwoup machin Escalades pou yon konferans nou tap òganize. Nou te lwe yo poun kondui envite nou yo nan antouraj la, epi nou te vle bay yon bèl machin poun fè sa. Kounye a, se pat premye fwa nou te fè sa. Nou te konn toujou fè sa. Men, se tap premye fwa nou te kondwi youn nan machin sa yo pandan yon aktivite sou pwopriyete nou an. Mwen pa fin kwè poukisa nou tap kondwi youn nan machin sa yo pandan evènman sa anpatikilye, men nou tap

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

kondwil poun ale lakay nan lannwit lan. Èskew konn yon bagay? Nou te renmen li. Drenda ansanm avèk mwen te renmen jan li te kondwi an ak jan li kanpe a.

Nan epòk sa, nou tap kondwi yon bèl machin Honda Pilot, men Escalade la te yon lòt etap ki pi wo ke Pilòt la poum rasirew. Li te menm ak modèl platinum pèl blan epi se te vèsyon ki pi kout la. Si ou konnen anpil bagay sou Escalades sa yo, yo vini nan 2 dimisyon, youn ki long ak youn ki kout. Nou te renmen sa ki pi kout la, paske li te pi fasil pouw jere, epi li te yon ti kras plis maleyab. Pandan mwen tap kondwi Escalade la avèk Drenda, li te di: “Ou konnen, mwen renmen machin sa; Mwen panse ke nou ta dwe achte youn nan model sa yo.” Mwen dakò. “Nou ta dwe achte youn menm jan ak sa, vèsyon kout sa nan pèl blan an.” Nou toulede te dakò poun achte youn.

Byenke nou pat aple ak pèsonn de konvèsasyon nou te genyen an, anviwon yon mwa apre, pandan mwen tap mache deyò poum pran papye mwen yo, telefòn selilè mwen an te sonnen. Mwen rekonèt vwa moun sa kite nan lòt bout fil lan kòm youn moun kite konn asiste sèvis legliz lan. Li te di, “Bonjou,” epi answit li te di ke li te vle achte pou mwen yon Escalade. Mwen te fè silans pandan yon minit men li te di, “Byen!” Apre sa, li te mande mwen ki koulè mwen ta renmen, epi mwen te di li ke nou renmen pèl blan an. Li di, “Map tounen rele ou lè mwen jwenn youn pou ou.” Sepandan, li pat mande mwen si mwen te vle kout la oswa long nan. Yon mwa te gentan pase epi mwen te panse petèt li te bliye machin nan, men rasirew, li te relem epi li di nou pou nou vin kote li, paske li te gen Escalade la pare pou nou vin pranl.

Pandan nou te rankontrel, nou te wè yon bèl pèl blan, vèsyon kout Escalade la kite chita ap tann nou. Machin lan te pafè nan tout fason, san yon ti grafouyen, san okenn tach. Nou te di li nou te renmen machin sa. Apre sa, li te eskizel, paske pwosesis la te pran twòp tan te pran, men li te eseye poul te jwenn vèsyon ki pi long lan men sèl sal te kapab jwenn se te vèsyon kout la. Nou te ri epi nou te di, “Se sa ki kout la nou te vle.” Nou te kondwi machin sa ale lakay nou epi nou tap panse nou se moun ki pi rich sou planèt la kap kondwi yon machin konsa. Men èskew konnen kisa? Escalades sa yo te la pandan yon bon ti tan. Mwen jis pat janm panse poum te gen youn! Poun konprann istwa sa nèt, ou bezwen konnen ke mwen te gentan fè kado 8 machin nan ane pase yo, se konsa mwen te simen grenn nan tè a konsènan machin sa. Mwen jis pat janm di mwen te bezwen youn.

P.S. – Mwen konnen akisa wap panse, ke kalite bagay sa yo kapab rive sèlman nan preche. Ok, mwen te nan domèn finans lan pandan 36 lane epi mwen te pale avèk

anpil moun kap preche. Poum diw la verite, majorite nan yo ap viv ak men nan bouch. Non, bagay sa yo pat rive nou epi yo pat rive paske nou tap preche sa ki gen pou wè ak Wayòm nan, men paske nap viv nan Wayòm nan epi nap aplike lwa Wayòm nan nan lavi nou. Anreyalite, mwen te soti nan dèt anvan mwen te janm kòmanse legliz mwen an. Mwen pat bezwen kòmanse legliz mwen an pou mwen te kapab gen yon travay poum peye bòdwo mwen yo, mwen te jis vle di sa. Mwen te kòmanse legliz mwen an poum di moun kisa Drenda ansanm avèk mwen te dekouvri—bòn nouvèl Wayòm nan!

CHAPIT 6

GEN PLIS BAGAY TOUJOU NAN LAVI KE JIS PEYE BÒDWO YO!

Sa te parèt tankou yon brèf wazis nan tanpèt lavi mwen tap fè fas la. Nou te envite anviwon 50 moun nan ansyen fèm nou an yon aprèmidi pou admire boukan dife, òtdòg, epi di Bondye mèsi. Se te nan epòk kote nou te anba estrès ekstrèm epi nou pat gen lajan, nou te jis ap lite pou nou siviv yon semèn anplis. Mwen tap chèche nan evènman sa yon bagay pozitif paske emosyonèlman mwen te fatige epi konsantre yon ti kras. Sware sa te yon gwo siksè: manje a te gou anpil, anpil nan zanmi nou yo te vini ak pitit yo, epi yo tout te pase yon bon moman. Kay la te gentan chaje lè te gen yon moun ki frape nan pòt la. Mwen panse ke se te yon moun kite vini anreta nan reyinyon nou an, men lè mwen te louvri pòt la, mwen te wè se te yon anplwaye konpayi elektrik la. Avèk anpil politès li te dim li vini poul etenn kouran mwen an paske nou poko peye bòdwo a. Mwen tap tranble. Kay mwen an te plen ak envite, mwen te bezwen kouran an, san konte anbarasman sa te lakòz.

Byen rapid mwen te mande anplwaye a poul te kite kay la epi vin nan lakou a pou yon minit. Mwen mandel konbyen sa tap koutem poum te kapab kenbe limyè yo limen, jis dim yon kantite lajan. “Twò wo,” se sa mwen te panse. “Èske ou ka fon ti besel pi ba?” Li tap reflechi pandan yon minit epi ofinal li te ban mwen yon nimewo ki pi ba. “Èske ou ka kenbe chèk sa jiska Madi anvan ou depoze li?” Se sa mwen te mandel. Li te dim, “Pa gen pwoblèm,” epi mwen te ekri chèk lan. Pat gen okenn lajan nan kont lan jou Vandredi sa, epi mwen pat konnen kijan ta pral fè gen lajan nan kont sa tou anvan Madi, men omwen te gen kouran nan kay lan pandan wikenn nan. Mwen pat sonje sa mwen te fè jou Madi sa, men mwen plis kwè mwen te jwenn yon bagay poum plane.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

Se te yon jou nan lavi nou kote nou kap viv nan dezòd finansye. Koulye a, imagine viv nan fason sa pandan 9 ane! Viv anba kalite estrès sa koupe tout vizyon ak tiyo tout sous pou lajwa ta jayi yon jou. Chak grenn panse te konsantre sou koeman pouw siviv, ki kote yo pral jwenn lajan pou peye pwochen bòdwo a. Èske mwen te depanse twòp lajan semèn pase a? Èske mwen ta dwe pran kalkilatis mwen lèm pral fè makèt poum ka pa depanse plis ke sam te sipoze? Toujou reflechi sou fason ki posib pouw fè yon bagay kap koutew mwens kòb. Zanmi, se pa lavi sa! Rive gade nan Matye 6:25 di.

Se poutèt sa mwen di nou, pa enkyetew pou lavi ou, kisa ou pral manje oswa bwè; oswa kisa ou pral mete sou kòw. Èske lavi pa pi enpòtan pase manje, epi kò a pi enpòtan pase rad yo?

— Matye 6:25

Jezi ap di ke bagay ki nan lavi yo se pa lavi! Tout bagay ki la yo nan lavi se pou sipòte lavi, pou sipòte objektif nou. Men, piske Adan te pèdi pwovizyon Wayòm nan, lavi a te vire tèt anba epi kounye a, tout bagay ki la pou sipòte lavi vin pi enpòtan pase lavi nan li menm. Moun pa gen okenn ide de kisa lavi ye tout bon vre epi yovremman pa konnen ki moun yo ye tout bon vre. Mande nenpòt moun kiyès moun yo ye epi yo pral diw kisa yap fè. “Mwen se yon doktè, mwen se yon Koutye,” elatriye. Non, se pa sa ou ye; se yo se sa ou fè. Lèzòm te pèdi rèv li yo. Kisa mwen vle di, moun jounen jodya ap reve kijan pou yo fè plis lajan men li te pèdi rèv objektif la. Nan yon lòt sans, Kèlkeswa bagay ki peye plis lajan an vin rèv li. Sepandan, chak moun kreye inikman ak talan epi kapasite diferan yo, yo twouve tèt yo nan yon okipasyon oswa yon travay ki pa pasyon yo. Lavi vin long, yap tann libète wikenn lan, oswa lavi vin long nan tann pou yo pran retrèt yo.

Alòs, kitem pozew yon kesyon. Siw pat bezwen lajan, siw te gen plis lajan pase saw ta ka depanse pandan tout laviw, kisaw tap fè? Ou tap pwobableman vini ak yon bagay diferan de sa wap fè kounye a. Jan mwen te gentan mansyone anvan an, mwen konnen nan estatistik ke omwen 70% Ameriken, lè yon moun te mande yo si yo renmen travay yo ye a, yo te reponn ke yo pat renmen sa yap fè a. Mwen vle ou konprann ke kouri dèyè richès, presyon bagay pouw fè, ak enkyetid ki pa janm fini sou kòman demen ap ye pat janm plan pa Bondye dpi okòmansman.

GEN PLIS BAGAY TOUJOU NAN LAVI KE JIS PEYE BÒDWO YO!

Alòs, Bondye te kreye limanite nan imaj li, nan imaj Bondye a li te kreye; gason ak fi li te kreye yo. Bondye te beni yo, li di yo: “Fè anpil pitit, ogmante an kantite; ranpli tè a epi soumèt li. Domine sou pwason ki nan lanmè ak zwazo nan syèl la ak sou tout bèt vivan kap deplase sou tè a.”

Aprè sa, Bondye di: “Mwen ba ou tout plant ki bay-grenn sou tout tè a ak tout pyebwa ki gen fwi ak grenn ladan yo. Yo pral pou ou pou manje. Epi tout bèt ki sou latè, tout zwazo ki nan syèl la ak tout bèt kap deplase sou tè a—tout sa ki gen souf ki bay lavi—map bay tout plant vèt pou yo manje.” Epi se te konsa.

Bondye te wè tout sa li te fè, epi se te trè byen. Te vin gen yon aswè, te vin gen yon maten—sizyèm jou a.

— Jenèz 1:27-31

Lèzòm te kreye nan sizyèm jou kreyasyon an—nan fen sizyèm jou a, pou nou pi egzak. Li te kreye nan fen sizyèm jou a paske li te kreye poul abite ak Bondye nan setyèm jou a, jou nou konnen kòm jou repo a.

Alòs, syèl la ak tè a te konplè nan tout gwo sans yo. Nan setyèm jou a, Bondye te fin fè travay li tap fè a. Alòs, nan setyèm jou a, li pran repo nan tout travay li. Bondye beni setyèm jou a, li metel apa pou Bondye, paske se jou sa li te repoze anba tout travay kreyasyon li tap fè yo.

— Jenèz 2:1-3

Bib la di Bondye te repoze nan setyèm jou a. Li pat fatige! Li te fin travay. Tout bagay te konplè. Tout sa lòm tap bezwen sou tè a te gentan la sou tè a lè lèzòm te parèt. Lapè! Lòm te gen tout pwovizyon li tap janm bezwen. Pat gen okenn enkyetid pou peye bòdwo yo, yo pat enkyete pou yo pat malad. Li te gen yon kò pafè ak yon madanm pafè. Sèl bagay yo tap konsantre sou li se te youn lòt, Bondye, ak devwa yo, oswa objektif yo. Adan te responsab tè a; li te dirijel nèt gras ak otorite pouvwa Wayòm Bondye a. Men nou deja konnen kijan istwa sa

**RICHÈS ATIRE NOU AVÈK
YON POSIBLITE POUN
CHAPE NAN ANDWA
REPO A—YON KOTE NAP
KA KONSANTRE SOU SA
NOU REYÈLMAN VLE FÈ,
VIV LAVI PLEN AVÈK
OBJEKTIF OLYE POU NAP
SIVIV.**

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Repo a

te fini. Adan ak Èv te fè trayizon kont Wayòm Bondye a epi yo te pèdi pozisyon yo, yo te pèdi pwovizyon yo epi yo te pèdi objektif yo. Objektif yo te vin tounen objektif yon sivivan. Enkyete ak perèz tap boule panse yo kounye epi yo tap lite pou yo siviv kounya. Jan Jenèz 3:17 di, sa egzije travay ki bay doulè epi swe.

Adan te pèdi setyèm jou a!

Pat gen repo kounye a, pat gen lapè. Yon fènwa enkonplè te anvelope lavi li, Adan te oblije ap kouri poul te kapab gon avans sou vid la. Lòm tap viv nan eta enkonplè sa depi tout tan. Men, te gen espwa. Lè lèzòm te tonbe, Bondye te bal yon souvni, yon foto si ou vle, sou sa Li ta pral retabli yon jou nan kreyasyon Li an. Li te relel Saba. Mo *saba* a vle di literalman repo. Yo te bay lèzòm setyèm jou nan semèn nan kòm yon jou repo. Egzijans pou Saba a, jan ou ka imajine, se te poue pat fè okenn travay; yo pat pèmèt okenn swe ak travay ki bay doulè jou sa. Se te yon jou kote lòm te dwe kanpe travay, jwi fanmi li, epi adore Bondye. Tout dispozisyon pou Saba a te dwe konplete anvan menm Saba a te kòmanse. Menm repa saba a te dwe prepare nan lannwit anvan an. Se te yon jou repo epi tout dispozisyon avèk tout detay posib nou tap bezwen te gentan jere. Lòm te kapab kanpe ak panse a yon lòt bagay ke siviv.

Jou repo a se te sa, yon jou. Men, lòm tap reve yon lavi nan repo depi tout tan. Lòm ap chèche richès se yon sentòm dezi li genyen poul libere anba travay di ak swe ki kenbel prizonye tout lavi li. Richès atire nou ak posiblite poun chape nan yon andwa ki gen nan repo—yon kote nou ka konsantre sou sa nou vle fè tout bon vre, viv lavi plen ak objektif olye pou yap siviv.

Jounen jodya, jou repo a, setyèm jou a, kit ou selebre li samdi oswa dimanch, pap fèt nan gwo onè nan kilti nou an. Wi, pifò moun ki ale legliz yo ale dimanch maten. Men, gade kilti nou an annantye, èske ou pa ta kapab di ke li sanble ak nenpòt lòt jou travay. Lè mwen te yon timoun, tout bagay te konn fèmen jou dimanch. Ou pat kapab al fè makèt nan jou Dimanch; ou pat ka menm achte gaz jou dimanch. Papam ka asirew li te konn achte gaz nan jou samdi swa poul asire li gen sa li bezwen nan dimanch. Siw konn kèk bagay sou mwen, wap konnen mwen renmen lachas, men kòm yon chasè, mwen pat kapab menm ale lachas tou jou dimanch. Li te ilegal pouw ale lachas jou dimanch. Moun yo te konn mete pi bèl rad yo epi yo te gen gwo dine lafanmi jou dimanch. Men, tout bagay sa yo chanje jounen jodi a. Men, vrè imaj Saba a pa chanje.

GEN PLIS BAGAY TOUJOU NAN LAVI KE JIS PEYE BÒDWO YO!

Men, kèlkeswa jan saba a te byen prepare, kèlkeswa jan repa fanmi an te gou, Lendi tap rive. Fraz “Lendi maten ble a” te synonym ak mo perèz osi lontan mwen ka sonje. “Mwen dwe ale nan travay” ak “tounen nan ansyen moulen an” se te fraz kite konn itilize pou dekri Lendi maten. Men, siw kanpe epi reflechi sou sa, li prèske sonnen tankou esklavaj. Men, mès Bondye jodya se vandredi! Menm jounen jodya, wikenn lan ak jou saba a ofri yon ti repo pou pifò moun. Men, se ti kout repo paske trafik Lendi maten an ap tann yo.

Men, e si vrèman te gen yon fason pou nou viv lavi nou nan repo pou tout tan. Se pa ti bèl bagay sa tap vrèman si ta gen yon fason pou nou viv yon lavi san laperèz, plen pwovizyon, plen objektif, epi viv nan yon kote ki gen repo! Drenda ansanm avèk mwen te viv yon lavi nan tuman, laperèz, maladi, ak ensekirite pandan 9 ane byen long jiskaske nou te jwenn ke repo Saba a te anreyalite yon opsyon pou lavi nou. Mwen serye nan sa map di a!

Aprè sa, te vin rete repo Saba a pou pèp Bondye a; paske nenpòt moun ki antre nan repo Bondye a tou repoze nan pwòp travay li, menm jan Bondye te fè sa tou. Alòs, annou fè tout efò posib pou nou antre nan repo sa a, yon fason pou pèsonn pa tonbe nan suiv egzanp dezobeyisans yo.

— Ebre 4:9-11

Zanmi, sa se Nouvo Testaman an. Gen yon repo saba ki disponib pou pèp Bondye a jounen jodi a. Vèsè sa a enplike ke nou ka antre nan repo Bondye a ak repo nan travay nou yo. Sonje sa nou sot etidye a: Repo Bondye a di tout bagay annantye, konplè, epi pwovizyon yo disponib byen fasil. Gen libète nan mantalite sivivan sa, libète pou yo sotinan prizon povrete a, ak libète kont maladi ak epidemi. Gen loet nouvo opsyon! Jou repo a se pat jis enfòmasyon Ansyen Testaman an, li la pou nou jounen jodya tou. Men, anvan kew panse map pale pouw koubew epi viv anba tout ide legalis aak rituèl Ansyen Testaman an toujou, se pa sa map di la. Olye de sa, mwen vle egzamine repo Saba a ke liv Ebre an pale sou li. Paske, jan Drenda avèk mwen te

**ALABÈL SA TAP BÈL SI
TA GEN REYÈLMAN
YON FASON POU NOU
VIV LAVI SAN
LAPERÈZ, PLEN
PWOVIZYON, PLEN
OBJEKTIF, EPI KAP VIV
NAN YON ANDWA KI
GEN REPO!**

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvw a Repo a

dekouvri sa a, li se yon kle ki enpòtan anpil pou Wayòm Bondye a fonksyone ak pote pwovizyon nan lavi nou jan Bondye te vle a.

CHÒK LA: SABA A PA KONSIDERE TANKOU YON JOU ANKÒ!

Mwen espere ke deklarasyon sa te kapte atansyon ou. Te gen gwo diskisyon nan kò Kris la sou fason saba a ta dwe selebre: Samdi, Dimanch, oswa kòmanse nan solèy kouche vandredi swa jiska solèy kouche Samdi aswè. Denominasyon antye yo te bati dapre entèpretasyon yo de jou repo a. Anvanw voye liv jete nan chanm nan avèk degoutans met nan tèt mwen se yon eretik, tanpri rete avèk mwen jis pou yon ti moman, epi ann gade ansanm nan Kolosyen 2:16–17.

Se poutèt sa, pa kite pesonn jije nou dapre sa nou manje oswa bwè, osinon konsènan yon fèt relijye, yon selebrasyon Nouvèl lalin oswa yon jou repo. Sa yo se yon lonbraj bagay sa yo kite gen pou vini yo; reyalite a, sepandan, wap jwenn li nan Kris la.

— Kolosyen 2:16–17

Bay anpil atansyon ak sa Pòl tap di yo. Jou Saba a se te yon lonbraj bagay kite gen pou vini yo; Sepandan, reyalite a wap jwenn li nan Kris la. Jou repo a se te yon lonbraj, se pat bagay reyèl lan. Si Kris la se bagay ki reyèl la, ebyen, jou Saba a te yon lonbraj ki moun li ye ak sa li te fè yo. Kite mwen diw sa konsa: Pa gen okenn pouvw nan jou Saba a pou retire oswa chanje sistèm madichon sou tè a nan fè travay ki bay doulè ak swe ke Adan te pote nan domèn tè a. Si wap onore relijyon, fè sa pou relijyon an pou kont li, li pa gen okenn pouvw poul libere ou. Men, se yon lonbraj, yon imaj, bagay wap jwenn nan Kris la.

Lè mwen te nan premye ane, pwofesè mwen an te fè nou tout fè desen yon bò tèt nou. Yo te pran yon pwojektè epi yo te fè nou chita devan li, li te voye yon lonbraj tèt nou sou yon moso papyè blan. Apre sa, yo te trase fòm lonbraj yo epi yo te kreye silwèt yo, ke nou koupe epi ale lakay ak li poun pote pou manman nou paske se te fèt Manman jou sa. Lonbraj la te gen kèk resanblans ak mwen, men li pat kaptire sans mwen, karaktè mwen, oswa pèsonalite mwen. Men, li te bay kèk enfòmasyon sou mwen.

GEN PLIS BAGAY TOUJOU NAN LAVI KE JIS PEYE BÒDWO YO!

Jou repo a te fè menm bagay la. Lonbraj li yo te di pou nou pat travay, okenn travay ki fè lapenn ak swe. Se te sèlman yon lonbraj, sepandan, se pat bagay reyèl la. Men, li tap lonje dwèt sou Jezi Kris, kite libere nou anba madichon lalwa ak sistèm madichon sou tè a epi kite retabli nou kòm pitit gason ak pitit fi Bondye ak sitwayen Gran Wayòm Bondye a! Yon fwa ankò, se te yon foto sa Jezi tap pote ban nou yon jou. Se te yon travay fini kote tout sa nou bezwen pou lavi a te gentan retabli tounen vin jwenn nou. Sepandan, jan liv Ebre yo di a, nou antre nan repo sa a gras ak lafwa. Sonje byen, lafwa oblije rann li legal pou syèl la ka gen jiridiksyon bò isit lan nan domèn tè a. Sou kwa a, Jezi te di: “Tout bagay fini!” menm jan Bondye te di kel te fini nan fen sizyèm jou a.

Jou Saba a pou pifò moun jounen jodi a se yon jou relijye. Moun yo konsidere jou repo a kòm jou Bondye, yon jou kote nou dwe Bondye pou nou ale legliz, fè sèvis pou Bondye, ak fè lòt bagay relijyon egzijje. Jezi te oblije korije disip li yo, ki te gen menm lide sa.

Saba a te fèt pou lèzòm, se pat moun kite fèt pou jou Saba a.

— Mak 2:27

Saba a te fèt pou moun, se pa moun kite fèt pou jou Saba a. Èskew konnen anpil moun santi yo koupab si yo ta pa ale legliz? Poukisa yo ta kapab santi yo koupab, paske yo pat ale legliz la, anreyalite, yo se legliz la? Mwen pa di nou pa ta dwe rasanble ansanm nan adorasyon ditou, men mantalite a endike ke yo gen yon move pwennvi sou jou Saba a.

Mwen konnen ou kapab twouble toujou, alòs kite mwen ale yon ti jan pi fon toujou nan gade yon kòmantè Jezi te fè nan Jan 11.

Lè Jezi rive, li te wè Laza te gentan nan kavo a depi 4 jou. Vil Betani te mwens pase 2 kilomèt ak Jerizalèm, epi anpil Jwif te vin jwenn Mat ak Mari pou konsòle yo paske yo te pèdi frè yo a. Lè Mat tandè Jezi tap vini, li te soti al kontre li, men Mari te rete lakay la.

Mat di Jezi: “Mèt, siw te la, frè mwen an pa tap mouri. Men, mwen konnen menm koulye a, Bondye ap ba ou tout sa ou mande.”

Jezi te reponn li: “Frèw lan pral leve.”

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvwà Repo a

Mat reponn: “Mwen konnen li pral leve soti vivan ankò nan rezirèksyon an nan dènye jou a.”

Jezi te di li: “Mwen se rezirèksyon ak lavi a. Moun ki mete konfyans yo nan mwen ap viv, menmsi li mouri; epi nenpòt moun ki vivan e ki kwè nan mwen pap janm mouri. Èske ou kwè sa?”

Li reponn: “Wi, Seyè, mwen kwè ou se Kris la, Pitit Bondye a, kite gen pou vini nan mond lan.”

— Jan 11:17-27

Jezi te di ke se li ki rezirèksyon an; se pat jis yon jou. Jou repo a te fèt epi li se yon lonbraj tout bagay sa yo Jezi te fè sou kwa a pou nou. Jezi se vrè Saba a e nan li nou jwenn aksè nan Wayòm Bondye a ak tout sa li genyen. Alòs, nou ka repoze!

Konsa, ann tounen kounye a nan Vèsè Nouvo Testaman nou an nan liv Ebre a.

Aprè sa, te vin rete repo Saba a pou pèp Bondye a; paske nenpòt moun ki antre nan repo Bondye a tou repoze nan pwòp travay li, menm jan Bondye te fè sa tou. Alòs, annou fè tout efò posib pou nou antre nan repo sa a, yon fason pou pèsonn pa tonbe nan suiv egzanp dezobeyisans yo.

— Ebre 4:9-11

Lonbraj jou Saba a di ke li entèdi pou nou travay ak swe pou sa nou gen bezwen nan jou Saba a, men li te sèlman ba nou yon ti apèsi sou sa Jezi te fè, kite libere nou anba sistèm madichon tè a nan oblije travay di ak swe poun siviv. Nan yon lòt mo, foto sa li te fè yo te tounen reyalite a nan Kris la. Anreyalite, premye mesaj Jezi te janm preche a te vize jou Saba a. Nan Ezayi 61, nou jwenn pawòl premye sèmon li an, Li te preche nan Lik 4.

Lespri Seyè a sou mwen, paske Seyè a te chwazim poum anonse pòv yo bòn nouvèl la.

— Ezayi 61:1

Lè li di ke te gen yon fason poun soti nan povrete a, li te di te gen yon fason poun soti nan sistèm madichon tè a nan travay kap bay doulè ak swe. Se te nan esklavaj poun jwenn pwovizyon sa yo kite kenbe lèzòm prizonye epi yo pat kapab jwenn repo.

GEN PLIS BAGAY TOUJOU NAN LAVI KE JIS PEYE BÒDWO YO!

Men, jou Saba a pat sèlman imaj Bondye te bay pèp li a sou sa ki pral retabli yon jou. Te vin gen ane saba a tou!

Nan fen chak 7 ane ou dwe anile tout dèt. Men kijan yo dwe fè sa: Chak kreditè pral anile prè li te bay moun Izrayelit parèy li yo. Li pap mande Izrayelit parèy li an oswa frè li yo peyel, paske yo te pwoklame tan Senyè a pou anile dèt yo. Ou ka mande yon etranje peye, men ou dwe anile nenpòt dèt frèw dwe ou.

Sepandan, pa ta dwe gen okenn pòv nan mitan nou, paske nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou kòm eritaj nou an, lap beni nou anpil, si sèlman nou obeyi Senyè a, Bondye nou an, epi si nou fè atansyon pou nou swiv tout kòmandman sa yo. Map ban nou jounen jodi a. Paske, Seyè a, Bondye nou an, pral beni nou jan li te pwomèt la, epi nou pral kapab prete moun anpil nasyon yo men nou pap prete nan men pèsonn. Wap gouvènen anpil nasyon men pèsonn pap ka gouvènen ou.

— Detewonòm 15:1-6

Gade byen ke yo te dwe anile tout dèt yo chak 7 tan. Yon fwa ankò, nou wè Bondye sèvi ak chif 7 la sèt la pou montre tout bagay fini. Pa gen okenn mank; Li te bay tout sa ki nesèsè pou lèzòm. Men, si te gen kèk moun kite doute sou sa jès Li lèl te di yo ke dèt yo anile, li te ajoute sou yo: **“Men, pa ta dwe gen okenn pòv nan mitan nou, paske nan peyi Seyè a, Bondye nou an, ap ban nou pou nou kòm eritaj nou, lap beni nou anpil.”** Li te kontinye poul di ke yo ta dwe tèlman beni ke yo tap vin gen ase pou pretè lòt moun epi yo pa tap nan mande prete yo menm. Yon lòt fwa ankò nou wè nan pati sa ke sistèm madichon sou tè a nan travay ki bay doulè ak swe te vin anile epi vid akòz nouvo lwa lavi a kite lretire nou nan madichon lwa peche ak lanmò a.

Menm jan nan jou Saba a, yo pat dwe fè anyen douloure ak swe pandan yon ane antye; konsa, yo pat gen dwa simen rekòt yo. Men, apre sa, bagay yo te vin yon ti kras pi fatigan. Non sèlman yo te dwe padonnen nenpòt dèt yon moun te dwe yo, men tou, yo pat gen dwa simen rekòt yo. Nan pwèn sa, yon moun ka di, “Ey, mwen ka siviv yon jou ak sam genyen nan frijidè a, men siviv yon ane antye san nou pat travay sa tap yon ti kras pi difisil toujou.”

Alòs, nan pati sa ankò, lonbraj la ap di nou padonnen dèt nou yo. Li te di yo ke yo pa ta dwe sèvi ak dèt paske yo ta pral gen anpil ke se yo ki tap vin moun kap prete lòt moun lajan. Dèt se yon sistèm ki baze sou ensifizans, men Bondye pral konplètman bay

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Repo a

yo pou yo pa bezwen viv nan dèt ankò. Lonbraj la di, “Ou pa dwe plante rekòt ou,” fè referans a yon nouvo fason pou viv andeyò sistèm madichon tè a. Kounye a, wap jwenn tout bagay sa yo nan Jezikri.

Men, tann, gen plis toujou—pi gwo foto ki poko revele bay pèp Bondye a gen pou vini. Li te rele Ane rejwisans lan.

CHAPIT 7

SA ENPOSIB!

Sa ou pral li la son bagay ki bèl anpil. Non, kite mwen repete sa. Ou pral panse ke son bagay ki totalman enposib. Map pale de Ane rejwisans lan, pi gwo foto sa Jezi vle fè nan finans ou te ekri nan Ansyen Testaman an, men se kèk grenn moun ki konnen oswa konprann sa lap di a. Nou te gentan pale sou jou repo a ansanm ak ane saba a, tou 2 ki se lonbraj sa nou genyen nan Kris la, men kounye a nou rive nan pi gwo evènman an, kise Ane Jibile a.

Non an ssèlman sonnen tankou yon selebrasyon, èske se pa vre? Sepandan, nan domèn finans, pifò moun—lè mwen di pifò moun lan, malerezman, sa vle di pifò kretyen tou—pa gen anpil bagay pou yo selebre. Kòm mwen te gentan pataje sa, mwen te aktif nan domèn finansye a sa gen 36 ane kounye a. Pandan tan sa, mwen te posede plizyè konpayi epi mwen tap travay avèk plizyè dizèn, si se pat plizyè santèn, milye moun sou finans pèsonèl yo pandan tan sa. Alòs, mwen konnen kisa ki gen deyò a. Apre sa, mwen konnen anjeneral kisa ki dèyè bèl nouvo machin klere sa oswa bèl gwo kay sa. Pi souvan, se anpil dèt ak estrès. Ey, mwen pat frape moun ki gen bèl machin oubyen yon gwo kay. Sa jis koute anpil lajan jounen jodi a pouw viv.

Epitou sistèm madichon sou tè a se yon sistèm sivivan ki pral tonbe byen vit nan liberasyon lèzòm. Fèm konfyans, nan tout milye ak plizyè milye moun mwen te rankontre yo, pifò nan yo se pat move moun.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvw a Repo a

Yo tap fè tout sa yo kapab poukont yo, epi yo pat konnen Wayòm Bondye a oswa bagay sa yo mwen ap pataje nan liv sa tou. Se vre, ou konnen ke Drenda ansanm avèk mwen te konn viv yon lavi anba estrès finansye pandan 9 ane byen long ak anpil ane difisil jiskaske nou te vin aprann de jou repo Saba a. Aprew fin viv yon mòd lavi konsa pandan anpil ane, ou pap reyalize ki kantite malfonksyonman ou akimile epiw panse ke yo nòmal.

Plizyè ane anvan sa, Bondye te pale avèk mwen sou ti panse mwen yo epi fèm konnen ke mwen ta dwe jwi Jibile a, jou fèt la, men mwen pat kapab. Wi, mwen te soti anba dèt; wi, mwen te wè kèk bagay bèl bagay kite rive; epi wi, mwen te kontan anpil. Men, mwen te sispann reve epi Bondye te konnen sa, Li te vle mwen detire ankò, poum kontinye kreye ak reve. Mwen te vinn yon ti kras sèch, mwen te kontan men sèch.

Kòm mwen te gentan di sa, mwen posede yon konpayi sèvis finansye, epi mwen te gen envitasyon chak ane, de youn nan kliyan mwen yo, poum ale nan yon evènman kap selebre siksè pou ane anvan an. Knatite moun ki toujou la anjeneral se anviwon 250 nan pi gwo asosye ak ekzekitif yo. Tout-depans vwayaj sa te gentan peye nan kèk kote gwo epi bèl espas, men pou kèk nan gwo tèt yo, te genlòt rekonesans espesyal ak yon chèk bonis. Paske mwen te okipe nan bay sèvis mwen kòm pastè nan yon gwo legliz, fè televizyon, ak dirije konpayi mwen an, mwen te toujou santi ke mwen jis pat gen ase tan poum te fè pwodiksyon ki nesèsè yo poum rive nan nivo rekonesans siperyè sa.

Men, te gen yon ane anpatikilye, pandan mwen te chita nan yon reyinyon epi mtap gade 10 pi gwo asosye yo te jwenn rekonesans sa epi resevwa chèk bonis \$100,000 pa yo a, mwen te jwenn kondanasyonm. Mwen tap panse, “Talè, banm yon minit! Mwen ta sipoze moute sou estrad sa poum jwenn rekonesans pam tou. Mwen se pitit Bondye epi Sentepri a se Konseye mwen. Mwen ta dwe anlè sa pou map pataje ak demontre bonte Bondye a!” Alòs, Drenda avèk mwen tap fè plizyè lide nan moman sa a ke nou tap moute sou estrad sa ane kap vini an. Kijan? Nou pat gen okenn ide.

Pandan 10 ane anvan yo, mwen tap fè anviwon \$3 a \$4 milyon dola chak ane ak sèl grenn konpayi sa, men pwodiksyon sa te egzije pouw te nan tòp 10 lan ou ta sipoze nan \$ 11 milyon dola yo konsa. Mwen pat gen okenn ide sou kijan mwen ta pral rive nan nivo sa epi mwen pat menm kwè ke se te yon bagay ki posib baze sou orè mwen genyen an. Men, yon sèl bagay mwen te aprann se mwen pat kapab fè li ak pwòp fòs mwen. Alòs, Drenda ansanm avèk mwen te priye epi fikse objektif nou, simen grenn finansye nou yo, libere lafwa nou, epi di byen fò ke bagay sa gentan fini.

Poum fè yon istwa long vin kout, nan mwa janvyè ane kap vini an, kòm nouvo ane a te fenk kòmanse, Bondye te montre mwen nan yon rèv kijan map kapab rive atenn objektif mwen yo. Li te montrem egzaktman sa mwen te bezwen fè; epi toutotan mwen tap fè sa Li te montrem yo, mwen tap rive nan objektif yo. Èskew konnen ke nou te atenn objektif 11 milyon dola a ane sa nan yon sèl grenn lavant! Ala yon emosyon nou te genyen poun monte sou estad sa nan pwochen konvansyon ansanm avèk tèt 10

OU PA REYALIZE KI KANTITE MALFONKSYONMAN OU AKIMILE EPIW PANSE LI NÒMAL KONSA.

lòt konpayi yo epi resevwa bonis \$100,000 sa. Èskew vle konnen kijan nou te santi nou? Se te jis yon gwo fèt. Nou pat sèlman rive atenn objektif nou epi bonis lan, men tou, revni nou tap monte nan plizyè santèn milye dola ane sa. Se te tankou yon fèt pou mwen!

Alòs, lè mwen te kòmanse pale sou kèk evènman nan Ansyen Testaman tankou Ane Jibile a, pa souke tèt api panse ke bagay sa yo raz paske yo pa raz vre. Sonje byen, nou viv lavi pi byen lè nap fete, Alòs, an nou fon gade nan pi gwo evènman/fèt ke pèp Izrayèl la te konn selebre epi aprann kijan pouw fè pwòp fèt paw.

Ane Rejwisans Lan

Konte 7 ane saba yo—7 fwa 7 ane—pou 7 ane saba yo reprezante yon peryòd 49-ane. Apre sa, te gon son twonpèt toupatou sou dizyèm jou setyèm mwa a; nan Jou Ekspyasyon an, sonnen twonpèt nan tout peyi nou an. Konsakre senkantiyèm ane a epi pwoklame libète nan tout peyi a bay tout moun ki rete la yo. Se pral yon rejwisans pou nou; chak grenn nan nou pral retounen al jwenn fanmi nou, pwòp klan pa nou yo. Senkantiyèm ane a va yon ane rejwisans pou nou; pa plante, pa rekòlte bagay ki pouse poukont yo, ni rekòlte pye rezen ki pa okipe yo. Paske, se yon rejwisans, se pou moun ki apa pou Bondye yo; manje sèlman bagay sa yo nou pran dirèkteman nan jaden yo. Nan Ane rejwisans lan, tout moun pral gen pou yo retounen nan pwòp kay yo.

— Levitik 25:8-13

Pandan mwen pral kòmanse diskite sou Ane rejwisans lan, kite mwen mete alabaz kèk travay ou ta dwe gentan konnen kisa yo ye. Ane rejwisans lan te fèt chak 50

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Repo a

tan, epi li te rive imedyatman apre yon ane Saba, kise karannèvyèm ane a. Mwen panse ke ou ka gentan wè yon gwo pwoblèm kap emèje, se pa vre? Pandan ane saba a, Izrayelit yo pat gen dwa plante rekòt yo. Ane rejwisans kap vin apre ane sa te gen menm kondisyon an tou, pou yo pat plante rekòt yo. Alòs, nan sans sa, pèp Izrayèl la pat gen okenn rekòt pandan 2 ane youn apre lòt epi yo te oblije tann pandan twazyèm ane a pou rekòt sa yo te pran matirite epi yo dwe tann rekòlt lan pare anvan pou yo te kapab ranpli rezèv manje yo. Sa ta kapab yon pwoblèm grav pou nenpòt moun kite renmen manje yon bon repa oswa ki tap mennen yon vi ki depann de grenn lap vann ki soti nan jaden li. Lè Moyiz te bay enstriksyon konsènan ane rejwisans lan, ou ka imajine konfizyon bagay sa te lakòz. Se vre, yo te panse ke gen 3 ane konje se te yon bèl ide, men te dwe gen yon moun tap oblije peye pou sa. Premye bagay yo te mande Moyiz lè yo fenk tande ide sa, se te: “Kijan sa fè posib?”

Ou ka ap mande: “Kisa nou pral manje nan setyèm ane a si nou pa plante oswa rekòlte rekòt nou yo?” Map voye yon benediksyon konsa nan sizyèm ane a, ke tè a va bay ase pou 3 lane. Pandan wap plante nan uityèm ane a, wap manje nan ansyen rekòt la epi wap kontinye manje nan rekòt sa jouk rekòt nevyèm ane a vini.

— Levitik 25:20–22

Bondye te reponn yo ak yon repons ki te etone yo, ke nou pral pase anpil tan ap eksplòre nan pòsyon ki rete nan liv sa. Li te di ke Li ta pral voye yon benediksyon konsa nan sizyèm ane a ke li tap bay ase pou dire twa lane jiskaske nouvo rekòt la ta vini apre Ane Jibile a. Gen yon paralèl nan pati sa konsènan jou kreyasyon yo. Bib la di Bondye te fini sou sizyèm jou kreyasyon an epi li te repoze. Malgre li tap repoze, li pat fatige. Okontrè, Li te fin travay. Tout sa lòm bezwen te gentan kreye epi disponib pou li.

Kounye a, Bondye tap montre pèp Izrayèl la yon foto ki gen plis pase ase, ki se yon gwo diferans ak sistèm madichon sou tè a ki gen travay di ak swe. Li te vle yo wè li kòm founisè yo epi pou yo konprann ke li bay yon pwovizyon ki gwo anpil. Yon lòt fwa ankò, byenke sa se te yon imaj dispozisyon Bondye a nan pwòp jou pa yo a, se pat rive vre jiskaske Jezi te vini epi nou te kapab wè kisa lonbraj la te montre nou an. Nan domèn natirèl la, pat gen okenn fason yo tap kapab siviv pandan 3 ane sa yo, san yo pat simen okenn rekòt. Menm jan an tou, nan domèn natirèl la, viv anba sistèm madichon tè a, pat gen okenn fason pou yo tap fè siksè finansyèman san yo pat pase jounen ak

lannwit yo nan travay di. Ou jis pa ka kouri ase vit pouw akonpli sa. Eseye pran 3 ane konje nan travay ou ye kounye a sanw pa gen okenn obligasyon eksepsyonèl, epi ou pral melanje yon resèt pouw fè fayit. Men, Bondye ap eseye montre yo yon imaj sou nouvo fason an, imaj kote Li bay pèp Li a pwovizyon, menm jan Adan te jwenn tout sa Bondye te gentan prepare pou li pandan kreyasyon an.

Gen 2 lòt bagay ke Ane Jibile ap montre ke nou bezwen wè. Yon fwa ankò nou wè peyi repo a, pap gen travay di ak swe pandan senkantèm ane sa. Ou pral wè tou ke yo te remèt tout tè yo bay pwopriyetè orijinal tè sa. Lè pèp Izrayèl la te janbe lòt bò larivyè Jouden an, yo te bay chak tribi avèk chak fanmi tè ko yo ta pral posede epi pwodui manje ak revni yo tap bezwen pou yo siviv. Nan sans sa, tè a se te richès moun sa yo. Sou li, yo te fè rekòt epi yo te elve bèt yo. Alòs, yo te remèt tout tè yo bay pwopriyetè original yo sa ki te vin ba yo kapasite pou yo pwospere.

Yon lòt fwa ankò, bagay sa se te lonbraj de kisa Jezi te fè pou nou. Lonbraj la di ke pwosperite yo ta dwe retounen bay sitwayen yo nan nasyon Izrayèl la. Reyalite a di

**DEPIW FIN APRANN
BAGAY SA YO JOU
REPO A MONTRE NOU
AN, GWO CHANJMAN
KAPAB RIVE NAN LAVI
FINANSYE OU.**

nou menm bagay la, ke pwosperite nou an te retounen vin jwenn nou tou, ke eritaj Wayòm Bondye a se pou nou li tounen vin ye ankò.

Gen yon twazyèm bagay Ane Jubile montre nou, epi se te ke tout esklav yo ta dwe libere epi retounen nan fanmi yo. Sa

son gwo bagay. Ankò, lonbraj la di ke ou pa yon esklav ankò men ou se yon pitit gason oswa yon pitit fi. Reyalite nan Kris la di ke ou pa yon esklav ankò men ou se yon pitit gason oswa yon pitit fi nan kay Bondye a ki gen tout dwa nan eritaj ak pwosperite ki gen nan kay la.

Alòs, reflechi sou sa ou fèk aprann la yo. Jezi te remèt nou sa Adan te pèdi yo. Jezi te libere nou anba esklavaj, li fè nou pitit gason ak pitit fi Bondye. Li te libere nou anba sistèm madichon sou tè a nan travay ki bay doulè ak swe, sa kite pèmèt Bondye beni travay men nou yo nan yon fason ki pisan. Malgre ke Jezi te peye pou tout bagay sa yo, nou toujou dwe konnen kijan yo apwopriye benefis sa yo nan lavi nap viv jounen jodya nan domèn tè a. Se kote sa anpil, anpil kretyen manke. Paske yo pa konnen ke Wayòm nan fonksyone dapre lalwa, yo pa konnen dwa legal sa yo antanke pitit gason ak pitit fi epi sitwayen Wayòm nan, yo kwè se Bondye ki chwazi ki moun li vle beni

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

nan yon fason abitè. Alòs, yo pa etidye lwa Wayòm nan, ki gen kle pou yo pran plezi nan aplikasyon sa Bib la di kise pou yo. Map diw sa, depi fin aprann bagay sa yo Saba a montre nou an, gwo chanjman kapab rive nan lavi finansye ou.

Gen yon mesye nan legliz mwen an kite kòmanse tandè map anseye sou liy lafwa a ansanm ak fason Wayòm Bondye a fonksyone. Fanmi li ak pitit li yo te etidye lwa sa yo ansanm antanke yon fanmi. Kòm nouvo ane a tap pwoche, yo te deside ke yo tap egzèsè dwa legal yo epi yo kwè sa pou yo te kapab peye 2 pwopriyete yo te lwe, ke yo te fenk lwe ane sa menm. Si memwam bon, map sonje yo te bezwen yon total nesèsè pou peye tou 2 kay yo kite anviwon \$400,000. Konsa, yo te priye epi yo te simen yon gwo semans finansye nan objektif sa pou peye tou 2 kay yo nan ane sa. Aksyon sa se te yon gwo detire pou yo, men mesye sa tap travay nan yon domèn kote posibilite a te egziste pou li jwenn ase kliyan oswa gwo kontra kite kapab bal mwayen finansye pou peye 2 kay sa yo. Tout fanmi an tap priye ansanm epi yo te dakò sa tap rive. Chak semèn, fanmi an tap revize objektif yo epi yo tap revize Vèsè yo kite ba yo baz legal sa pou yo kanpe epi atenn yon rekòt konsa. Se vre, mesye sa te konnen li te dwe fè pati pal.

Wi, pandan ane a ap pase, san mank, kèk gwo kontra te tounen yon posibilite, men avèk abpil gwo kòporasyon, kontra miltimilyon dola yo pat mennen rezilta rapid. Apeprè mwaye nan ane a te fin pase, mesye sa te lokalize epi kaptire yon gwo vant pou konpayi pa li a, vant sa te tèlman gwo li te reprezante apeprè 40% nan tout pwodiksyon konpayi an pou ane sa. Avèk chèk komisyon sa, li te kapab peye youn nan pwopriyete ke li te lwe yo. Nan fen ane a, yon lòt sosyete te dil ke yo te bezwen siyen yon kontra ki koute plizyè milyon dola tou zanmim. Men, dat pou yo te siyen kontra a te kontinye ap chanje. Dokiman an tap prepare, ansuit dat la te vin chanje ankò. Kounyea yo te metel pou fen otòn lè yo te di zanmim lan ke ekip jesyon li tap travay ak yo a, yo te ranplase pa yon nouvo ekip e se yo ki ta dwe vin jere tout pwosesis yo.

Zanmim te kouche atè a; li te konnen kisa sa vle di. Ekip jesyon ki fenk ap rantre a pat okouran de kontra kite annatant lan, kite sou wout, pou yo te anile kounyea. Li ta pral oblije al rekòmanse tout pwosesis la azewo avèk nouvo ekip la. Pandan li tal rankontre nouvo ekip jesyon an, yo sanble te favorab pou kenbe sijesyon konpayi li an. Apre yo te fin revize dosye pal lan nan fen mwa novanm, yo te di yo te vle avanse ansanm avèk li. Men, yon lòt ankò, papyè yo tap bay reta nan reekri jiskaske yo te rive nan 2 jou pou nouvo ane a te antr Zanmi mwen an te resevwa yon apèl ke ekip sa te vle rankontre li epi siyen dokiman an, yo tap peye ak lajan kach si toutfwà li te kapab vin

rankontre yo, epi yo tap tou siyen kontra a jou sa. Zanmi mwen an te fè ase komisyon sou kontra sa poul te atenn objektif li epi peye tou 2 kay yo nan menm ane ke li menm ansanm ak fanmi li te mete lafwa yo ladanl.

Se te sèlman paskel te etidye prensip Wayòm yo ki fè li te menm rive panse oswa pousel imajine yon gwo objektif konsa, paske li pat janm gen gwo lajan konsa nan kont bank li oswa li pat janm te konn fè plis lajan nan nenpòt ane anvan sa ki te ka montrel ke objektif li an posib. Li te di mwen ke yo te fè yon bèl fèt pou selebre viktwa sa!

Yon lòt ankò, “sa vrèman rive” istwa sa te pase ak youn nan pitit mwen yo. Se vre, tout pitit mwen yo tap gade Wayòm nan ki tap fonksyone pandan tout lavi yo. Yo tout te aplike prensip map diskite la yo epi yo te wè Bondye ki tap fè bagay estrawòdinè. Malgre ke yo te nan laj ventèn yo, yo tout te gen machin yo ki peye; epi pifò nan yo gen kay yo ki peye oswa prèske fin peye. Pi gran pitit gason mwen nan, Tim, te vle achte yon kay ak lajan kach. Alòs, li te simen semans li, li te kwè Bondye pou yon gwo zafè sou yon kay nan nivo pri li peye. Li te bon anpil nan zafè konstriksyon, alòs li pat pè achte yon fiksatè anwo.

Li te pase tan li ap chèche kay men li pat ka jwenn sal te vle a. Men, yon jou, li tap kondwi epi li te wè yon kay kite pou vann ke li pat konn wè anvan sa. Se te yon kay ke yo te sezi paske ansyen lokatè a pat ka peye, epi pandanl tap gadel, li te konnen ke kay sa te bezwen kèk travay reparasyon, men kay la te sanble pafè. Li rele ajan imobilye a epi li fèl tcheke pri kay lan. Li pat kwè zòrèy li—\$37,000. “Men, kijan kay sa ka vann pri sa?” se sa li tap panse.

Ajan an te fè rechèch sou kay la epi li te rakonte yon istwa etonan. Kay la se te yon kay yo te sezi, epi li te nan lis pou \$110,000 apeprè 6 mwa anvan. Se te pri dèt lan sa, men kay la te gentan vann pou \$160,000 kèk ane anvan sa. Ta sanble, pa gen oken moun ki te montre enterè yo pou kay sa pandan 6 dènye mwa ki sot pase yo depi lè yo metel nan lis la. Bank lan, apres a te kòmanse tonbe bese pri a, yo pat konnen poukisa pyès moun pat janm montre okenn enterè pou kay la. Men, kòm Tim ansanm ak ajan imobilye li a tap fouye ti kras pi fon, yo te jwenn rezon sa ki fè pyès moun pat manifeste okenn enterè pou kay la. Anons kay sa te make ak adrès yon lòt vil konplètman diferan, epi menm nimewo telefòn kite sou li an te mal ekri tou. Kidonk pèsonn pa tap janm konnen si kay sa te la! Kay la, te sou yon ti wout nan peyi a, nan yon denye-pwent lari a ki pat menm gen moun ki pase la souvan. Pri a te jis kontinye ap bese jouk rive nan jou

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

sa Tim te wè kay lan. Etonan. Mwen te di Tim ke kay sa te rete kache pou li! Li repentire kay la epi li fè kèk travay ladanl epi li vann kay lan pou \$160,000.

Pitit fi mwen Amy dirije ekip adorasyon nan Legliz Viv Lafwa. Li menm ak Jason te bezwen yon kay ki pi gwo pandan fanmi yo tap grandi soti nan 4 rive nan 5. Pri kay yo te monte anpil nan peryod ete nan ane 2017 bò isit lan nan Ohio, kay kite nan lis yo anjeneral te vann nan yon semèn. Espwa pou yo jwenn yon kay kite gwo ase se tap nan \$250,000 pou pi piti \$300,000, ki tap gen 5 a 10 kawo tè, nan lis la dezi pou yo te jwenn yon kay ak tout dlo nan pwopriyete a pat posiblite. Ranch nan zòn yo, 1 ekta sèlman tap koute plis pase \$200,000 nan epòk ete. Apre yo te fin al gade plizyè kay, yo tef on kanpe nan vizit yo epi yo te priye. Yo te simen yon semans nan direksyon bezwen yo a, yo te di Senyè a: “Nou twò okipe poun kontinye ap mache gade kay konsa. Ou konnen ki kote kay nou an ye, epi nou mandew pou montre nou kay sa nan bon moman an. Nou pa pral gade sou entènèt, oswa pale ak ajan imobilye nou ankò sou dosye kay sa!

Men, yon jou swa, yon bagay enteresan te rive. Pitit fi yo a, kite gen 4 lane nan epòk la, te di pandan yo tap antre lakay yo a: “Manmi, li lè pouw deplase.” “Kisaw vle di?” se sa li te mande Amy. “Lè a rive poun demenaje ale nan kay sa ki gen gwo eskalye ki monte nan chanm mwen an,” se sa timoun 4 lane a te di. “Ki kay sa? Èske ou te fè yon rèv?” li te mande Amy. Pitit fi li a te reponn wi, li te fon rèv. Ok, lannwit apre a yo te mete 2 timoun yo nan kabann, Amy pat kapab kite konvèsasyon an epi li te di Jason ke petèt yo ta dwe gade sou entènèt.

Wi, anreyalite te gen yon kay ke yo te sezi kite fenk ajoute nan lis la, yon ka yak 2 etaj ki sou 10 kawo tè epi ki gen yon lak devan li. Pri kay sa, sepandan, se te \$ 26,000 rive nan \$300,000 ke yo te simen pou li a. Yo tap reflechi ke mèt kay la te ka bese nan pri toujou, alòs yo te rele ajan imobilye yo a. Ajan yo a tap kite Florid nan jou kap vini yo, men li tap gentan montre yo kay la si yap gen tan pou yo fè sa nan maten blòk 9:00 a.m. Jason ak Amy te di yo tap rankontre avèk li.

Ajan an te vini anreta nan kay la, men kay lan te sanble ok. Tout pye kay lan te gentan pare, 10 kawo tè yo, ansanm ak lak la ki devan an, tout bagay te sanble pafè. Bonis lan se te ke te gen bwa ki antoure tout pwopriyete a; se te mayifik. Pandan yo tap antre nan kay la, pitit fi yo a tap kriye pandanl te kouri moute gwo eskalye espiral la ki rive nn chanm li an tou dwat. Poum fè yon istwa long vin kout, Jason ak Amy te di yo ta renmen bay yon pri pou kay lan. Pandan ajan an tap tcheke detay sou kay la, li te

dekouvri ke tout òf yo te dwe rive blòk midi jou maten sa. Se te mwens ke 1èdtan konsa! Si ti pitit 4 lane yo a pat di yo rèv sa, epi si yo pat tcheke sou entènèt jou lannwit sa, kay la tap gentan vann.

Yo ofri yon pri \$326,000 epi yo te resevwa òf la. Yo te tèlman eksite. Pandan enspeksyon an, byenke do kay lan pat gen twòp pwoblèm, enspektè a te di li tap bezwen ranplase li nan 5 ane konsa. Jason te gentan gen yon ide. Li deside mande bank lan pou yon pri ki pi ba akòz do kay lan ki bezwen reparasyon. Ajan yo a te di yo pou yo pat menm eseye fè sa, paske se konsa yo tap ba yo kay lan “jan li ye a” epi li pat janm wè anvan sa kote yon bank ap diminye pri sou yon kay ke yo te sezi jis akòz domaj ki gen nan kay la. Men, Jason ansanm avèk Amy te santi nan lespri yo pou yo te ekri yon lèt epi mande bank lan yon rediksyon. Ou gentan devine sak rive, bank lan te ba yo kay la pou \$296,000, mwens pase \$300,000 yo te kwè Bondye pou yo te depanse a. Bondye te pote kay lan menm jan yo te mandel la. Lè yo te mande estimatè a konbyen li panse kay la vo, li te di yo, “\$500,000.” Zanmi mwen, aksyon sa se doub pòsyon an!

Jan ou kapab ka wè, tout pitit mwen yo ap jwi mod lavi Wayòm nan. Anreyalite, moun ki pi nan piti mwen yo, kise Kirsten, li jis peye ak lajan kach pou premye kay li ane sa nan laj fen 20 tan yo. Kòman li fè sa? Yo tout konnen kijan pou yo mache nan fason pa Wayòm nan!

CHAPIT 8

DOUB PÒSYON AN

Kounye a, mwen vle fouye yon ti kras pi fon sou kijan repo Saba a travay tout bon vre epi kijan li posib pouw pwofite li nan pwòp lavi paw. Mwen vle tounen nan istwa nou an nan Ane Rejwisans lan epi gade tèks nou an. Se la nou jwenn repons Bondye bay pèp la lè yo te mande li kijan yo ta dwe viv san okenn rekòt pandan 3 lane. Bon kesyon!

Ou kapab ap mande: “Kisa nou pral manje nan setyèm ane a si nou pat plante oswa rekòlte rekòt nou yo?” Map voye yon benediksyon konsa nan sizyèm lane a, tè a pral pwodwi ase pou twazan. Pandan wap plante nan uityèm ane a, wap manje ansyen rekòt la epi wap kontinye manje ladanl jiskaske rekòt nevyèm ane a rive.

— Levitik 25:20-22

Nou wè nan tèks sa ke Ane Rejwisans lan, ansanm avèk ane saba kite vin anvan li an, tou 2 te posib akòz gwo rekòt kite fèt nan sizyèm ane a, nan ka sa karannwityèm ane a (soti nan dènye rejwisans lan). San gwo rekòt sa, repo saba a pa tap posib. Ann fon ti gade nan yon lòt pasaj ke mwen kwè ki pral klarifye sa pi byen pou ou toujou.

Chak maten, chak grenn moun te rasanble otan li te bezwen, epi lè solèy la te vin cho, li te fonn. Sou sizyèm jou a, yo te rasanble 2 fwa plis toujou—2 omè pou chak moun—epi chèf kominote yo te vin di Moyiz pawòl sa. Li te di yo: “Men sa Seyè a te bay lòd pou fè: Demen se ap yon jou repo, yon jou repo apa

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

pou Seyè a. Alòs, kwit sa ou vle kwit epi bouyi sa ou vle bouyi. Sove tout sa ki rete epi kenbel jouk denmen maten.”

Alòs, yo te serel jouk denmen maten, jan Moyiz te bay lòd la, epi li pat gen move sant ni jwenn vètè ladanl. Moyiz te di, “Manjel jodi a”, “paske jodi a se yon jou repo pou Seyè a. Ou pap jwenn anyen ladan yo sou tè a jounen jodi a. Nap fè 6 jou nap ranmasel, men sou setyèm jou a, jou repo a, pap genyen”.

Men, sou setyèm jou a, kèk moun nan pèp la te soti al ranmasel, men yo pat jwenn anyen. Lè sa, Seyè a te di Moyiz: “Kilè wap refize obeyi kòmandman mwen yo ak enstriksyon mwen yo? Kenbe nan tèt ou ke Seyè a te ban nou jou repo a; Se poutèt sa, sou sizyèm jou a, li ba ou pen pou 2 jou. Tout moun va rete kote yo ye a nan setyèm jou a; pèsonn pa dwe soti.” Alòs, pèp la te repoze nan setyèm jou a.

— Egzòd 16:21-30 (laman nan)

Pasaj sa, nan kou la, ap pale sou laman kite tonbe soti nan syèl la chak jou pou nourri pèp la epi li dekri ke li pa tap parèt sou setyèm jou a, kise jou repo a. Yo pat kapab serel jou apre jou, paske li tap pouri byen vit. Sèlman sou sizyèm jou a, yo tap kapab ranmasel epi kenbel lannwit lan san li pat gate. Nan **Detewonòm 8:16**, nou jwenn yon ti nòt apa kite enteresan anpil konsènan poukisa laman nan ta gate byen vit chak jou.

Li te ban nou laman pou nou manje nan dezè a, yon bagay zansèt nou yo pat janm konnen, poul te ka imilye epi poul te teste nou pou alafen tout bagay byen pase pou nou.

Bondye tap fòme nasyon an pou yo gade Li chak jou yo bezwen manje yo, se vre, men se te pou tout bagay nan lavi yo tou. Bondye te konnen yo tap bezwen plis bagay toujou ke jis manje; nan yon ti kras tan yo tap gen pou fè fas ak ranpa epi gwo vil yo. Depandans yo sou Li nan mod sitiyasyon sa se tap tankou diferans ant lavi ak lanmò.

Ann tounen nan **Egzòd 16:29**. Nan pati sa, ou kapab wè aklè ke repo Saba a te posib sèlman nan pòsyon doub yo te bay pèp la nan sizyèm jou a.

Kenbe nan tèt ou ke Seyè a te ban nou jou repo a; Se poutèt sa, sou sizyèm jou a, li ba ou pen pou 2 jou. Tout moun va rete kote yo ye a sou setyèm

jou a. pèsonn pa dwe soti.

Èskew wè li? Repo saba a te sèlman posib gras ak pòsyon doub la. Sa tèlman enpòtan ke mwen pral mandew pouw ekril yon kote.

REPO SABA A ENPOSIB SAN DOUB POSYON AN!

Kitem metel nan yon lòt kontèks. Sòf siw ta gen plis pase ase, ou pap janm gen repo nan kouri ak swe anba sistèm madichon tè a. Jan Drenda ansanm avèk mwen toujou di moun yo tout kote nou ale, “Sòf si ou ranje pwoblèm lajan an, nan ka kontrè ou pap janm dekouvri desten ou!” Poukisa? Paske siw pa gen plis pase ase, ou pa pral gen lòt opsyon epi ou pral youn nan esklav yo kap siviv pandan tout lavi ou. Sonje lè nou li benefis ki genyen nan Benediksyon Abraram lan ki nan Detewonòm 28:11-13 nan youn nan chapit anvan yo. Se la nou te wè aklè ke viv yon lavi kòm sivivan se pa desten ou! Jis nan ka ou te bliye sa, ann revize li yon lòt fwa ankò.

Seyè a pral ba ou pwosperite agogo, lap beni fwi zantray ou, nan pitit bèt ou yo ak nan rekòt nan tè ou a, nan peyi li te sèman te zansèt ou yo lap ba ou a.

Seyè a pral louvri syèl la, depo byen li a, poul voye lapli sou tè ou a nan sezon lapli, poul beni tout travay ou fè ak men ou yo. Ou pral gen ase pouw prete moun lòt nasyon yo men ou pap prete nan men pesonn. Seyè a pral fè ou tèt, ou pap ke. Si nou fè atansyon ak kòmandman Seyè a, Bondye nou an, ke mwen ban nou jounen jòdi a, epi si nou swiv yo avèk anpil atansyon, nap toujou anlè, nou pap janm anba.

— Detewonòm 28:11-13

voye Drenda sou oseyan an avèk enstriksyon sa yo, “Ou dwe achte yon kay semèn sa a.” Li pral diw se pa konsa mwen konn depanse lajan. Bon moman an se tout bagay. Fwa sa, lajan mwen pa tap patisipe nan okenn lòt pwojè epi kòb sa te disponib pou kay la. Mwen sèten ke te gen anpil moun ki tap gade kay sa epi se te rezon sa ki fè te gen ijans lan. Etonan, pri a pat monte se te menm pri kite nan lis la 2 ane anvan sa lè Drenda te premye wè li an. Mwen kwè ke Bondye te serel pou li!

Men, nou nan pati nan doub pòsyon an nan istwa a. Pandan kay nou an te nan kontra nou tap tann poun enfèmel, nou te resevwa yon apèl nan men manman Drenda. Yo te posede yon kay nan Kanada pandan 32 dènye ane sa yo. Nou te konn ale nan kay sa yon kantite fwa pandan ane pase yo. Kay la te se sou yon zile dwat sou dlo a. An reyalyte, oseyan an se apeprè 30 pye distans dèyè a baz kay la. Paran Drenda yo tap vin pi granmoun epi yo te decide ke yo pat vle kontinye ap pran swen yon kay ki koute anpil epi lwen konsa.

Yo te vin jwenn nou epi yo te mande nou si nou te santi yon enterè poun achte li epi mwen te di non. Paske se te 31 èdtan kondwi distans ak Ohio, epi byenke mwen te renmen andwa sa, mwen jis pat wè li se te yon bon bagay ke mwen pat kapab jwi souvan akòz kantite tan vwayaj la. Alòs, yo te mete kay lan an lis kay yon ajan imobilye, men apre yo te fin metel sou mache a pou 2 lane, pa gen okenn achtè te montre enterè pou li.

Alòs, kounye a, pandan nou tap tann poun anfème kay bò lanmè nou an, yo te rele nou epi eksplike ke yo te eseye vann kay la men se te san siksè epi yo te vle koupe

PA PANSE KE DOUB POSYON AN LIMITE NAN GENYEN 2 NAN YON BAGAY. AN REYALITE, DOUB POSYON AN SE SENPLEMAN GEN PLIS PASE ASE.

pri a nan mwatye si nou te vle achtel epi kenbe li nan fanmi an. Kòm mwen tap panse sou sa, pitit mwen yo te grandi ale nan andwa sa epi se yon bèl andwa tou. Alòs, Drenda ansanm avèk mwen te priye sou li epi nou te di nou ta pran li. Nou te jis gen ase lajan kach nan men poun fè acha a.

Apre tout bagay sa yo, nou te achte yon avyon pou konpayi mwen an ane anvan an, sa kite pèmèt nou rive nan 5 èdtan olye pou n te pase 31 èdtan nan kondwi machin. Sa te pèmèt tout bagay tale pi fasil.

Apre nou te fin peye tou 2 kay yo, mwen te chita nan biwo mwen an yon jou, toudenkou, yon bagay te frapem, “Tann yon minit, sa se doub pòsyon an!” Madanm

mwen tap reve gen yon kay bò lanmè pandan plizyè ane. Kounye a, nan espas 2 mwa, li te jwenn yon kay ki nan pati sid Etazini, ki fè cho nan sezon fredi men ki fè twò cho pou vrèman itilize anpil nan peryòd ete. Men, kay Kanada a se te tanperati a pafè pandan ete men twò frèt nan sezon fredi. Nou te reyalye kounye ke Drenda gen 2 kay, yon kay bò lanmè pou tou 2 sezon yo. Enkwayab. Definitivman nou te di, “Èskew te wè sa?” lè nou 2 fèmèn kontra sa yo. Mwen panse ke wap dakò sa sanble epi gen odè doub pòsyon an! Bèl bagay!

Mwen te sèvi avèk plizyè egzant sou fason sa yo Bondye te pote 2 nan yon bagay pou Drenda ansanm avèk mwen, ke mwen kwè ke Bondye te itilize pou fè nou wè ak lè doub pòsyon an fonksyone. Men, mwen vle asirew ke ou pat panse ke doub pòsyon an limite nan genyen sèlman 2 nan yon bagay. Anreyalite, doub pòsyon an se senpleman gen plis pase ase. Bondye tap itilize egzant sa yo nan fason ki diferan anpil nan yon bagay pou atire atansyon sou doub pòsyon doub an. Alòs, kèlkeswa sa li ye a, genyen li an kantite abondans se doub pòsyon an. Mwen espere ke wap trape reyalye doub pòsyon an ak repo jou repo a. Lavi tèlman etonan nan Wayòm nan! Pandan map ekri chapit sa, mwen chita lakay nou nan Kanada, map gade oseyan an deyò a. Gen goelan ak kana nan lanmè a kap jwe sou rivaj la nan distans 25 pye sèlman de kay la. Gen lapè, pa gen efò, li peye pou, ak yon benediksyon. Mwen nan asiyasyon mwen, map pataje bòn nouvel Wayòm Papa mwen an, yon pitit gason nan kay li, yon sitwayen nan gran Wayòm li an, epi map jwi doub pòsyon an!

Drenda ansanm avèk mwen te kapab ekri anpil istwa sou fason Wayòm Bondye a ak lwa ki gouvènè li yo gen enpak sou lavi nou, osi byen ke plizyè milye moun ki voye nou imèl ak istwa yo pou nou. Jan mwen te gentan pataje sa, ou ka li tout bagay sa yo nan Bib la, men li tèlman enteresan pou wè Bib lan kap jwe devan zyew.

Jis yon ti nòt apa mwen ta renmen ajoute la. Se pa vrèman yon aza mwen poum di moun kijan Bondye te beni Drenda ansanm avèk mwen ak vwayaj nou te fè a. Anpil fwa moun pran bagay sa mal. Pafwa yo ka panse nou gen ògèy oswa nap vante tèt nou. Oswa yo panse ke nou te pran lajan dim yo oswa ofrann yo epi nou te depanse yo nan tèt nou. Tanpri konprann ke Drenda ansanm avèk mwen pa pran okenn lajan nan emisyon televizyon nou an, epi nou pa pran okenn lajan nan vant resous nou yo. Wi, nou jwenn yon salè, nan kous la, nan men legliz nou se pastè a. Men, nou posede biznis ke nou toujou genyen, epi Bondye beni yo. Mwen jis te vle asirew ke ou konnen kè nou nan pataje istwa pèsonèl nou yo. Mwen te santi ke mwen te bezwen diw sa kite rive tout

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouvw a Repo a

bon vre, ak sa Bondye tap anseye nou sou evènman sa yo. Rezilta map pataje avèk nou yo se pa rezilta Gary avèk Drenda Keese; nou pa bon konsa! Non, sa nou te wè ak sa nap jwi se rezilta Papa nou ak Wayòm li an nan lavi nou. Nou pataje istwa sa yo paske nou jis vle ou konnen li! Ey, nou soti nan anyen, epitou pou sèl grenn rezon map ekri liv sa pou ou! Mwen vle ou konnen kijan sa fonksyone pouw ka konprann epi resevwa tout sa Bondye genyen pou ou menm tou.

Konprann ke mwen rayi povrete avèk yon pasyon. 9 ane map viv nan estrès ak laperèz san kanpe se te yon lanfè mtap viv sou tè a, literalman! Mwen espere wap sonje ke repo saba a se pou ou menm ansanm avèk mwen! Nan pwochen chapit la, mwen pral edew konprann kijan pouw pwofite repo Saba a.

Jis yon ti nòt apa nan chapit sa. Kòm mwen jis fin ekri fraz ki anwo a, sekretè mwen an te antre nan biwo mwen an epi li te di gen yon bwat kite rive pou mwen. Mwen te prese louvri epi jwenn 2 bèl fizi. Waw, sa te ankourajem! Se te jis kòm si Bondye tap mete “Amèn” sou sam te fenk sot di a.

Aprè ke liv sa te fin al nan enprimri epi mwen te resevwa premye kamyon liv la, mwen te kontan poum anseye prensip sa yo pou yon premye fwa nan konferans Revolisyon ki tap fèt Atlanta a. Mwen te eksite tou poum te gen yon nouvo liv mwen an bò kotem poum te bay pèp la. Pandan mwen tap pare poum desann nan sal dans lan poum te pale, sekretè mwen te relem epi li di ke mesye kite banm premye zam lan te nan telefòn lan epi li te di li bezwen pale avèk mwen kounyea. Alòs, mwen te rele nan telefòn byen rapid. Li te eksite anpil pandan lap eksplike ke li te jis sot nan biwo UPS la epi li te voye pou mwen 2 lòt zam! Anplis de sa, li te voye yon zam pou Drenda tou, epi paske li te konnen Drenda pat konn al lachas, li te voye \$1,500 dola pou bòdwo. Mwen te choke. Mwen te santi se Bondye ankò kite konfime sam tap fè a epi, nan yon fason, li te dim poum kontinye. Moun yo bezwen konnen bagay sa yo—ke Bondye vle yo konnen an! Antouka, lè mwen rive lakay mwen, mwen te eksite poum louvri bwat la. Drenda ansanm avèk mwen te resevwa pi bèl fizi Browning sou-ak-anba matche mwen pat janm wè anvan sa. Yo tou 2 se te nouvo mak. Mwen te gen tou yon kalib Browning lò semi-otomatik 20 epi aprè sa, nan kous la, Drenda te gen \$1,500 pa li an. Doub pòsyon an!

Ou kapab ap mande tèt ou poukisa tout zam sa yo. Ok, mwen dwe admèt ke gen anpil fizi lachas son bèl bagay, yo pa vann tikras kòb tou, epi mwen te konn poze menm kesyon an. Bondye fèm konnen ke li te voye anpil bèl fizi chas ki koute chè anpil pou

PLIS PASE ASE!

jis kitem wè kijan resous Li yo te gran, ke pwovizyon Li yo depase tout sa mwen te kapab espere epi pi plis pase siviv. Mwen konprann sa! Mwen wè sa!

CHAPIT 10

MISTÈ KI NAN DOUB PÒSYON AN

Koulye a, mwen gentan pale sou kisa repo Saba an ye ak kijan li posib atravè doub pòsyon an. Kesyon ki ta dwe nan tèt ou se, “Kijan poum tape nan doub pòsyon an?” Ok, mwen byen kontan ou mande sa! Pouw jwenn repons kesyon sa, ann tounen nan istwa kote Jezi te bay senk 5,000 gason yo manje ak sèlman 5 pen epi 2 pwason.

Lè sa, li te gentan byen ta nan jounen an, se konsa disip li yo vin jwenn li. “Kote nou ye a lwen anpil,” se sa yo te di, “epi li gentan twò ta. Voye moun yo ale pou yo kapab al nan pwovens ak vilaj ki antouraj la pou yo ka achte yon bagay pou yo manje.”

Men, li te reponn, “Ba yo manje.” Yo dil: “Sa tap pran 8 mwa nan salè yon moun! Èske nou pral depanse tout kòb sa nan achte pen pou nou ba yo manje?”

“Konbyen pen ou genyen?” se sa li te mande. “Ale gade.”

Lè yo te vin konnen, yo te di: “5pen—ak 2 pwason.”

Aprè sa, Jezi mande yo pou yo fè tout pèp la chita an gwoup sou zèb vèt la. Alòs, yo te chita an gwoup santèn ak senkant. Li pran 5 pen yo ak 2 pwason yo, li leve zyel nan syèl la, li di Bondye mèsi, li kase pen yo. Aprè sa, li bay disip li yo pou yo mete yo devan pèp la. Li separe tou 2 pwason yo ba yo tout la. Yo tout te manje, yo te satisfè, epi disip yo te ranmase douz panyen plen moso pen ak pwason. Kantite moun kite manje yo se te senkmil.

— Mak 6:35-44

Byen bonè nou te pale sou istwa sa, men nan pati sa gen kèk gwo endikasyon reyèlman sou doub pòsyon an. Nan istwa a, Jezi te miltipliye pen an ak pwason yo nan

**GEN YON PI BON FASON
POUW VIV KE JIS VIZE
POUW TE SATISFÈ. OU PAP
KAPAB BATI ANPIL BAGAY
AK YON MÒD-PANSE
KOTEW SATISFÈ. VIZYON
AN AP TOUJOU LIMITE NAN
NIVO SATISFAKSYON NOU
KONSANTRE SÈLMAN
JOUNEN JODYA.**

yon fason supernatirèl, epi tout moun te manje jiskaske yo te satisfè. Mwen sipoze te gen anviwon 20,000 moun, enkli fanm ak timoun; epi tout moun sa yo te rive manje gras ak 5 pen epi 2 pwason jiskaske vant tout moun te plen, san mank se te travay Bondye. Poutèt sa, nou kapab selebre Wayòm nan ak fason li te fonksyone. Men, jis wè moun sa yo kite manje se pa tout foto an sa sou

sa kite pase a, epi si ou kanpe la, wap manke doub pòsyon an. Ann fouye yon ti kras pi lwen toujou.

Yo tout te manje, yo te satisfè, epi disip yo te ranmase douz panyen plen moso pen ak pwason. Kantite moun kite manje yo se te senkmil.

Alòs, kisa tèks sa ap di nou la? Apre tout moun te fin satisfè, yo te ranmase 12 panyen plen pen ak moso pwason. Definisyon doub pòsyon an se gen plis pase ase. Ase sinifi ke yo te satisfè, men 12 panyen ki rete apre pèp la te fin satisfè a se te doub pòsyon an, plis pase ase. Tanpri kite diferans sa rezone nan konsyans ou pou yon ti tan. Mwen vle pouw gen yon foto ki klè nan vèsè satisfaksyon doub pòsyon an nan tèt ou. Mwen pap gen tan la poum antre nan pwofondè tout ti detay sou fason Jezi te pote pouvwa Wayòm nan nan sitiasyon sa poul akonpli premye pati istwa sa—5000 moun ki te satisfè. Men, ou ka jwenn tout esplikasyon an nan premye liv seri sa, ki rele *Revolisyon Finansye Paw: Pouvwa Fidelite a.*

Olye de sa, mwen vlew konsantre sou doub pòsyon an, ki debòde, ak kijan sa te rive nan istwa sa. Wi, se yon istwa ki bèl anpil—20,000 moun epi tout te satisfè, waw! Men, gen plis nan Wayòm nan pase jis satisfè, byenke sètènman ou bezwen satisfè anvan ou kapab ale nan abondans lan. Lèw satisfè se gwo bagay, men e demen? Sa map eseye diw la se, si objektif ou se pouw satisfè sèlman, kisa ki pral pase lè ou vin

grangou ankò? Anpil kretyen nan yon eta kote yo satisfè men yo rate doub pòsyon an. Se doub pòsyon kap pote repo saba Bondye a. Lè ou satisfè se sèlman yon ranje ki pap dire. Li pa rezoud pwoblèm pwovizyon an. Konnen wap vin grangou ankò menm si nan moman an ou pa grangou, sa ap louvri yon pòt pou laperèz, sa ki pral lakòz wap kouri nan travay di avèk lide pouw siviv. Non, gen yon pi bon fason pouw viv kew sèlman vize pouw te satisfè. Ou pap ka bati anpil bagay ak yon mod-panse kotew satisfè. Vizyon an ap toujou limite nan nivo satisfaksyon nou konsantre sèlman jounen jodya. Jis gen satisfaksyon kòm yon objektif se toujou yon objektif pouw siviv nan sistèm madichon tè a ak doulè travay di epi swe.

Satisfaksyon se manje pou jounen jodya; doub pòsyon an se bati yon demen!

Kitem baw yon egzanp sou fason kilti a ak pifò legliz la panse. Mande nenpòt moun kòman yo ye onivo finansye epi wap jwenn anpil repons, pwobableman nou pa anfòm. Men, siw jwenn yon bon repons, yon moun ki diw: “Nap byen pase wi,” mande yo, “Ebyen konbyen tan ou te pran pouw peye kay ou a?” Pwobableman yo ka ap gadew nan zye fiks, epi yo di, “Ok, kay mwen an pat fin peye. Mwen te sèlman vle di nou gen ase poun peye tout bòdwo nou yo epi nou gen yon ti lajan nan bank. “Bon bagay!” se saw ou di, “Nap byen pase vre mesye. Dim, èske ou gen plis pase \$10,000 nan bank?” Se vre, pèsonn pa ta sipoze poze kesyon sa, se sam panse, men si ou ta fè sa epi yo ta reponn, yo tap di, “Non, men nou gen \$800.” Seryezman, moun sa yo panse ke yo yap byen pase onivo finansye jis paske yo gen yon bèl machin, yon bèl kay, ak kèk dola nan bank. Yap viv yon mod lavi kote yo satisfè. Men, gen plis toujou! Kijan pou kay ou te fè rive peye pou \$100,000 nan bank, oswa \$500,000 nan bank? Sa se tap yon foto de plis pase ase a nan lavi pou pifò moun. Satisfaksyon son bon bagay epi li nesèsè, men gen 12 panyen pen ak pwason nan gadmanje a se pi plis pase ase, epi gen lapè!

Yon jou mwen te chita ansanm avèk yon kliyan epi mwen tap diskite sou finans li avèl. Pandanm tap revize dèt li yo, mwen remake ke li te gen anviwon \$40,000 dèt kat kredi. Epi pandanm tap gade yo pi byen, mwen remake ke li te gen anviwon \$40,000 lajan kach nan kont kouran li labank. “Joe,” mwen te di, “pa gen okenn tèt cho. Ou gen lajan kach pouw peye 3 kat kredi ou yo nèt. Pousantaj enterè ou sou dèt kat kredi a

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

se 18%, epi to enterè kont chèk ou a se 1%. Peye kat kredi yo ak lajan kach! Men èskew konn yon bagay? Joe te di li pat vle fè sa. Mwen te chita la byen sezi, epi mwen te mandel pouki rezon. Li te di ke gen lajan kach nan kont kouranl fèl santil an sekirite finansyèman ak pi rich. Mwen te jis gadel. “Kisaw vle di, lèw di li fèw santiw rich la? Bagay sa se yon ilizyon. Malgre ke ou gen \$40,000 nan kont kouran ou, an reyalite ou pat gen \$40,000 vre paskew dwe konpayi kat kredi yo \$40,000. Pèsepsyon saw genyen an fo, epitou wap peye anpil lajan paskew kwè yon bagay ki pa verite.”

Nou te pale sou sa pou apeprè inèdtan, epi li pat janm ka konprann poukisa li ta dwe konsidere poul ta mete majorite nan sa ki sou kont kouran li an kont dèt la, bagay ke li te raplem ke li te travay di pou li. Mwen te vin abandone diskisyon an apre yon lòt èdtan epi mwen te ale lakay mwen. Li te twonpel; li pat gen okenn sekirite vre nan eseye kenbe lajan sa nan kont kouran li an. Oh, mwen konnen li te santil bon lè deklarasyon sa te vini nan lapòs epi kite montrel gen \$ 40,000 nan bank. Men, pouw ta jwenn yon foto de ki kotel te ye tout bon vre, li te bezwen louvri bòdwo kat kredi yo tou.

Satisfaksyon se gwo bagay, epitou li ka atirew nan yon fo sans sekirite. Ou bezwen gade wout la yon ti kras epi konnen ke saw sot konsome pap kapab pwodwi pou saw pral gen bezwen yo kèk èdtan apre. Ou pral grangou ankò. Si wap chèche sèlman ranje ki rapid la, satisfaksyon rapid nan pwovizyon, ou pral manke sèl grenn bagay ki kapab chanje laviw tout bon vre a—doub pòsyon an.

Lè nou tout tap grandi nan sistèm finansye madichon sou tè a nan travay di ak swe, bagay kap fè nou mal, nou tap reve yon sèl bagay, kanpe! Mwen te mansyone sa nan youn nan chapit anvan yo. Nou pa tap reve plis travay oswa pou yon lòt opòtinite paske, byen rapid, nou te gentan akable ak lavi epi te jis kenbe jiska pwochen vakans lan rive. Gade byen, esklav pap reve plis travay. Esklav ap reve yon sèl grenn bagay—Vandredi swa, men pa lendi matin. Poukisa? Paske esklav reve yon sèl grenn bagay—kanpe. Tande sa, akable epi “pa ka tann pou yo kanpe a” mòd-panse sa pap janm mennenw ankenn kote. Menmsi yon zanj ta antre nan chanm ou epi li ta diw yon ide ki soti nan men Bondye, mantalitew tap toujou kenbew. Ekri sa nan kayew.

OU DWE GADE SATISFAKSYON KÒM YON BAGAY KI GENTAN PASE POWW KAPAB KAPTIRE DOUB POSYON AN!

Deklarasyon sa se kle doub pòsyon an. Mwen konnen li pap fè anpil sans pou ou

kounye a, men sa ap rive. Poum montrew sa mwen vle di a, mwen envitew fè yon ti gade ankò istwa kote yo te bay 5,000 moun yo manje a nan liv Jan an, olye de liv Mak la. Nan pèspektiv pa Jan nan istwa sa, nou jwenn menm istwa a men avèk kèk detay anplis ke nou pat jwenn nan vèsyon Mak la.

Aprè sa, Jezi pran pen yo, li di Bondye mèsi, li separe bay moun kite chita yo pou kantite fwa ke yo te vle a. Li te fè menm bagay la ak pwason an. Lè yo tout te fin manje ase, li di disip li yo: Ranmase moso ki rete yo. Pa kite anyen gaspiye.’’

— Jan 6:11-12

Nan vèsyon sa nan istwa a, nou wè ke se Jezi kite di disip yo pou yo tal ranmase moso ki rete yo, oswa ti myèt yo, epi yo pat kite anyen gaspiye. Mwen vle ou aprann sa. Li te oblije di yo pou yo te fè sa paske yo pat wè opòtinite a. Mete tèt ou nan plas yo. Ou plen ak satisfaksyon, epi tout sa ou vle fè se kouche ak fon yon ti dòmi. Akoz fòmasyon madichon sou tè a epi mantalite esklavaj nou, lèw satisfè, li lè pouw kanpe. Gade byen, mantalite yon esklav lap travay sèlman lè li oblije travay, epi lè li pa oblije fè sa, lap santi li satisfè, lap kanpe. Jezi te oblije di yo pou yo te rasanble sa ki dwat mete devan zye yo. Ti miyèt yo te gaye toupatou atè a, men yo pat fè efò pou yo te ranmase yo. Men, ankò, nan lespri pa yo, kisa ti miyèt yo te vo de tout fason, men èske se te pou zwazo yo te kite yo?

Jezi tap eseye anseye disip yo yon bagay, yon bagay ki enpòtan anpil anpil. Jezi fè yon kòmantè apre Li te fin di yo pou yo tal ranmase tout moso kite yo, pou yo pat kite anyen gaspiye! Men, kisa pawòl sa vle di menm? Vant tout moun te plen, tout moun te satisfè, epi pèsonn pat bezwen ankò plis pen ak pwason, nan moman an. Men, se nan pati sa nou wè pwoblèm nan—pa gen okenn repo Saba san yo pa ranmase plis pase ou gen bezwen an. Lè Izrayelit yo te ranmase laman nan sizyèm jou a, yo te resevwa dapre enstriksyon ki di pou yo te ranmase plis pase sa yo te gen bezwen. Yo te rasanble plis pase sa yo te gen bezwen nan jou sa te vin pwovizyon pou yo nan setyèm jou a, kise jou repo a. Jezi tap anseye disip li yo pou yo te gade moman satisfaksyon an kòm yon bagay pase epi pou yo gade pito pwovizyon konplè Wayòm nan. Yon lòt fwa ankò, ou pap ka bati anyen avèk santiman kew satisfè, men ou ka bati avèk doub pòsyon an. Satisfaksyon te konsome pen jounen jodya men 12 panyen ki rete yo ba ou opsyon pou demen.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

Men kle prensipap ke mwen vle pouw wè a.

Malgre ke disip yo pat wè ti myèt yo jiskaske Jezi te vin montre yo li, Bondye **te gentan ba vo repo Saba a**, doub pòsyon an. Yo jis pat wè sa. Wayòm nan te gentan bay manje a, li te miltipliye pen ak pwason yo, epi li te bay tout moun sa yo manje—men Wayòm nan te toujou bay doub pòsyon an. Bondye pat janm jis bay pouw te satisfè; **Li ap toujou bay plis pase ase**. Pwoblèm lan se ou ka pa wè sa!

Bay, epi yap ba ou. Yon bon mezi, peze desann, souke ansanm ak kouri depase, pral vide nan janm ou. Paske, mezi ou itilize a, se avèk li yo pral mezire pou ou tou.

— Lik 6:38

Bay epi yap ba ou, byen mezire, peze desann, souke ansanm. Men, se pa la vèsè sa fini. Meziw peze desann lan ak souke ansanm se pwovizyon paw pou jounen jodya. Men, vèsè a kontinye poul di, “epi kouri depaase!” Kouri a se doub pòsyon an. Bondye toujou bay doub pòsyon an, li pa is janm bay ase!!!! Men, si ou pat ko konnen sa, epi grenn lan ap kouri koule desann devanw la, ou kapab jis kitel tonbe nan tè a paske ou te totalman konsantre sou pòsyon satisfaksyon ki devanw lan epiw pat prepare pouw pran abondans lan. Lèw aji konsa, wap echwe nan kenbe epi jwi doub pòsyon an. Men, siw te reyalize kijan Wayòm nan fonksyone, konnen fason pouw antisipe tout pwovizyon yo, ou tap kapab preparew pouw aji epi kenbe tout bagay sa yo ke Bondye bay.

Kite mwen baw yon lòt egzanp.

Simonte te reponn li: Mèt, nou travay di tout nwit lan epi nou pat pran anyen menm. Men, paske Ou dmi fè sa, mwen pral lage nas yo.’’Aprè yo te fin fè sa, yo pran yon kantite pwason kite tèlman anpil ke filè yo te kòmanse chire. Alòs, yo te fè patnè yo siy kite nan lòt kannòt la pou vin ede yo, epi lè yo rive, yo plen 2 bato yo tèlman plen yo te kòmanse koule. Lè Simon Pyè te wè sa, li lage kòl ajenou nan pye Jezi, epi li di: “Ale lwen mwen, Senyè. Mwen se yon moun ki konn fè peche!” Paske, li menm ak tout konpayonl yo te sezi wè kantite pwason yo te pran, ansanm avèk Jak epi Jan, pitit Zebede yo, patnè Simon yo.

— Lik 5:5-10

Sa se yon pati nan istwa nou te li anvan an. Pyè te gen 2 bato kite prèske koule

ak pwason akòz Wayòm nan. Bagay sa te kontrè ak sal te ka konprann sou lapèch epi li te sezi. Men, kisa ki tap rive yon pwochen fwa Jezi te di li: “Ey, Pyè, ale deyò nan lanmè a, epi wap kapab pran otan pwason ou vle”? Ou panse li ta pran 2 bato sèlman? Mwen doute anpil ke se sal tap fè. Li tap rasanble otan bato li te kapab prete nan men zanmil yo. Poukisa? Paske li tap espere yon bagay diferan ak konesans sou fason Wayòm nan fonksyone.

Objektif tout diskisyon sa se asirem kew konprann ke ou pa wè tout pwovizyon Bondye pral voye a. Se vre, anpil fwa pwovizyon an pap vini nan fòm yon ranje bòdwo dola yo. Men, li pral sou fòm lide, randevou diven, ak direksyon Sentespri a menm. Si nou pa prepare ak yon bon konpreyansyon sou doub pòsyon an, nap pase kite yo akòz fòmasyon sivivan nou nan madichon sou tè a.

Nan istwa pen kap miltipliye a, Jezi tap eseye anseye disip li yo kijan Wayòm nan fonksyone, kisa pou yo atann, avèk kisa yo dwe antisipe. Paske mòd-panse esklavaj yo a pat kapab wè potansyèl tout pen sa yo kite kouche la ozalantou an, Li te oblije ap antrene yo kòman pou yo gade: “Kisaw wè? Gade byen! Ou pa wè tout bagay sa yo ke Bondye prepare pou ou.”

Mwen vle fè nou sonje Egzòd 16 pou yon ti moman paske gen yon lòt bagay ankò mwen vle pale sou li.

Chak matin, tout moun te ranmase otan li tap bezwen, epi lè solèy la te vin cho, li te fonn yo. Sou sizyèm jou a, yo te ranmase 2 fwa plis toujou—2 omè pou chak grenn moun—epi chèf kominote yo te vin di Moyiz sa. Li te di yo: “Men sa Seyè a te bay lòd: ‘Demmen se ap yon jou repo, yon jou repo apa pou Seyè a. Alòs, kwit sa ou vle kwit epi bouyi sa ou vle bouyi. Sere tout sa ki rete epi kenbel jouk rive denmen matin.’”

Se konsa, yo te serel jouk rive denmen matin, jan Moyiz te bay lòd la, epi li pat gen move sant ni yo pat jwenn vètè ladanl. Moyiz te di: Manjel jodya, paske jodi a se yon jou repo pou Seyè a. Ou pap jwenn anyen sou tè a jodi a. Nou gen 6 jou poun ranmasel, men sou setyèm jou a, jou repo a, pap genyen.

Men, sou setyèm jou a, kèk nan pèp la te soti al ranmasel, men yo pat jwenn anyen. Lè sa a, Seyè a te di Moyiz: “Kilè wap sispann refize obeyi kòmandman mwen yo ak enstriksyon mwen yo? Kenbe nan tèt ou ke Seyè a te ban nou jou repo a; Se poutèt sa, sou sizyèm jou a, li ba ou pen pou 2 jou. Tout

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

moun va rete kote yo ye a sou setyèm jou a. pèsonn pa dwe soti.” Se konsa pèp la pran repo sou setyèm jou a.

— Egzòd 16:21-30 (laman an)

Jan nou te gentan di sa, se doub pòsyon sa kite fè repo saba a posib. Men, son bèl bagay, byenke Bondye te gentan bay doub pòsyon an nan sizyèm jou a, anpil nan yo te soti al chachèl epi yo pat jwenn anyen nan jou Saba a. Se pa paske Bondye pat fidèl poul te ba yo li. Yo jis pat wè li paske yo pat gen yon bon konpreyansyon sou doub pòsyon an ki te gentan bay dpi nan sizyèm jou a. Yo te ranmase sèlman ase pou yon sèl grenn jou, kòm dabitid. Kounye a, yo te grangou ankò sou setyèm jou a, yo pat jwenn anyen. Petèt nan pèspektiv pa yo Bondye te echwe yo. Men, Bondye pat echwe vre; yo te senpleman pat konnen prensip doub pòsyon an. Si yo te konnen sa, yo tap planifye yon lòt jan.

Konbyen moun jounen jodya kap pwonmennen toupatou nan eseye jwenn kisa yo gen bezwen, san yo pa reyalize ke Bondye te gentan voye? Mwen panse li vrèman enteresan ke nan pasaj sa Bondye te vin fache yo kounyea paske yo pat ranmase ase!!!! Mwen tap poze tèt mwe kesyon kijan yo tap preche bagay sa nan legliz nou yo.

Koulye a, moun ki bay grenn pou moun kap simen an ak pen poun manje tou, li pral bay yon kantite grenn, lap ogmante kantite grenn nou te gentan genyen yo, epi lap baw rekòt ki jis. Ou pral vin rich nan tout fason pouw ka vin renemen bay nan chak okazyon.

— 2 Korentyen 9:10-11

Mesaj Pòl lan klè nan pati sa pandan lap eksplike efè Wayòm Bondye a kòm moun kite vin rich nan tout fason pouw ka renmen bay nan chak okazyon. Zanmi mwen, bagay sa egzije doub pòsyon an. Ou pap ka renmen bay nan chak okazyon siw pa gen plis pase ase.

Nan youn nan chapit yo anva sa, mwen te pataje avèk ou kijan biznis mwen an te pase soti nan yon nivo pwodiksyon 3 a 4 milyon dola chak ane ak youn nan kliyan nou yo pou rive nan plis pase 11 milyon dola chak ane avèk menm kliyan sa. Tout ogmantasyon sa te rive jis nan yon ane. Mwen te di nou tou kijan sa te fè rive, ke Bondye te fèm fè yon rèv nan mitan lannwit epi li te dim kòman poum te fè sa. Men koulye a, mwen bezwen di ou kisa Li te dim nan paske kounye a pawòl sa pral gen sans

pou ou. Nan rèv mwen an, li te senpleman banm 3 mo. Se vre wi, jis 3 grenn mo. 3 mo sa yo te chanje revni mwen pa plizyè santèn milye dola pandan ane sa san mwen pat fè plis maketing oswa piblisite pase mwen te gentan fè. Mwen pat chanje anyen nan fason konpayi an tap fonksyone sof sou tè mwen. 3 mo sa yo te banm enstriksyon poum chanje fasonm tap fè yon bagay pèsònèlman, epi chanjman sa tefè revni biznis lan ak pa nou vin 4 fwa plis. “Kisa 3 mo sa yo ye?” se sa wap mande. Sèlman sa a—Sezi Moman an!

Wi, pwofite moman an. “Sa sèlman? 3grenn mo sa yo kite fè tout bagay sa yo?” Wi, yo menm. Depiw fin konprann ke Bondye TOUJOU voye doub pòsyon an ansanm avèk pwovizyon li an, ou pral konprann sa Li te dim lan.

Konpayi mwen an, tankou tout lòt konpayi lavant yo, fè pwofi yo nan ede lòt moun. Plis yon konpayi ede moun, se plis lajan yo pral fè. Malgre ke sa se laverite, se laverrite to uke gen anpil konpayi kap bay sèvis lavant ki echwe nan satisfè bezwen kliyan yo swa nan swi-vi ak bay kliyan pòv sèvis oswa lè yap manke fè swivi yo epi sekirize nouvo kliyan pou konpayi an. Nan ka pa nou, nou te byen okipe kliyan yo, menm si se pat yon move bagay, pafwa nou konn pat bay repons ki pi rapid kem ta renmen wè pou kliyan nou yo. Pou mwen menm pèsònèlman, mwen travay ak kliyan nan investisman nou yo epi mwen renmen sa. Men, akòz orè mwen an, lè yon kliyan potansyèl pou envestisman rele epi yo remèt mwen kontak sa pèsònèlman, pafwa mwen

konn pa pase apèl sa nan premye 24 èdtan yo. Entansyon mwen yo bon, men mwen jis pat rive fè sa.

SENYÈ A TAP DIM KE ABONDANS, REPO SABA A, TE GENTAN LA, LI TE GENTAN BAY LI. MWEN JIS PAT WÈ SA!

Janw konnen an, lè moun ap poze kesyon, se konpayi an kap bay repons yo ki pral jwenn biznis yo. Pafwa, lèw anreta nan rele yon potansyèl kliyan pou diskite sou

bezwen pèsònèl yo pou investisman, sa ka gentan twò ta. Yo ka gentan rele yon lòt moun kite pi disponib pou reponn kesyon yo a. Gen anpil bagay ki kapab ap mal mache, men solisyon an ta dwe la ak repons yo pou lè moun yo vle konnen.

Alòs, lè Senyè a te banm 3 mo sa yo, mwen te konnen kisa sa te vle di. Mwen te oblije gade bagay yo yon fason ki diferan si mwen ta pral monte nan etap sa, nan 10 pi gwo epi resevwa bonis \$100,000 a. Mwen te oblije sezi moman an! Alòs, mwen te fè yon chanjman nan fason mwen te konn fè bagay sa yo. Mwen te fè yon règ ke si nenpòt

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

moun te relem pou konsèy envestisman, mwen tap tounen rele yo nan yon ti kras tan, si sa posib, epi mwen tap vizite menm moman an. Kliyan mwen yo toupatou nan peyi a epi angajman sa te youn nan angajman ki ta pral difisil poum kenbe. Men, mwen te angajem nan sa. Mwen te rele manadjè konpayi mwen an epi mwen te dil sa Bondye te dim lan epi mwen te dil poul di tout reprezantan mwen yo pou yo gen menm atitid sa pou sezi tout opòtinite lè yo te parèt devan yo. Lè ane a te fini, nou te fè plis pase 11 milyon dola kite nesèsè poun te nan top machann yo. Men, anplis de sa, nou te tou garanti plis biznis ak plizyè milyon pou lòt founisè nou yo.

Men pi gwo revelasyon moman an. Nou pat fè anyen ki diferan men tou senpleman nou te reyaji pi rapid lè nou te gen yon kliyan kite vle pale ansanm avèk nou. Gade, ou wè sa Senyè a tap dim ke abondans lan, repo Saba a, te gentan la, Li te gentan bay li. Mwen jis pat wè sa!

Alòs, pa gen yon lwa Wayòm nan ki gen doub pòsyon sou fason pou yo adopte doub pòsyon an. Doub pòsyon doub an toujou la. Bondye toujou bay nan yon nivo pòsyon ki doub.

BONDYE PAP JANM VOYE PWOVIZYON SÈLMAN POU JOUNEN JODYA. LI TOUJOU VOYE YON DOUB PÒSYON ANSANM AVÈK LI!

Yon lòt fwa ankò, pwoblèm pa nou an se paske nou jis paka wè doub pòsyon an.

Men pi gwo pwoblèm lan se paske nou pat menm rive konnen poun te chache Li!!!!

Mwen renmen sa Jezi te di a: “Pa kite anyen gaspiye!” Se Bondye kite voye tout bagay sa yo, epi li vle pouw genyen yo. Li te fache dèske moun yo tap chèche laman nan setyèm jou an lè li te gentan voyel. Li te raple Moyiz ke li te voyel nan sizyèm jou a pou yo te kapab pranl epi jwi jou repo Saba a. Fondamantalman, li tap di yo: “Saba a pa pou mwen, se pou nou. Se poutèt sa mwen te voye doub pòsyon an pou ou.” Ou ka prèske tande Jezi kap di menm bagay la. “Ey mesye, ranmase ti myèt sa yo, epi pran tout. Bondye te voyel pouw te pranl pouw te kapab jwi doub pòsyon an epi jwenn repo.”

Nan istwa Jezi ki tap bay 5000 moun yo manje ak 5 pen epi 2 pwason, disip yo pat wè ti myèt yo. Yo pat menm chache yo. Men, Jezi te di yo sa pou yo te ranmase yo epi yo pat rate rekòt la. Jounen jodya, Sentespri a dwe ede nou wè satisfaksyon kòm yon bagay pase epi kaptire doub pòsyon doub. Li pral montre nou bagay sa yo ke nou pat wè si nou pral mande li. Kle mwen espere kew te rive aprann jiskaprezan se ke doub pòsyon an doub gentan pou ou; ou jis bezwen pran li.

Paske doub pòsyon an se SÈL echapatwa poun soti nan sistèm madichon tè a nan travay ki bay doulè ak swe, Satan rayi bagay sa. O, petèt li kapab ap eseye konvenk kretyen yo ke si yo jis peye bòdwo yo, travay di nan 2 djòb, yo pral byen pase. Men, yon kretyen ki gen lajan pou sipòte Wayòm Bondye a epi kap viv lib anba perèz ak enkyetid finansye—kounye a se yon moun li vle kanpe. Entansyon Satan se kenbew razè chak jou nan laviw epi kenbew esklav nan yon mòd lavi siviva, mèg kotew pa gen okenn enfliyans. Lajan se enfliyans! Satan ta renmen anpechew jwenn benediksyon Bondye pou asirew. Se poutèt sa bagay mwen pral diw la enpòtan anpil pouw konprann.

Ou Pa kapab wè doub pòsyon an!

Ok, li lè pou nou bay disip yo yon ti repo. Te gen yon rezon ki fè yo pat wè abondans lan. Byen, se vre, jan nou tap di sa a, yo pa tap chèche, men te gen yon lòt faktè tout bon vre. Nòmalmen ou pat ranmase ti miyèt yo! Mwen vle di, nan lespri yo, moso pen yo ak pwason ki te simaye toupatou yo te jis miyèt.

Poukisa pyès monnen Pyè te bezwen poul te peye enpo a te kache nan bouch yon pwason? Ki moun ki tap janm panse poul tal gade la? Ki moun ki tap panse ke 2 bato pechè pwofesyonèl ki tal lapèch pandan tout nwit lan epi ki pat kenbe anyen ta pral trape pi gwo kantite yo pat janm pran nan lavi yo baze sou pawòl yon raben? Ki moun ki tap panse ke fanm sa ki nan 2 Wa 4 la ki pat gen lajan, ki pat gen anyen lakay li, men yon ti gout lwil oliv, epi ki te sou wout poul deklare fayit tap pral gen tout kanpite lwil oliv sa ki ta pral pèmèt li peye tout dèt li yo epi viv lib? Pa gen moun ki tap genyen. Ki moun ki tap panse ke Gary Keese, kite

**ENTANSYON SATAN SE
KENBEW RAZÈ CHAK
JOU NAN LAVIW EPI
KENBEW ESKLAV NAN
YON MÒD LAVI SIVIVAN,
MÈG KOTEW PAP GEN
OKENN ENFLIYANS.**

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwwa Repo a

gradye yon sèl grenn moun nan pati anba nan klas li a, ta dwe yon milyonè jounen jodi a epi pale avèk plizyè milye moun atravè mond lan chak jou? Pyès moun! Nan tout istwa sa yo, Bondye te itilize bagay ke moun patap panse pou chanje sitiyasyon an.

Si abondans, doub pòsyon an te parèt aklè, jis chita deyò pounw ouvri, Satan tap wè sa epi li tap eseye entèsepte li epi vòlè li. Se poutèt sa Bondye pat revele trezò li yo ouvètman. Yo kache. Satan rayi pouw satisfè epi jwi pwovizyon an, men li rayi sa tout bon vre siw antre nan abondans ak repo Saba a.

Kitem montrew yon bagay ou bezwen konprann konsènan fason Bondye ap travay sou tè a.

Non, nou pale de sajès sekre Bondye a, yon sajès kite kache epi ke Bondye te destine pou glwa nou anvan menm tan an te kòmanse. Okenn nan chèf laj sa a pat konprann sa, paske si yo te fè sa, yo pa tap kloure Senyè laglwa a sou kwa a.

— 1 Korentyen 2:7-8

Pasaj sa montre nou aklè ke si Satan ta konnen plan Bondye a, li tap chanje taktik! Se poutèt sa Bondye gen pou travay ankachèt. Satan tap reyaji a nenpòt bagay ki parèt aklè. Pwovizyon abondans paw la pap ka parèt aklè jiskaske ou pral pran oswa rekòlte li pou menm rezon an. Mwen gen yon pawòl ke map di depi kèk ane. Trezò Bondye yo kache, yo pa kache pouw pa wè men Li sere yo pou ou.

Ki kache akòz ou menm pou ou!

Anpil moun dim ke yo swete ke Bondye pa ret tann jiska minwi pou pote repons li yo. Men, zanmi mwen, Bondye pa enève. Li konnen kilèw peye bòdwo a, epi se nan benefis ou ke Bondye pa montre men Li yo twò bonè pou Satan pa entèsepte li.

Mwen pral baw trezò fènwa yo, richès ki sere nan kote sekre, pou ou ka konnen se mwen menm Seyè a, Bondye pèp Izrayèl la, ki relew non nonw.

— Ezayi 45:3

Richès ki estoke nan yon andwa sekre? Ey, sa pi bon pase pi gwo skrip fim Hollywood la. Kitem baw yon egzanp sou fason Bondye te edem pran doub pòsyon an nan lavi biznis mwen an. Kèk ane anvan sa, mwen te chita ap gade deklarasyon pwofi

ak pèt mwen pou ane a pou konpayi sèvis finansye mwen an. Malgre mwen te satisfè—mwen te soti anba dèt epi mwen te gen kèk lajan nan bank—mwen te konnen ke te gen plis toujou. Mwen te wè anpil pwojè mwen te vle finance nan Wayòm nan, anpil bagay poum fè, epi tout bagay sa yo tap koute lajan.

Pandanm tap priye sou sa, Senyè a te kòmanse pale avèk mwen konsènan tèm miyèt yo. Okòmansman, mwen pat konprann sa Li tap di a, men plis mwen tap priye sou sa epi koute li, mwen te jwenn li. Miyèt yo se tankou nan istwa nou sot li a. Yo te konsidere valè yo kòm san valè—swa akòz enèji li tap pran pou kaptire yo ke yo te wè ki pat yo lapenn oswa valè yo te baze sou yon sistèm valè ki pa alamod. Oswa petèt, yon pèsepsyon defo ak limit sou itilizasyon potansyèl yo kite limite konpreyansyon yo genyen sou ogmantasyon posib yo nan valè apati de sa pèsepsyon aktyèl yo te ye.

Mwen sèten ou te tande moun ki tap di sa a anpil fwa, “Sa se jis fason nou te konn toujou fè sa.” Ok, mwen kapab diw ke doub pòsyon an pral petèt pap vini nan fason sa a.

Pandanm tap gade done yo, Bondye te louvri zyem sou anpil ti myèt mwen tap kite sou tab la kem ta dwe ranmase. Youn nan priyorite nou fè ak chak grenn kliyan se fè yon pwofil kontwòl done konplè sou yo poun wè ki lòt byen yo kapab genyen ansanm avèk dèt yo. Lè sa a, nou fè yon analiz pou chèche nenpòt ki lajan nou ta kapab repozisyon nan kèk direksyon poun elimine dèt yo. Se vre, nou lis estati ipotèk aktyèl yo ak to enterè a, ki gen ladan kondisyon ki nan prè a sou fèy done a. Nan epòk sa, nou te tou konseye kliyan nou yo pou jwenn yon liy kredi kont ekite lakay yo pou peye dèt kat kredi to enterè ki wo, konsa jete to enterè nèt yo soti nan yon to tipik 21% nan yon to 6% pandan tan sa. Ekonomi nan manèv sa sove fanmi yo anmwayèn \$500 a \$600 chak mwa nan itilize lajan kach. Lè sitiyasyon sa prezante tèt li, nou ta voye kliyan nou yo tounen nan pwòp bank yo a epi sekirize prè konsolidason an.

Pandanm tap etidye done mwen yo, Sentespri a te montrem pwoblèm ipotèk sa. “Poukisa ou pa okipe travay ipotèk sa?” Kòm mwen tap panse sou sa, pawòl sa te fè sans. Nou te gentan gen konfyans kliyan yo; nou te gentan gen done yo; epi finalman, se yo menm kite sijere pou yo refinance dèt yo anpremye.

Poun okipe bò sa nan biznis lan sa tap mandem pou yo aprann yon nouvo biznis, pase lisans ak klas fòmasyon yo, ak plis toujou. Mwen jis pat gen tan poum fè tout bagay sa yo. Men, pandanm tap kontinye priye sou sa, Senyè a te enpresyonem poum te anboche yon lòt moun poum tabli epi dirije konpayi ipotèk mwen an, epi se sam te fè.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

Nou te fè travay ipotèk yo pou kont nan premye ane sa te pote yon lòt \$160,000 anplis nan revni nèt. Sa son lajan mwen pa tap janm genyen si mwen pat pèmèt Sentespri a montrem yon myèt mwen tap fikse men mwen pat janm wè sa.

Mwen te kontinye ap pran plisti myèt ke Sentespri a tap montrem. Yon ti moso kem tap neglije—ak ide prejije ke mwen te aprann oswa tande nan men lòt moun ki tap dim ke domèn sa mpat merite antre ladanl—te vin yon gwo siksè pou nou. Lè mwen finalman chita epim tap gade li, mwen reyalize ke tout enfòmasyon mwen tap tande nan domèn pwodwi sa pat bon, an reyalite, yon se pozisyon ekselan pou konpayi nou an. Myèt sa aktyèlman pwodwi plis revni pase modèl biznis debaz mwen an, li te pote plizyè milyon dola. Li te literalman yon myèt plizyè milyon dola!

Alòs, kitem fè li vrèman parèt klè pou ou. Doub pòsyon an kaptire atravè revelasyon! Revelasyon se tou senpleman yon bagay ke Sentespri a ap montrew kew pa tap konnen poukont ou. Se konsa, Sentespri a revele oswa louvri zyew nan yon bagay ou menm poukont ou, ou pa tap konnen. Yo rele sa konesans revelasyon.

Revelasyon se kle doub pòsyon an!

Aprè sa, moun yo te mandem, “Kijan pou mwen tande Sentespri a? Kouman map kapab tandel kijan poum kaptire lide kache ak opòtinite sa yo?” Gwo kesyon. Mwen pap gen tan nan liv sa poum apwofondi repons sou kouman pouw tande vwa Bondye. Alòs, mwen pral dirije nou nan yon lòt liv mwen te ekri ki gen tit *Batèm Lespri Sen an*. Ou ka achte li sou Amazon oswa sit entènèt pa nou an. Nan liv sa, wap jwenn plis enfòmasyon konsènan fason Sentespri a travay pou revele plan kache Bondye yo pou nou, pou nou ka pwospere nan domèn tè a, jis anba nen Satan; epi pa gen anyen li ka fè kont sa. Men, pou nou mennenw nan bon direksyon an, an nou gade nan **1 Korentyen 14:2**.

Paske, nenpòt moun ki pale an lang pap pale ak lèzòm, men lap pale avèk Bondye. Vrèman vre, pèsonn pap konprann li; avèk lespril li bay mistè.

Vèsè 4 la di,

Moun ki pale an lang ap edifye tèt pal.

Mo edifye a vle di pote enstriksyon oswa konpreyansyon. Mwen bezwen sa epi

ni ou menm tou. Lè Bib la ap pale la sou pale an lang oswa, jan Pòl dekri li a, lapriyè nan Lespri a, mwen vle ankourajew—kèlkeswa saw te tande sou fonksyon nan Lespri Sen an, kit yon moun ta diw kebagy sa pase mòd ak apot yo oswa ke se nan dyab la sa soti—li Bib ou! Priye nan Lespri a, se senpleman Lespri Sen an kap priye atravè ou nan domèn tè a poul reyalize volontel san dyab la pa konnen sa kap pase a. Priye nan Lespri a se yon gwo kle nan tande revelasyon ki soti nan syèl la, epi mwen ankourajew etidye sam te diw yo. Men, si ou gen kesyon, achte liv mwen an epi mwen konnen li pral edew jwenn yon pi bon konpreyasyon sou bèl fonksyon sa de Lespri Sen an nan lavi nou.

Mwen vle konkli liv sa ak 2 vèsè ki baze sou Ekriti labib yo ki rezime chapit sa.

Koulye a, pou moun ki gen plis pouvwa pase tout sa nou mande oswa imajine, daprè pouvwa li kap nan travay nan nou an, se pou li glwa nan legliz la ak nan Jezi Kris atravè tout jenerasyon, pou tout tan ak pou tout tan! Amèn.

— Efezyen 3:20-21

Ou pap janm kapab mande pou yon bagay kew pat panse ak sa. Kounye a mwen posede 2 avyon, yon avyon ki pi piti ke mwen itilize pou plezi ak lòt avyon an pou biznis mwen ke mwen itilize nenpòt kote mwen prale nan peyi a. Lèm te konsidere achte yon avyon pou biznis lan, mwen te choke parapò ak pri a. Avyon yo pa koute ti kras kòb! Mwen te kòmanse fè bak epim te panse, “Mwen kapab fè san yon avyon biznis. Apre tout bagay sa yo, se anpil lajan.” Men, mwen te konn vole chak semèn ak konpayi avyon komèsyal yo, gen yon mwa mwen te vwayaje 23 fwa. Son bagay kite fatigan. Wi, mwen te kapab di ke mwen te gen pwovizyon. tout vòl mwen yo te peye; pat gen okenn pwoblèm ak lajan poum te peye pou yo. Men, vwayaj mwen yo nan avyon pat lòt bagay ke yon moman repo. Gen nan vòl yo kite anile oswa anreta, epitou se te yon dezòd. Sa se pat repo Saba ke mwen te bezwen an.

Ofinal, mwen admèt ke mwen te limite Bondye. Li se Bondye doub pòsyon an. Drenda ansanm avèk mwen te ezite poun te achte avyon sa pandan plis pase yon lane, mwen regrèt di sa. Finalman, Bondye te atire atansyon nou sou avyon sa epi Li te di nou Li tap eseye fè nou jwenn avyon an sa gentan 2 lane! Nou te repanti epi nou te pran desizyon nou an. Nou simen grenn pa nou pou avyon biznis egzak ke nou te vle ak bezwen an; epi lè nou te fè, nou te gen avyon sa nan 2 mwa. Pandan tan sa, Bondye te ban mwen konesans ak favè ak kèk kontra biznis, epi lajan an te gentan la lè mwen te bezwen li an.

REVOLISYON FINANSYE PAW: Pouwva Repo a

Wi, Bondye se Bondye doub pòsyon an. Èske sa te fè yon diferans? Ok, diferans kite vin genyen nan lavi mwen lè mwen te vin kapab vwayaje nan pwòp avyon mwen an konpare ak lè mwen te konn vwayaje nan avyon komèsyal yo se tap tankou konpare monte bisiklèt oswa kondwi yon machin pouw ale nan yon randevou kew te gen 50 kilomèt distans. Bagay serye! Epitou Bondye tap eseye fè jwenn avyon sa depi 2 lane pandan mwen menm mte jis fokis sou satisfaksyon epi mwen te rete avèg pou doub pòsyon Bondye te gentan bay pou mwen an. Mwen jis te bezwen wè sa.

Ou gendwa ap kondwi yon machin ki tèlman bezwen reparasyon ke wap priye poul estat lèw leve. Sispann gade kont labank ou ki vid epi pran desizyon sivivan ki baze sou sa. Olyew fè sa, kite Bondye nan doub pòsyon doub an montrew ti myèt yo, bagay ki kache yo ke ou bezwen konnen pouw kapab libere epi jwi lapè ak rès repo Saba a. Lap baw plan an epi Lap montrew kijan pouw fèl siw jis mandel sa. Jan Jezi te di a: “Pa kite anyen gaspiye!” Doub pòsyon an te gentan bay pou ou!

Aprè sa, te vin rete yon repo-Saba pou pèp Bondye a; Paske, nenpòt moun ki antre nan repo Bondye a pral gen repo nan travay yo, menm jan Bondye te fè pou tèt pal.

— Ebre 4:9-10

Mwen gen konfyans ke liv sa a te yon benediksyon pou ou epi vwayaj ou ansanm avèk Senyè Jezikris. Jan mwen te gentan di sa nan liv sa, sa se dezyèm liv nan seri ‘‘Revolisyon finansye Paw la’’. Pral gen yon total 5 liv, Alòs kontinye chèche pwochen liv lan sou sit entènèt nou an. Epi tou, konsidere pouw vin yon manm nan Team Revolution, kise pwogram konsèy nou an. Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan Team Revolution an sou sit entènèt nou an tou.

Gary ansanm avèk Drenda Keesee posede epi ap fè fonksyone Forward Financial Group nan New Albany, Ohio.

Gary ansanm avèk Drenda Keesee se pastè Faith Life Church nan New Albany, Ohio.

Pouw jwenn plis resous ke Gary ansanm avèk Drenda Keesee pwodwi, ale sou FaithLifeNow.com, GaryKeesee.com, oswa Drenda.com.

REVOLISYON FINANSYE PAW

Pouvwa Repo a

Èske ou fatige?

Fatige nan kouri kous rat la?

Fatige santiw kole?

Fatige ak enkyetid?

Fatige akoz ou pa gen kè kontan?

Ou pa gen pou wap viv nan fason sa ankò

Vin jwenn Gary Keese se nan vwayaj dekouvèt enkwayab sa, epi APRANN YON NOUVO SISTÈM—sèl grenn ki pral revolisyone lavi ou konplètman, menm jan li te fè sa nan viv yon lavi fatig apre 9 ane byen long, alafen li te vin konnen sa poul fè onivo finansye, fizik, ak emosyonèl.

Chèche konnen:

1. Kouman tout bagay sa yo te rive chanje pou Gary—kouman li te soti nan dezespwa konplè, finansyèman ak fizikman, gen lasante sou tout fòm, peye machin li yo ak lajan kach, bati kay li san ankenn dèt, kòmanse plizyè konpayi, ak anseye plizyè santèn milye moun sou mòd lavi Wayòm nan... sou fason pouw viv yon lavi nan repo.

2. Kouman tout bagay kapab chanje pou OU, tou—kouman OU ka viv yon lavi nan repo. Menmsi tout moun ou konnen ap viv nan fatig ak nan kouri anba anpil difikilte jis pou yo kapab siviv, ou pa gen pouw viv konsa.

Lèw konprann prensip kle repo Saba a, wap kapab wè rezilta reyèl yo nan laviw. Ou ka viv nan yon andwa kote bezwen ou yo satisfè; libere anba kous rat la; lib pouw jwenn epi pwospere nan objektif ou yo ak pasyon ou, kote wap pwospere nan domèn ou tap siviv nan tan pase yo; kote ou pral fè mond lan wè aklè rezilta ki diferan de sa yo konn abitye wè.

Pa rete kole la.

Pa kontinye viv nan fatig. Dekouvri yon nouvo fason pou viv!



Gary Keese se yon otè, oratè, antreprenè, espè finansye, epi yon pastè ki gon pasyon pou ede lòt moun genyen nan via, espesyalman nan domèn sa yo: lafwa, lafanmi, ak finansye. Gary ak madanm li Drenda gentan kreye plizyè biznis kap fè siksè epi yo se fondatè Faith Life Now (Viv Lafwa kounya), ki pwodwi 2 emisyon ki pase nan televizyon “Fikse pwoblem lajan” epi Drenda, bay konferans toupatou nan mond lan, ansanm avèk plizyè resous pratik. Fanmi Keesees a se pastè tou Legliz Viv Lafwa, ki touprè zòn Columbus, Ohio.

P. O. Box 779, New ALBANY, OH 43054

LIFE | garykeese.com